

**Manyèl Gid ak Pwosedi
pou Pèsonèl Sèvis Antretyen nan
Bilding ak Ekipman yo**

Edisyon 2022-23

Konsèy Administrasyon Lekòl Konte Broward, Florida



Paj sa a rete vid pou yon rezon.

Sa Ki nan Manyèl la

Règ ak Responsablite Pwogram FSP	1
Gid pou Developman Pwofesyonèl-Patisipan Developman Pwofesyonèl.....	2
Objektif Debaz Pwogram pou Pèsonèl Sèvis nan Antretyen Bilding ak Ekipman yo	4
Deskripsiyon Djòb La.....	5
Aktivite Travay ak Responsablite Debaz yo	9
Fason pou Travay avèk Tout Moun ki konsène yo	12
Piblik la	12
Administratè yo	13
Pwofesè yo	14
Pèsonèl Sipò	14
Pèsonèl Bilding ak Ekipman yo—Kòlèg Pwofesyonèl yo	15
Elèv yo.....	15
Pwogram Sante ak Sekirite Anplwaye Lekòl Konte Broward yo	17
Pwogram Kalite Lè Andedan	18
Pwosedi Operasyonèl	20
Atik ki Baze nan Lekòl la pou Redui pwoblèm Kalite Lè Andedan a	21
Prekosyon invèsèl.....	22
Enstwiksyon konsènan Twous Netwayaj Annijans.....	23
Sekirite nan Lekòl yo	24
Aksidan ak Chòk	25
Gid Jeneral pou Sekirite	26
Gid pou Sekirite Elektrik	27
Sekirite nan Netwayaj	28
Fason pou Leve Objè Lou san Danje	29
Teknik pou Leve.....	30
Fason pou Evite Tribiche Glisad ak Tonbe	31
Sekirite nan Nechèl	32
Règleman konsènan Premye Sekou	34
Gid konsènan Ekipman yo	36
Konsèy pou Sekirite nan Netwayaj avèk Presyon	39
Gid pou Eliminasyon Sibstans Chimik	40
Pwodui Chimik Nou Itilize nan Lekòl Konte Broward.....	41
Sanitasyon ak Antretyen	44
Pwosedi Netwayaj depi Anwo pou rive Anba	45
Responsablite Jounalye yo	50
Responsablite yo Chak Semèn	51
Responsablite yo Chak Mwa	52
Responsablite Semèstriyèl yo.....	53
Responsablite Anyèl yo.....	53
Lis tout sa ki Nesesè pou Netwayaj	54
Salklas/Koulwa/Biwo Pwosedi Netwayaj	55
Aktivite Travay Chak Jou	56
Aktivite Travay Chak Semèn	57
Aktivite Travay yo Chak Mwa	58
Pwosedi Netwayaj pou Twalèt/Sal Vestyè-Douch/Klinik	59
Twalèt/Sal Vestyè-Douch/Klinik	60
Twalèt/Sal Vestyè-Douch/Klinik : Aktivite Travay Chak Semèn.....	63
Sa pou Fè ak sa pou pa Fè pandan Netwayaj Twalèt yo	65

Fenèt yo	66
Netwayaj Fenèt Deyò	67
Netwayaj Fenèt Andedan	68
Sèvis Manje ak Nitrisyon	69
Kafeterya /Salamanje	70
Enstwiksyon pou Pliye Tab Kafeterya	72
Kuizin	73
Sal Ekstraktè.....	75
Planche yo	76
Pwosedi pou Epirasyon	76
Fason pou pase Mòp sou Planche a.....	78
Degonmaj Planche a.....	79
Fason pou Fè Retouch Planche avèk Siraj	81
Sa pou pa Fè nan Retouch Planche a avèk Lasi	83
Polisaj – Polisaj avèk Gwo Vités	85
Netwayaj Kapèt.....	86
Metòd bonèt.....	87
Metòd Ekstraksyon.....	89
Metòd Wotatif	91
Eliminasyon Tach sou Kapèt.....	92
Deyò Bilding yo	93
Antretyen Deyò	94
Gwo Poubèl yo	95
Pwomnad pou Siveyans.....	96
Jesyon Eliminasyon Bèt Nuizib.....	97
Gid pou Jesyon Eliminasyon Bèt Nuizib.....	98
Fòm Demann Kontwòl Bèt Nuizib.....	99
Orè Aktivite Travay Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo.....	100
Demann Travay Antretyen	101
Sitwèb Itil pou Lekòl Broward yo.....	102
Nimewo Telefòn Enpòtan yo	103
Kesyon pou Diskisyon ak Etid Ka	104
Kesyon	104
Etid Ka	105
Glosè.....	106
Seksyon Referans	111
Sansibilizasyon sou Amyant	112
Planifikasyon pou ijans	113
Rezime Nòm Sekirite Enpòtan yo Pou Anviwònman Lekòl la.....	115
Antretyen Pelouz	116
Lis tout sa ki Nesèsè pou Operasyon Bilding nan.....	118
Opòtinite pou fè Karyè	120
FISH! Fèy Travay	121
Gid Eid Pwogram FSP Debaz	122

RÈG AK RESPONSABLITE PWOGGRAM FSP

1. PREZANS: Patisipan yo p ap jwenn pèmisyon pou rate okenn jou nan nenpòt Pwogram ESP. Nou mande tout patisipan yo pou yo rive nan klas alè epi pou yo rete pandan klas la nèt.

2. PREREKI: Prereki pou tout Pwogram FSP yo se klas Sansibilizasyon sou Amyant and klas sou Kadnasaj/Makaj. Patisipan ki pa kapab montre prèv ki endike yo te pran klas sa yo anvan yo enskri pou Pwogram FSP yo (Debaz, Pwofesyonèl ak Metriz) p ap jwenn pèmisyon pou patisipe. N ap retire moun ki te enskri pou von pwogram, men ki pa t satisfè prereki vo.

3. SEKANS KOU: Ou dwe pran pwogram ki endike anba la yo nan lòd sekansyèl. Men nan lòd ou dwe pran pwogram yo:

1. Pwogram FSP Debaz
2. Pwogram FSP Pwofesyonèl
3. Pwogram FSP Metriz

Si ou enskri pou nenpòt nan pwogram yo epi ou pa t fini pwogram anvan an, n ap retire ou ladan!

4. SESYON PRATIK: pou rezon sekirite, patisipan yo DWE mete rad travay kòrèk ak soulye fèmen ki gen semèl anti-derapan oswa semèl an kawotchou, TOUTAN. Rad travay kòrèk gen ladan yon melanj rad (evite rad ki chire oswa rad ki lache) ak rad ki swiv pratik sekirite kòrèk k ap diminye possiblité pou pran chòk oswa pou fè aksidan nan travay la. Nou mande patisipan yo pou yo vini avèk rad travay kòrèk sou yo chak jou. Si ou pa satisfè egzijans sa a sa ka lakòz nou mande ou pou ale epi pou repran kou a akòz ou pa prepare epi/oswa si ou pa swiv pwosedi sekirite ak sante.

- Soulye ki ouvè, sandal, sandal fant zòtèy ak oswa sabo PA AKSEPTAB DITOU. Soulye yo dwe nan bon eta. Sandal, soulye ki ouvè zòtèy ak soulye tise, pa bay pwoteksyon kont devèsman aksidantèl sibstans chimik kowozif oswa iritan oswa mouvman ekipman yo.
- PADO NOT mete rad ki lache oswa chire akòz possiblité pou ignisyon, absòpsyon sibstans chimik , ak possiblité pou rad la mele nan machin yo.
- PA mete rad lache oswa bijou ki pandye epitou redi nan cheve long yo pou diminye possiblité pou yo mele nan machin yo.
- Ou ta dwe evite gen bag nan dwèt ou oswa lòt bijou sere ou pa retire fasil akòz danje pou likid kowozif oswa iritan yo antre anba pyès la epi lakòz ou gen irritasyon.

5. EVALYASYON: Nou p ap ba ou pèmisyon pou pran poul oswa nou p ap tolere ou fè sa! Si nou kenbe ou k ap pran poul pandan evalyasyon an (premye oswa ratrapaj), n ap mande ou pou kite lokal la epi nou ka sispann ou nan nenpòt Pwogram FSP pou apeprè 6 mwa. Answit, n ap divilge enfòmasyon sa a ba Direktè Lekòl / Sipèvizè ou. Anvan ou pran evalyasyon an, ou dwe kite tout ,materyèl, (nòt, liv, elatriye.) Nan oto ou oswa sou tab ki toupre siveyan an. Men kèk egzanp lè ou pran poul:

- Itilizasyon nòt manyèl, diksyonè ak/oswa teknoloji (telefòn selilè, mont, elatriye.);
- Lè ou pale avèk yon lòt moun pandan evalyasyon an oswa ou gade evalyasyon lòt moun nan
- Lè ou kite sal evalyasyon an san pèmisyon fòmatè a anvan ou fini;

6. REZILTA EVALYASYON: Patisipan yo ta dwe kontakte Kowòdonatè Pwogram nan pou mande rezulta evalyasyon yo. OU DWE KONTAKTE KOWÒDONATÈ PWOGRAM NAN OSWA BIWO LI POU RESEVWA NÒT FINAL EVALYASYON OU (YO)... SI OU PA FÈ SA W AP GEN OBLIGASYON POU PRAN PWOGRAM NAN NÈT ANKÒ SI OU PA T SATISFÈ KONDISYON METRIZ 80%!

7. EVALYASYON RATRAPAJ: Patisipan yo ki pa reyalize yon eskò metriz 80% oswa pi wo nan premye evalyasyon yo , pral resevwa yon (1) okazyon pou repran evalyasyon an anvan 30 jou apre premye evalyasyon yo. Ou dwe fè tout aranjanman avèk èd Kowòdonatè Pwogram nan oswa biwo li office, k ap bay dat (yo) ak lè (yo) pou moun yo patisipe. Si ou pwograme pou vini pou yon evalyasyon ratrapaj epi ou absan, w ap gen pou refè Pwogram nan nèt. P ap gen twazyèm okazyon san ou pa repran pwogram nan.

8. SONDAJ OPINION: Patisipan yo responsab pou reponn kesyonè sondaj opinyon yo sou kou a nan LAB pou yo resevwa kredi nan fòmasyon kontini pou Pwogram nan. Si ou pa reponn kesyonè sondaj opinyon sou kou a pou von klas oswa pwogram anvan dat limit lan sa ap lakòz patisipan an oblige refè pwogram nan/klas la nèt, li p ap resevwa kredi nan fòmasyon kontini oswa li p ap resevwa sipleman pwogram nan. Si ou pa satisfè egzijans sa a, pwogram nan/klas la p ap parèt nan rapò fòmasyon kontini ou pou Distri a. Nenpòt pwogram oswa klas ou pa fini jiskaske ou satisfè egzijans sa a!

Tanpri kontakte Fasilitatè Sèvis ou (lekòl yo) / Organizatè Kou (depatman yo) si ou gen nenpòt kesyon ki gen rapò avèk Learning Across Broward (LAB). Ou ka rele nimewo 754- 321- 5055 pou jwenn asistans.

Gid pou Developman Pwofesyonèl-Patisipan Developman Pwofesyonèl

Tit la: Egzijans yon Patisipan Developman Pwofesyonèl

Definisyon: Yon patisipan ap asiste tout sesyon pwograme yon kou epi l ap satisfè tout egzijans kou a *anvan* dat final kou a, ansanm avèk sondaj opinyon sou kou a nan LEARNING ACROSS BROWARD (LAB).

Responsablite yo:

1. Detèmine bezwen pou developman pwofesyonèl daprè bezwen elèv yo ak bezwen endividyle yo, avèk SIP, PGP ak lòt zouti developman pwofesyonèl.
2. Chèche katalòg kou a pou kou apwopriye yo pou satisfè bezwen yo.
3. Enskri pou swiv kou a oswa si li nesesè, anile enskripsyon an nan LAB.
4. Kontwole kont imèl ou pou mesaj yo konsènan kou yo. Verifye imèl li resevwa a ajou
5. Verifye Dosye Fòmasyon Kontini apre kou li swiv yo fèmen epi omwen chak ane.
6. Rete ajou avèk règleman ak pwosedi developman pwofesyonèl SBBC sou sitwèb Estanda ak Sipò pou Developman Pwofesyonèl (<https://www.browardschools.com/site/Default.aspx?PageID=34537>).

Planifikasyon

- Detèmine bezwen yo pou developman pwofesyonèl.
- Verifye yon imèl valab endike nan kont LAB ou pou ou kapab resevwa avi yo nan imèl.
- Enskri pou kou yo nan Learning Across Broward (LAB).
 - Si ou se yon patisipan deyò , tanpri sonje ou ka gen pou peye frè pou swiv yon kou.
 - Si w ap itilize kredi pou renouvre sètifikasi, verifye si dat kòmansman ak dat finisman kou a tonbe nan peryòd tan apwopriye a.
- Li nenpòt imèl ki konsène “Avi Monitè Fòmasyon Ou” tankou konfirmasyon enskripsiyan ou, anilasyon yo, fèmti kou a, elatriye.
 - Konsève yon kopi tout konfirmasyon avi rezèvasyon epi prepare ou pou vini nan premye sesyon an sou demann fòmatè a, pou verifye enskripsiyan an.
- Si ou pa kapab swiv yon kou pou nenpòt rezon, anile tèt ou nan kou a, omwen twa jou ouvrab anvan dat kòmansman kou a.
 - Si ou bezwen anile enskripsiyan ou nan jou evènman an, ou *dwekontakte Founisè Fòmasyon* an ki endike nan imèl “Avi Founisè Fòmasyon Ou”.
 - Non ak nimewo telefòn moun pou kontakte a disponib nan LAB nan avi enskripsiyan nan kou a.
 - Si nou anile ou nan yon kou, oswa si nou chanje oswa anile yon kou, w ap resevwa yon avi otomatik nan imèl pou sa. Ou responsab pou bay yon kont imèl valab epi pou tcheke bwat resepsyon ou pou mesaj yo konsènan devlopman pwofesyonèl.

Gid pou Developman Pwofesyonèl-Patisipan Developman Pwofesyonèl

Aprantisaj

- Patisipe nan tout sesyon ki pwograme yo
 - Rive alè
 - Siyen non ou nan kòmansman chak sesyon (maten ak apremidi) sou liy siyati fèy prezans Distri a apwouve
 - Prepare ou pou montre prèv idantifikasyon ou ak verifikasiyon enskripsyon ou sou demann fòmatè a.
- Respekte nòm yo nan kou a
- Patisipe yon fason aktif nan tout aktivite kou a
- **Patisipan yo ka jwenn refi pou admisyon si:**
 - Non yo pa enprime sou fèy prezans Distri a apwouve epi yo pa gen konfirmasyon “Avi Founisè Fòmasyon Ou” pou rezèvasyon an nan men yo.
 - Yo rive nan plis pase 15 minit apre lè kòmansman an epi / oswa yo retounen soti nan repo pou pran kolasyon / dine
 - Nou rive nan kantite patisipan ki dwe ap swiv kou a epi ou te resevwa yon avi nan imèl ki fè ou konnen nou mete ou sou lis-datant.
 - Patisipan yo pa satisfè prereki kou a.

Aplikasyon

- Travay avèk fòmatè a, yon kamarad klas, ak/oswa yon monitè jan li nesesè pou asire aplikasyon aprantisaj la okonplè
- Patisipe nan tout sesyon yo jan sa pwouve avèk siyati ou sou fèy prezans (yo).
- Demontre ou gen metriz a 80% nan sèten objektif.
- Fè aktivite aplikasyon yo avèk siksè epi prezante prèv pou sa ba fòmatè a anvan dat fòmatè a detèmine pou fè sa.

Evalyasyon

- Rasanble done pou detèmine efikasite aplikasyon sou pèfòmans elèv yo oswa pèfòmans nan djòb la
 - Itilize done sa yo pou reponn kesyonè Sondaj Opinyon sou Kou a nan LABanvan dat final ki endike nan orè kou a ak nan avi pou enskripsiyan an.

OBJEKTIF DEBAZ PWOGRAM POU PÈSONÈL SÈVIS

ANTRETYEN NAN BILDING AK EKIPMAN YO

Lè patisipan yo fini nan kou sa a, yo pral kapab:

- Aplike pwosedi sekirite yo na operasyon lekòl la/Distri a
- Kominike epi pran kontak yon fason efikas avèk elèv yo, pwofesè yo, administratè yo, paran yo, ak lòt moun ki konsène yo
- Fè aktivite travay epi pran responsablite ki endike nan deskripsyon djòb la (Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo)
- Opere ak antreteni machin ki asosye avèk responsablite yo nan pozisyon an
- Antreteni teren ki toutotou biling yo
- Demontre itilizasyon kòrèk sibstans chimik yo
- Rekonèt diferan ekstenktè yo ak itilizasyon yo
- Rekonèt valè pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo bay pou Distri a
- Eksprime valè travay kòm yon ekip
- Aplike pwosedi sanitasyon ak pwosedi antretyen apwopriye lekòl la ansanm avèk antretyen planche a ak kapèt la nan woutin travay la chak jou.

DESKRIPSYON DJÒB LA

SBBC: NN-009

KONSÈY ADMINISTRASYON LEKÒL KONTE BROWARD, FLORIDA

DESKRIPSYON DJÒB LA

TIT POZISYON: Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo

ANE KONTRA A: Douz Mwa

KATEGORI SALÈ: Barèm Salè Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo

INITE NEGOSYASYON: FOPE-Facilities

**KALIFIKASYON
MINIMÒM:**

EDIKASYON: Receipt of Special Diploma.

EKSPERYANS: YON minimòm de (2) ane Eksperyans travay avèk sikse avèk Lekòl Piblik Konte Broward nan pozisyon pèsonèl èd sèvis Antretyen nan bilding ak ekipman yo. Ou dwe te fè djòb Sèvis Antretyen Debaz nan Bilding ak Ekipman ki gen rapò avèk pwogram fòmasyon yo ofri nan Devlopman Resous Imèn Lekòl Piblik Konte Broward epi ou dwe te resevwa yon sètifikasi pou Sèvis Antretyen Debaz nan Bilding ak Ekipman.

LÒT

EGZIJANS: Ou dwe kapab fè travay debaz Ou dwe kapab opere aparèy pou fè ekonomi mendèv tankou chanpou ak machin pou fwote, aspiratè imid ak sèk, plis lòt ekipman lou Ki fè ekonomi mendèv nan lekòl yo. Ou dwe kapab leve bagay lou, monte nechèl pou ranplase anpoul ak filtè nan ekipman è-kondisyone. Ou dwe kapab swiv enstwiksyon alekri ak aloral nan operasyon netwayaj la ak ekipman yo. Ou dwe kapab travay byen avèk lòt anplwaye yo.

OBLIGATWA konpetans nan enfòmatik obligatwa pou pozisyon an.

OSWA

**PREFERE
KALIFIKASYON:**

EDIKASYON: diplòm Estanda Lekòl Segondè oswa satisfactory patisipasyon avèk satisfaksiyon nan yon Pwogram Tès Developman Edikasyon Jeneral (GED) apwouye.

EKSPERYANS: Eksperyans siplemantè pa obligatwa.

LÒT

EGZIJANS: Ou dwe kapab fè travay debaz. Ou dwe kapab opere aparèy pou fè ekonomi mendèv tankou chanpou ak machin pou fwote, aspiratè imid ak sèk, plis lòt ekipman lou Ki fè ekonomi mendèv nan lekòl yo. Ou dwe kapab leve bagay lou, monte nechèl pou ranplase anpoul ak filtè nan ekipman è-kondisyon. Ou dwe kapab swiv enstwiksyon alekri ak aloral nan operasyon netwayaj la ak ekipman yo. Ou dwe kapab travay byen avèk lòt anplwaye yo.

Ou dwe fè djòb Sèvis Antretyen Debaz nan Bilding ak Ekipman ki gen rapò avèk pwogram fòmasyon yo ofri nan Lekòl Biblik Konte Broward epitou ou dwe resevwa yon sètifica pou Sèvis Antretyen Debaz nan Bilding ak Ekipman Nan limit peryòd pwobasyon travay la.

PREFERE: Nou pito kandida ki bileng yo.

GEN RAPÒ AVÈK:

Direktè Lekòl la/Administratè a oswa moun li deziyen

SIPÈVIZYON:

Pozisyon sa a pa gen responsablite anba sipèvizyon.

OBJEKTIF POZISYON AN:

Fè travay semi-kalifye nan netwayaj entansif tankou pase mòp, fwote, degonmaj, retouch ak lòt aktivite travay asiyen yo; Antreteni pwòprete, lòd, aparans ak bon kondisyon lekòl yo ak biling yo nan yon mannyè responsab ak egzat.

**RESPONSABLITE
PWSEDI YO:**

Direktè lekòl la/administratè a oswa moun li deziyen pral evalye Efikasite pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo chak ane anrapò avèk Pèfòmans sèten responsablite.

RESPONSABLITE PÈFÒMANS DEBAZ:

Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo dwe fè responsablite pèfòmans debaz ki endike anba la yo.

1. Netwaye tout zòn asiyen yo tankou kafetarya, twalèt yo, biwo yo, jimnazyòm nan, koulwa yo, zòn deyò yo, ak lòt kote jan sa pwograme epitou dapre nòm debaz yo.
2. Vide bwat fatra yo ak debri ki nan biwo yo, salklas yo, koulwa yo, atelye reparasyon yo, elatriye; Mennen poubèl yo ak sak konpaktè yo nan gwo poubèl epi elimine yo kòrèkteman.
3. Pase bale, pase mòp , pase aspiratè sou planche yo, sire yo epi netwaye planche yo, miray yo ale yo ak lòt sifas bilding nan.
4. Fè gwo travay tankou retire poubèl fatra yo oswa sak konpaktè yo nan gwo poubèl la.
5. Lave epi dezenfekte evye yo, twalèt yo, douch yo, enstalasyon plonbri ak lòt enstalasyon twalèt/sal-douch epi ranpli rezèv savon, sèvyèt yo, elatriye
6. Monte sou bawo ak nechèl fiks yo pou ranplase limyè floresan yo epi netwaye enstalasyon yo; Retire filtè yo epi netwaye yo.
7. Retire pousyè, siye, lave epi sire mèb yo tankou biwo yo chèz yo, tab yo, klasè yo, tablo yo ak plato yo, elatriye epitou fè travay reparasyon minè.
8. Opere ekipman lou nan degonmaj ak kòlmataj planche yo ki nan jimnazyòm nan ak sou estrad la. Lavaj avèk anpil dlo w ap itilize aspiratè sèk pou prepare planche yo toupatou nan lekòl la/sant la.
9. Ranplase anpoul yo lanp fliyoresan yo, fizib yo, savon ak resipyen sèvyèt yo ak lòt atik ki ize ak diminye yo.
10. Deplase oswa fè transpò mèb yo tankou chèz, klasè yo, biwo yo ekran televizyon yo, elatriye.
11. Chanje filtè è-kondisyone yo you fason woutin epi netwaye bouch ayerasyon yo, jan li nesesè.
12. Antreteni ekipman yo nan yon eta satisfezan depi ou grese pyès yo kòrèkteman, ranplase bwòs wotatif yo, netwaye yo, jan li nesesè, epi estoke yo san pwoblèm epi an sekirite.
13. Resevwa epi bay asistans avèk chajman materyèl, mèb, elatriye epi fè livrezon nan estokaj oswa nan destinasyon kòrèk.
14. Fè sipèvizè konnen materyèl ki nesesè yo. Rekonèt pwoblèm ekipman konstwiksyon, pwoblèm ekipman mekanik ak pwoblèm estriktirèl ki bezwen sèvis oswa antretyen. Fè sipèvizè dirèk ou konnen bezwen yo oswa mande lòd travay antretyen selon enstwiksyon administratè konplèks la.
15. Pratike sekirite toutan epi asire gen yon zòn travay ki an sekirite.
16. Patisipe avèk siksè nan pwogram fòmasyon nou ofri yo pou ogmante ladrès ak konpetans ki gen rapò avèk asiyasyon yo.
17. Egzekite tout pwojè yo nan yon mannyè ki konpetan epi asire bon jan enskripsyon tan an ak materyèl yo.
18. Fè tout travay ki bezwen gwo efò fizik, tankou eskalade, leve bagay lou, redi bagay, elatriye., fè travay ki bezwen kapasite pou leve bagay lou, anmwayèn apeprè senkant-senk (55) liv.
19. Revize devlopman yo nan moman an, dokiman yo ak sous teknik enfòmasyon yo ki gen rapò avèk responsablite djòb la.
20. Asire ou konfòme ou avèk règ ak pwosedi sekirite yo.
21. Fè lòt travay direktè lekòl la/administratè a oswa moun li deziyen egzije.

22. Swiv lwa federal ak lwa leta, menm jan avèk règleman Konsèy Administrasyon Lekòl la.

KONTAK ENPÒTAN YO – frekans, kontak, objektif, ak rezulta final dezire a:

Pifò kontak yo se avèk anplwaye yo ki nan depatman an ki itilize ladrès nan komunikasyon ki mande diplomasi ak koutwazi pou bay oswa pou resevwa Enfòmasyon ki gen rapò dirèk avèk pèfòmans djòb la.

EGZIJANS FIZIK:

Travay lou: ki egzèse apeprè 100 liv fòs pafwa, ak /oswa apeprè 50 liv fòs souvan ak/oswa 10 liv fòs ase souvan ki nesesè pou deplase objè yo.

KONDISYON TRAVAY LA:

Nou dwe peye salè ak avantaj yo yon fason ki konsistan avèk plan konpansasyon Distri a apwouve. Dire ane travay la ak orè travay dwe se menm avèk dire ane Travay ak orè travay Konsèy Administrasyon Lekòl la mete anplas.

KATEGORI TRAVAY SIPLEMANTÈ FLSA:

Djòb la pa egzante nan dispozisyon Lwa sou Prensip Travay san Paspouki konsènan travay travay siplemantè.

EVALYASYON:

N ap evalye pèfòmans lan annakò avèk Règleman Konsèy.

Administrasyon Apwouve: 20 desanm 1984 epi

Adopte: 8 janvye 1985

Revize: 17 novanm 1992 epi

Adopte: 1 desanm 1992

Revize: 20 avril 1993 epi

Adopte: 4 me 1993

Administrasyon Apwouve: 21 janvye 1997 epi

Adopte: 18 fevriye 1997

Konsèy Administrasyon an Adopte: 16 desanm 2003

Revize: 7 out 2006

Revize: 27 fevriye 2009

Administrasyon Apwouve: 3 novanm 2015

Konsèy Administrasyon an Adopte: 8 desanm 2015

AKTIVITE TRAVAY AK RESPONSABLITE DEBAZ YO

*“Edike elèv yo jodi a pou yo gen siksè nan monn demen an”. – **Deskripsiyon Vizyon Lekòl Biblik Konte Broward***

*“Lekòl Biblik Konte Broward (BCPS) angaje pou edike tout elèv yo pou yo rive nan pi bon .nivo yo ”. - **Deskripsiyon Misyon Lekòl Biblik Konte Broward***

Bon swen debaz se yon pati ki nesesè pou reyalize misyon prensipal lekòl la - - ki se edike tout elèv yo. Gadyen yo sipòte misyon sa a nan anpil fason:

- Jesyon yon gwo envestisman kontribiyab yo nan biling ak ekipman lekòl la.
- Kenbe depans antretyen biling nan ba lè yo ogmante ekonomi ak efikasite antretyen an.
- Antreteni yon anviwònman aprantisaj ki san danje ak bon pou sante, sitou nan sipòte règleman yo ki endike nan Egzijans pou Ekipman Edikatif (Requirements for Educational Facilities, SREF).
- Ankouraje “fyète” andedan biling lekòl la ak kominate ki toutotou li.
- Ogmante repitasyon pwofesyonèl tout gadyen yo lè yo montre yo responsab ak konpetan.

Pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman jwe yon wòl ki enpòtan anpil nan operasyon efikas biling ak ekipman lekòl nou yo. Biling modèn yo bezwen ekipman modèn pwodui sibstans chimik ak teknik netwayaj ki fèt avèk yon moun ki antrene byen pou kenbe lekòl la sanitè ak nan kondisyon operasyon ki san danje.

Travay yon manm pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo se yon travay ki konplèks akòz anpil kalite aktivite travay ak responsablite diferan yo genyen nan anviwònman edikasyonèl jodi a. Pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo dwe gen konpetans teknik, yo dwe kapab travay byen nan yon mendèv divès epitou yo dwe satisfè demann yo nan yon anviwònman edikasyonèl k ap chanje san rete. Lekòl yo te kòmanse nan “ti kay lekòl wouj la” pou rive nan biling ak ekipman konplèks, pou sèvi popilasyon granmoun ak timoun yo nan kominate a.

Nou te mete gid ak pwosedi yo anplas nan ,manyèl sa a pou ede pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo bay sèvis yo nan yon nivo k ap pèmèt elèv yo ak ekip la aprann ak travay nan yon anviwònman k ap amelyore pwogram ansèyman lekòl la. Pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo pral:

- Bay yon anviwònman ki san danje epi ki sanitè
- Prevwa pwoteksyon biling yo ak ekipman yo pou facilite itilizasyon maksimòm resous yo

- Prevwa operasyon efikas ak ekonomik biling yo ak ekipman yo
- Travay pou pwodui yon aparans k ap ankouraje fyète kominate a epi k ap sipòte bon relasyon piblik.

Paske anpil faktè afekte djòb yon manm pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman, manm pèsonèl dwe byen òganize nan apwòch pou fè travay li. Lè gen yon mank òganizasyon, tan ak materyèl yo gaspiye souvan. Sa vle di yon manm pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman ta dwe travay dapre yon orè, ki ekri an detay.

Orè travay la ta dwe montre yon estrikti travay annòd avèk fleksibilite pou satisfè sitiyasyon espesyal nou pa kapab prevwa. Itilizasyon yon orè travay gen yon kantite avantaj. Yon orè travay pèmèt manm pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo travay nan yon mannyè ki òdone ak efikas. Nou kapab itilize orè travay la kòm yon lis tout sa ki nesesè pou enspeksyon. Yon orè travay kapab sèvi kòm yon fèy enstwiksyon pou ranplase pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo epi ede nan oryantasyon nouvo pèsonèl la.

Wòl pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo nan lekòl yo jodi a chanje jodi a pou soti nan yon pòs gadyen pou vin yon wòl pi pwofesyonèl. Manm pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekip man yo gen responsablite pou yon anviwònman ki sanitè ak san danje pou timoun yo aprann, alòske administratè a ak ekip la responsab pou bay asistans ak enstwiksyon pou timoun yo aprann. Patenarya ant pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo ak administrasyon an se yon eleman ki enpòtan anpil nan lekòl yo jodi epi li montre chanjman imaj ak wòl manm pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo.

Gen anpil tit diferan nou itilize pou djòb “pran swen” yon sant lekòl, biling yo ak mèb yo. Nou ka rele pwofesyonèl yo ki nan domèn sa a pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo, pèsonèl sèvis nan biling, konsyèj, gadyen oswa ekip netwayaj. Men tèm ki pi aksepte a se custodian (gadyen). Pwofesyonèl sa yo gen “responsablite” biling lekòl la. Sa vle di, yo responsab pou antreteni lekòl la. Jan sa diskite annapre, responsablite sa yo kouvri anpil zòn nan anviwònman lekòl la. Men sa ki konsène nan gadyenaj yon lekòl:

1. Antretyen fizik pwopriyete lekòl la, tankou biling yo ak teren yo.
2. Aksyon emosyonèl ak aksyon mantal tankou fè atansyon nan sekirite epi gen fyète nan djòb la.
3. Relasyon pèsonèl ant gadyen yo ak lòt moun ki konsène avèk lekòl la.
4. Prepare lekòl la pou pwochen jou a, epi bay yon anviwònman ki pwòp, san danje ak sanitè pou timoun yo aprann.

Vrè fonksyon ak aktivite travay chak gadyen lekòl la tonbe nan kat (4) domèn jeneral sa yo; men, sèten detay djòb la pral diferan pou chak distri ak chak sant lekòl. Bezwen chak sant, anviwònman fizik (tankou plan biling yo ak ekipman yo ak materyèl biling nou itilize yo), epitou règleman Distri a kapab afekte tout wòl gadyen an. Sa fè djòb gadyen an vin yon defi ki toujou ap chanje.

Pifò manm piblik jeneral la ak anpil moun ki nan anviwònman lekòl la gen sèlman yon lide vag sou kalite travay gadyen lekòl yo fè. Konsa, anvan yo vin gen eksperyans anpil travayè konsyèj yo pa prevwa anpil kalite aktivite travay yo ka pètèt mande pou travayè sa yo ranpli.

Yon lis ki gen yon pati nan travay adyen yo:

Bilding:

Pousyè
Antretyen twalèt
Netwayaj miray yo, fenèt yo, plafon yo, mèb yo
Prevansyon maladi
Antretyen zòn ki gen manje

Planche yo:

Pase bale
Deegonmajmaj
Retouch
Fwote
Dezenfeksyon
Pase mòp

Lòt kalite travay:

Estokaj Ekipman Levaj
Sekirite
Jesyon fatra
Gwo ijans ak ijans minè nan sant lan tankou inondasyon, domaj tanpèt, devèsman likid ak anpil lòt travay

Nòmalman, se pa chak lekòl k ap mande chak gadyen pou fè tout travay yo. Men pandan pwosesis yon karyè yon gadyen ka gen pou fè pifò nan travay sa yo...ak plis lòt. Varyete travay ki ka obligatwa pou yon gadyen fè lakòz li difisil pou nou defini djòb gadyen an.

FASON POU TRAVAY AVÈK TOUT MOUN KI

KONSÈNE YO

Gen diferan kalite moun, ki konsène nan yon varyete aktivite, nan chak sitiyasyon lekòl. Gadyen an dwe byen konnen fason sèvis konsyèj yo afekte chak gwoup ak chak moun. Answit, li nesesè pou reyalize fason diferan gwoup yo ak moun yo afekte djòb gadyen an.

Pafwa lòt moun yo blye sa yo fè lakòz djòb gadyen an vin pi fasil oswa pi difisil. Gadyen yo dwe sonje travay yo fèt souvan lè lòt moun pa bòkote yo. Vye dikton konsènan relasyon pèsonèl “sa ki lwen zye, lwen kè a tou”, aplike pou sèvis konsyèj yo tou. Lè pwofesè boza kite penti oswa ajil tonbe sou planche salklas la, lè elèv yo kite moso sèvyèt twalèt imid nan tout lavabo twalèt yo, anpil ladan yo pa panse anyen konsènan gadyen k ap netwaye dega yo. Yon fason resipwòk, gadyen yo dwe reflechi tou sou deranjman yo lakòz pou lòt moun yo lè, pa egzanp, pa gen savon nan distribitè a nan lavabo a. Yon bon gadyen non sèlman ap fè djòb li byen, men tout l ap reflechi sou fason aktivite travay li yo entè-aji avèk tout lòt aktivite yo nan lekòl la.

Youn nan p=kontribisyon prensipal gadyen an fè pou entè-relasyon nan lekòl la se konfò fizik tout moun ki nan biling lekòl la. Si biling lekòl la cho, elèv yo ak anplwaye yo ta ka ankòlè fasil epi yo ka vin enpasyan. Biling ki sa l yo gen tandans pou lakòz moun k ap itilize yo pa kontan ak difisil. Enstalasyon kraze yo nuizib pou moun k ap itilize biling yo epi pètèt lakòz moun sa yo vin pa gen respè pou lekòl ak moun yo ki ladan. Si gadyen an evite pwoblèm sa yo, li kapab kontribiye nan amelyorasyon atitud ak moral lòt moun yo nan lekòl la.

Li bon pou konnen ak konprann kèk nan patikilarite ak karakteristik gadyen dezirab kla k ap ede yon moun fè yon djòb byen. Sa yo se kèk faktè nou itilize pou anboche nou vo manm pèsonèl la, epi pou evalye pèfòmans djòb gadyen yo.

Piblik La

Moun ki pa konsène nan lekòl la oswa “piblik la” gen ladan paran yo, vizitè yo nan lekòl la ak kominate a nèt. Pafwa moun sa yo pran kontak dirèk avèk gadyen an. Aksyon gadyen an fè yo afekte piblik la yon fason endirèk.

Yon gadyen rankontre anpil moun pandan l ap fè aktivite travay li. Yon paran ka mande li direksyon; Yon moun k ap fè livrezon ka depoze materyèl yo; Yon ofisyèl piblik ka vini pou yon seremoni rekompans oswa pou fè yon vizit. Aparans biling lekòl la ak fason gadyen an pran kontak avèk moun sa yo kapab kreye swa yon bon oswa move empresyon. Si lekòl la atraktif epi si li parèt byen antreteni, repitasyon lekòl la pral amelyore lè anplwaye biling yo demonstre efikasite nan antreteni yon anviwònman aprantisaj ki atraktif ak san danje. Relasyon ant gadyen an ak piblik la se souvan yon ka “do unto others” (trete lòt moun menm jan ou ta vle pou yo trete ou). Tankou nan tout relasyon avèk lòt moun, si ou montre ou gen koutwazi epi ou sèvyabilite anjeneral w ap resevwa koutwazi ak sèvyabilite anretou. Men, enpolités pa ta dwe retounen. Gadyen an gen yon responsablite pou aji kòm yon ajan relasyon piblik ak yon

reprézantan diy nan lekòl la. Yon lòt kote, gadyen an ta dwe pwoteje kont rankont ki bay distraksyon yo ak rankont anbarasan yo avèk publik la tou.

Tout vizitè yo ta dwe la pou yon sèten objektif. Chak sant ta dwe gen yon ansanm règleman pou koresponn avèk moun ki pa fè pati nan lekòl la, kèlkeswa objektif yo nan lakou lekòl la. Sa gen ladan paran yo, entri yo, ofisyè lapolis, manm laprès ak lòt gwoup espesyal. Anplwaye gadyenaj yo ta dwe konnen règleman sa a ak ki wòl yo la pou jwe nan koresponn avèk kalite vizitè sa yo. Administratè lekòl yo ta dwe konnen prezans kalite vizitè sa yo, epi l ap pi byen kapab fè aksyon kòmsadwa.

Li souvan enposib pou deside nan aparans yo si yon vizitè sou yon biznis legal. Yon bon “règ-dò” pou gadyen ki rankontre yon vizitè se parèt yon fason amikal, men pa pou eseye angaje vizitè yo nan konvèrsasyon. Gadyen an gen yon pozisyon inik pou remake moun ki pa otorize pou yo nan lakou lekòl la. Règleman Distri a/lekòl la ta dwe bay konsèy pou kalite rankont sa yo, sitou lè sanble kèk sikonsans sispek. Règleman an p ap janm gen yon bon jijman ak fleksibilité ladan, men li ta dwe bay yon baz pou fè bon jijman. Li ta dwe evidan pou tout anplwaye, gadyen yo oswa lòt anplwaye yo dekoraje pou kite zanmi yo, manm fanmi yo vini nan espas travay la pou rezon ki pa enpòtan.

Administratè yo

Responsabilite final pou antretyen biling lekòl la repoze avèk administratè lekòl yo. Anjeneral, yo se moun ki dwe asire anplwaye gadyenaj yo antrene kòrèkteman, byen ekipe ak sipòte nan tout aktivite djòb la. Nan pifò ka yo, sa vle di direktè lekòl la, sipèvizè biling lan, oswa yon pozisyon sanblab se moun ki gen kontwòl final sou gadyen an.

“Chèn Kòmannman an”, ki gen ladan tout otorite sipèvizyon kòmanse depi nan administratè a pou rive nan chèf ekip yo oswa lòt sipèvizè yo pou gadyen an. Lòt pèsonèl lekòl la tankou pwofesè yo, èd pwofesè, ak travayè nan sèvis manje, pa gen otorite sipèvizyon sou gadyen yo. Administratè lekòl yo ta dwe sipòte anplwaye biling yo nan tout aktivite travay yo ki gen ladan:

- Bay fòmasyon kòrèk, materyèl apwopriye, ak ekipman nesesè pou aktivite travay gadyenaj ki asiyen yo
- Ede gadyen an nan koresponn avèk lòt moun, tankou pwoteje gadyen an kont demann travay ki pa rezonab yo
- Kontwole travay gadyenaj la, asire lekòl la konfòme li avèk règleman to

Poutèt sa, gadyen an responsab pou administratè a pou:

- Fè travay yo byen, san gaspiye tan oswa materyèl (pou fè “yon travay onèt nan jounen an”)
- Swiv tout règleman ak règ ki gen rapò avèk anplwaye lekòl la

- Monte atitud kòrèk nan relasyon avèk lòt moun yo nan lekòl la
- Fè administratè yo konnen difikilte ak bezwen yo ki konsène nan travay gadyenaj la

Pifò administratè lekòl yo byen konnen fason yon bon gadyen kapab enpòtan. Bon komunikasyon ak efò administratè yo ak anplwaye biling yo ap ede satisfè objektif lekòl la.

Pwofesè yo

Gadyen yo gen kontak avèk pèsonèl ansèyman an nan lekòl la souvan. Pwofesè yo souvan gadyen an pou fè travay sanzatann oswa travay annijans. Itilizasyon pètèt pi gwo kantite komodite ak ekipman lekòl la pandan jounen an. Gadyen an ap fè anpil efò pou amelyore pwosesis aprantisaj la, lè yo bay yon anviwònman san danje epi ki bon pou sante. Sa fè aktivite gadyen an vin enpòtan anpil pou pèsonèl ansèyman an.

Kontak nan de sans ant pwofesè yo ak gadyen yo kapab fè djòb youn pi fasil oswa pi difisil pou lòt. Li enpòtan pou gadyen an konprann pozisyon ak pwendvi pwofesè a. Li enpòtan tou pou gadyen an ede pèsonèl ansèyman an konprann domèn bon jan responsablite gadyenaj la.

Pwofesè yo gen dwa pou espere jwenn bon kondisyon travay, kote responsablite prensipal yo, ki se *edike elèv yo* vin posib. Yo ta dwe kapab espere anplwaye gadyenaj yo bay yo èd kèlkeswa lè evènman iregilye fè li nesesè. Poutèt sa yo ta dwe rekonèt gadyen an ak anpil lòt moun ap mande sipò gadyenaj. Yon gadyen pwofesyonèl ap fè efò pou montre li gen volonte ak fleksibilité pou bezwen pèsonèl ansèyman an. Anmenmtan li ta dwe (nan yon mannyè amizan) ede pwofesè a konprann sa gadyen an kapab ak pa kapab fè.

Pa egzanp, yon pwofesè ta dwe kapab jwenn salklas la toujou pwòp epi gen materyèl kòrèk pou kòmansman jounen an. Pwofesè yo ta dwe kapab mande yon gadyen sizoka gen aksidan devèsman ki bezwen atansyon pwofesyonèl. Gadyen yo ta dwe reponn pou bezwen annijans imedyatman li posib. Si pwofesè yo mande gadyen an pou fè yon travay ki pa annamoni avèk responsablite gadyenaj li yo, gadyen an ta dwe nan yon mannyè amizan montre pwofesè yo eleman sa a epi ofri pou ede yo jwenn yon lòt mwayen. Pa egzanp, si pwofesè a mande yon gadyen pou sipèvize klas la “pandan li soti deyò pou yon minit”, gadyen an ta dwe di konsa, “mwen regrett sa, mwen pa gen pèmisyon pou fè sa. Èske mwen ka rele biwo a oswa èske mwen ka ale deyò pou ou?” avèk respè youn pou lòt ak efò ekip , akonplisman menm objektif yo kapab reyalize.

Pèsonèl Sipò

Gen anpil lòt anplwaye nan lekòl la yon gadyen rankontre nan djòb la. Nan kè ka ak nan kèk lekòl gen lòt anplwaye ki pataje kèk aktivite travay gadyenaj oswa ki fè menm aktivite travay yo, pa egzanp pèsonèl sèvis antretyen oswa travayè ki nan sèvis manje. Gen anpil lòt anplwaye ki resevwa avantaj antretyen gadyenaj la men ki gen yon ti kontak dirèk avèk gadyen yo, tankou sekretè yo oswa konseye yo. Kèlkeswa nan pozisyon yon anplwaye travay yon gadyen pwofesyonèl ta dwe konsidere fason aksyon anplwaye a afekte aktivite travay gadyenaj la akfason aksyon gadyen yo afekte lòt djòb yo.

Pèsonèl Bilding ak Ekipman yo– Kòlèg Pwofesyonèl yo

Nan pifò sitiyasyon yo nan lekòl la, gadyen an se manm yon gwoup ki gen menm responsabilite gadyenaj yo. Nan pifò ka yo , sa vle di gen administratè, sipèviziè, kamarad travay, epi pafwa sibaltèn. Chak gadyen ta dwe konnen fason aksyon li yo (ak atitud li yo) afekte moun ki se siperyè yerachik li, moun ki nan menm nivo avèk li ak moun li kontwole yo. Gadyen an ta dwe rekonèt tou fason pwòp travay li afekte anretou.

Sipèviziè yo konsidere souvan kòm “patwon”. Pafwa gen move relasyon ki devlope kote yon gadyen konsidere patwon an kòm lennmi. Men yon relasyon pwofesyonèl se yon relasyon kote sipèviziè a konsidere djòb li kòm yon djòb pou ede sibaltèn yo fè djòb pa yo kòrèkteman. Gadyen an ta dwe rekonèt kèk difikilte sipèviziè a genyen. Poutèt sa, sipèviziè a ta dwe rekonèt sipèvizon vle di “ede” menm jan avèk “jere/travay avèk lòt moun”. Dwe gen respè ak apresyasyon youn pou lòt nan toulède sans yon relasyon travay.

Kamarad travay yo dwe sonje y ap travay ansanm. Chak manm yon ekip gen menm enpòtans avèk chak lòt manm. (Sa vrè pou sipèviziè yo ak sibaltèn yo tou.) Pasyon, apresyasyon efò chak lòt, ak yon volonte pou pataje fado yo ak/oswa lwanj pou fason yon djòb fèt ka fè sitiyasyon travay la gen plis rekompans. Kritike, plenyen, oswa fè repwòch youn pou lòt p ap reyalize anyen. Efò yon gwoup, avèk èd sipèviziè a, si li nesesè, se fason pwofesyonèl pou rezoud nenpòt pwoblèm ki ka genyen. Nan yon fason ki pi espesyal, yon pwofesyonèl ap eseye evite lakòz kamarad travay li yo gen move min devan lòt yo.

Sipèviziè yo ta dwe sonje sa ki te endike anwo a, konsènan “ede” ak “jere” tou. Nan koresponn avèk sibaltèn yo, rekonèt chak moun gen bezwen espesyal kòm yon kreyati imen. Chak gadyen ta dwe resevwa oryantasyon, fòmasyon ak sipò pandan travay jounalye nan yon fason tankou pou pèmèt akonplisman pèsonèl ak reyalizasyon bon jan antretyen nan sant lan. Ka gen konfli pèsonalite ant anplwaye yo nan nenpòt nivo epi anplwaye yo pa dwe kite konfli sa yo afekte sitiyasyon travay la. Yon atitud ak apwòch pwofesyonèl pou yon pwoblèm konsa kapab pèmèt tout anplwaye yo travay ansanm yon fason efikas.

Pifò travayè yo vle plis avantaj nan djòb la pase yon chèk peman sèlman. Tout moun yo motive plis avèk bagay tankou santiman ki endike yo se manm yon gwoup epi y ap grandi kòm moun. Yon bon sipèviziè gadyenaj ap rekonèt gen plis bagay nan sipèvizon pase pou asire travay yo fèt. Si yo trete sibaltèn yo byen epi yo ede yo konprann tout faktè ki antre nan djòb travayè a ak nan djòb sipèviziè , efò yon ekip pral vin pi efikas ak pi amizan.

Elèv yo

Relasyon ant gadyen an elèv yo kapab difisil ak enteresan anpil tou. Nan ka grav yo, gadyen kapab konsidere elèv yo kòm moun “ki dezòdone” epi k ap kreye pwoblèm. Nan pi bon ka yo, gadyen an kapab konsidere elèv yo kòm yon modèl ak pwofesyonèl chalere akonpli. Gadyen an ta dwe trete elèv tout laj avèk pasyans, konpreyansyon, enterè, ak respè. Gadyen an ta dwe espere menm tretman an anretou. Si gadyen an trase yon bon egzanp epi si li asire biling ak ekipman lekòl la pwòp ak nan bon reparasyon, li kapab fè anpil poui kreye yon bon atitud elèv yo epi evite zak vandalis.

Elèv yo se rezon pou egzistans nenpòt lekòl. Poutèt sa, pèsonèl biling yo ak ekipman yo ta dwe bay sèvis ki sipòte aktivite elèv yo, menmsi aktivite yo pa gen rapò dirèk avèk elèv yo.

Dapre Atik 10-RR, nan Biling yo ak Ekipman yo / Akò ki Soti nan Negosyasyon ant Patwon ak Travayè Antretyen, RR. FACILITIES – STUDENTS: Manm inite negosyasyon pou travay nan biling yo ak ekipman yo pa dwe jwenn asiyasyon travay pou sipèvize elèv yo.

PWOGRAM SANTE AK SEKIRITE ANPLWAYE

LEKÒL KONTE BROWARD YO

Angajman ak Patisipasyon Direksyon

A. Deskripsyon Misyon

“Direksyon Administrasyon Lekòl Konte Broward, Florida angaje pou bay anplwaye yo yon espas travay ki san danje epi ki bon pou sante”.

Règleman òganizasyonèl la egzije anplwaye yo pou rapòte kondisyon danjere yo epi pou yo pa fè aktivite travay si travay la konsidere danjere. Anplwaye yo dwe rapòte tout aksidan chòk ak kondisyon danjere yo ba sipèviziè yo san laperèz oswa vanjans yon sipèviziè, sinksyon oswa lòt demotivasyon.

Direksyon an dwe bay pi gwo priyore pou demann anplwaye yo fè pou amelyore sekirite a. Direksyon an ap bay resous finansye pou nenpòt demann rezonab pou sekirite. Nan yon mannyè sanblab, direksyon an ap swiv pwosedi disiplinè pou vyolasyon ki fêt espre oswa ki repete nan règ sekirite espas travay la. Pwosedi sa yo ka gen ladan yo reprimand aloral oswa reprimand alekri. Vyolasyon ki lakòz domaj, chòk oswa lanmò ka fè gen aksyon disiplinè, ki finalman kapab mennen nan revokasyon anplwaye a.

Deskripsyon misyon sa a sèvi pou eksprime angajman ak patisipasyon Distri a nan pwoteksyon sekirite ak sante anplwaye yo. Nou pral mete pwogram sekirite a anplas kòm nòm pratik pou Distri sa a. Konfòmite avèk règ sekirite espas travay la pral vin obligatwa pou tout anplwaye yo kòm yon kondisyon travay.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte Depatman Sekirite a nan nimewo 754-321-4200.

Pwogram Kalite Lè a Andedan

Enfòmasyon Jeneral

Enkyetid pou Kalite Lè a Andedan (Air Quality, IAQ) concerns nan yon lekòl kapab delika epi sa pa toujou lakòz konsekans yo rekonèt sou sante, byennèt, oswa enstalasyon fizik la. Kalite Lè Andedan se yon enkyetid pou tout moun ki nan biling lan, epitou anpil bagay lakòz move Kalite Lè Andedan an.

Pifò plent ki gen rapò avèk Kalite Lè Andedan an fèt akòz:

1. Antretyen biling lan ki repòte. Fenèt yo, pòt yo ak fuit twati yo kite dlo antre nan biling lan epi kontribiye nan kwasans mwazisi.
2. Ayerasyon Chofaj ak. È-Kondisyone (Heating Ventilation & Air Conditioning, HVAC) yo antreteni oswa opere yon fason enkòrèk. Sal yo ki refwadi anba 72 degré kapab lakòz pwoblèm kondansasyon ak pwoblèm imidite sa k ap fasilité kwasans mwazisi.
3. Netwayaj ki pa kòrèk oswa ki pa adapte yo fè nan sal la oswa nan lekòl la. Ayerasyon ki pa adapte ak twòp pousyè kapab lakòz zye grate, nen k ap koule ak maltèt.
4. Moun ki nan biling yo ak aktivite jounalye yo. Lè moun yo kite pòt yo ak fenèt yo louvri sa pèmèt lè ki pa filtre epi ki pa trete antre nan biling lan, sa k ap fasilité kwasans mwazisi.
5. Finalman Kwasans Mikwòb (*kwasans mwazisi*).

Evalyasyon ki te fèt anvan yo nan lekòl nou yo montre anpil enkyetid IQ moun ki nan biling yo te endike. Pèsonèl ki baze nan sant yo kapab rezoud enkyetid sa yo fasil san patisipasyon Sante ak Sekirite Anviwònman, Operasyon nan Enstalasyon Fizik oswa Biling ak Konstwiksyon.

Nan yon efò pou afekte resous yo avèk efikasite, biling yo ta dwe asire pwoblèm ki idantifye anba la yo rezoud anvan yo mande yon Evalyasyon IAQ nan Sante ak Sekirite Anviwònman.

Pwosedi pou Bay Repons

Etap ki endike anba la yo ta dwe fèt lè yon moun nan biling ou gen yon plent konsènan Kalite Lè Andedan an.

- Tcheke zòn ki konsène nan plent lan pou domaj dlo oswa fòmasyon tach ki vizib. Si zòn ki konsène nan plent lan gen kawo plafon yo ki gen tach, ranplase kawo plafon ki gen tach yo epi fè yon demann travay pou korije sous kote dlo a ap antre a. Si gen domaj dlo ki vizib nan miray yo, plafon yo, oswa lòt sifas yo (tach oswa kal; penti ki detache, fè yon demann travay pou korije pwoblèm dlo a ki antre, epi pou ranplase materyèl dlo a domaje oswa tache a.

Pwogram Kalite Lè a Andedan (kontinye)

- Tcheke zòn ki konsène nan plent lan pou pousyè a/salte/ bri sou sifas yo. Asire planche nan zòn ki konsène nan plent lan netwaye okonplè epi pa gen pousyè ak debri. Retire nenpòt pil pousyè nan zòn plent lan, netwaye epi dezenfekte tout sifas anviwònman an ki itilize detèjan jèmisid distri a apwouye (egzanp Wexide*).
- Tcheke Sistèm HVAC ki fè sèvis nan zòn ki konsène nan plent lan. Asire filtè HVAC yo pwòp ak enstale kòrèkteman. Netwaye epi dezenfekte materyèl HVAC epitou retounen griy yo nan zòn ki konsène nan plent lan depi ou itilize detèjan jèmisid distri a apwouye (egzanp Wexide*). Si plent lan se akòz tanperati oswa imidite, mande yon lòd travay pou reparasyon nan HVAC.
- Tcheke zòn ki konsène nan plent lan pou lòt atik oswa mèb ki ka lakòz move IAQ. Retire nenpòt plant oswa bêt vivan nan zòn yo ki konsène nan plent lan. Retire tout pwodui chimik ak deyodorizan sal la nan zòn yo ki konsène nan plent lan. Retire tout nounous, bwat katon, papye siplemantè, liv, ak atik ki estoke yo nan zòn ki konsène nan plent lan.
- Tcheke zòn ki konsène nan plent lan pou kwasans mikwòb ki vizib. Nenpòt sifas solid ki pa gen twou ki gen kwasans mikwòb vizib ta dwe netwaye ak dezenfekte avèk detèjan jèmisid distri a apwouye (egzanp, Wexide*), depi kwasans mikwòb la pa kouvri plis pase 10 pye kare sipèfisi.
- Asire Operasyon Plant Fizik fè tout lòd travay yo nan zòn ki konsène nan plent lan epitou asire tout zòn yo retounen nan kondisyon pwòp san domaj. Sizoka, kwasans mikwòb vizib la retounen apre netwayaj la, oswa si zòn kwasans lan pi gwo pase 10 pye kare, oswa si kwasans vizib la pozisyonne sou materyèl ki gen ti twou (egzanp klwazon sèch, papye, kawo plafon oswa mèb an twal), imedyatman kontakte Depatman Sante ak Sekirite Anviwònman nan nimewo 754-321-4200.

**Lè w ap itilize nenpòt pwodui chimik distri a apwouye li enpòtan pou asire ou itilize pwodui a annakò avèk enstwiksyon ki nan etikèt manifakti a epi pou mete pwoteksyon pèsonèl kòmsadwa.*

Pifò plent IAQ yo kapab rezoud senpleman depi ou fè pwosedi repons senp sa yo jan yo endike anwo a.

Rete tann 30 jou apre ou fè etap yo ki endike anwo a, si ou resevwa yon lòt plent IAQ pou menm zòn nan apre peryòd 30 jou a pase, answit ou ta dwe mande yon evalyasyon IAQ nan Depatman Sante ak Sekirite Anviwònman.

Pwogram Kalite Lè a Andedan (kontinye)

Pwosedi Operasyonèl

1. Sizoka mezi koreksyon ki idantifye anwo a pa rezoud avèk satisfaksyon plent yon moun nan biling nan, ou dwe fè Administratè biling nan konnen sa epi li dwe ba ou referans nan Depatman Sante ak Sekirite Anviwònman depi ou fè yon Demann Evalyasyon IAQ.
2. Yon manm Ekip Evalyasyon IAQ nan Depatman Sante ak Sekirite Anviwònman ap kontakte ou nan 48 èdtan apre yo resevwa demann lan, pou rasanble enfòmasyon yo epi pou bay priyorite pou plent lan.
3. Answit yon manm Ekip Evalyasyon IAQ ap fè evalyasyon IAQ nan zòn ki konsène nan plent lan nan yon mannyè apwopriye.
4. Ekip Evalyasyon IAQ responsab pou revize kalite yon plent, pou idantifye sous ki deklanche yon plent epi devlope yon pwosesis aksyon ki rekòmande pou rezoud pwoblèm yo.
5. Pwosesis aksyon alekri a ap idantifye tout pwoblèm ki reprezante yon danje imedyat pou sante moun, idantifye epi asire gen mezi apwopriye ki pran pou pwoteje sante ak sekirite tout moun yo ki nan biling nan, pou presize mezi ki dwe pran yo ak moun ki responsab pou aksyon sa yo.
6. Y ap idantifye tout moun ki responsab pou aksyon korektif yo kòm gadyen ki baze nan biling nan, Operasyon Plant Fizik, oswa Bilding yo ak Ekipman ak Konstwiksyon, dapre kalite ak enpòtans travay ki dwe fèt la. *Depatman Jesyon Bilding ak Ekipman ak Konstwiksyon responsab pou detèmine mannyè ki pi rapid pou fè yon domèn travay ki bezwen sèvis Bilding ak Ekipman ak Konstwiksyon.*
7. Y ap dezenfekte materyèl ki domaje avèk mikwòb la avèk gid pou “De-kontaminasyon Mwazisi” Ajans Pwoteksyon Anviwònman nan Bilding Lekòl ak Bilding Komèsyal. Endikasyon sa yo pou de-kontaminasyon an prezante anpil kalite nivo kontaminasyon ak pwosedi apwopriye pou dekontamine materyèl kontamine konsa.
8. Depatman Sante ak Sekirite Anviwònman ap konsève yon baz done sou tout plent ki konsène pwoblèm IAQ yo. Y ap anrejistre enfòmasyon ki idantifye kalite plent lan ak yon pwosesis aksyon pou rezoud pwoblèm sa yo.
9. Trant jou apre yo fè yon evalyasyon IAQ, yon reprezantan Depatman Sante ak Sekirite Anviwònman ap kontakte moun ki mande yon evalyasyon pou asire tout aksyon korektif ki rekòmande yo te aplike epi plent lan te rezoud.

Atik ki Baze nan Lekòl la pou Redui pwoblèm Kalite Lè Andedan a

Atik ak travay ki endike anba la yo kapab fêt nan lekòl la pou evite pwoblèm avèk kalite lè andedan an:

1. Asire filtè tretman yo gen dimansyon kòrèk epi asire yo fèmen ansanm andedan filtè tretman an.
2. Tcheke/ranplase filtè lè yo annakò avèk règleman distri a.
3. Lè ou obsève mwazisi nan sifas yo, retire mwazisi a.
4. Pa mete deyodorizan oswa klowòks andedan inite tretman lè yo.
5. Pa estoke mòp ou itilize, ekipman netwayaj, oswa pwodui chimik nan sal tretman lè yo.
6. Kenbe sal tretman lè yo pwòp. Sal sa yo se yon pati nan sistèm è-kondisyone a.
7. Rapòte enkyetid ou pou kalite lè andedan an san pèdi tan.

Prekosyon Inivèsèl

CFR 1910, 1030

Kòd Règleman Federal (Code of Federal Regulation, CFR) egzije pou tout anplwaye k ap travay nan biling piblik yo konnen teknik netwayaj kòrèk yo pou materyèl byolojik yo ak materyèl danjere yo.

Prekosyon Inivèsèl yo se yon metòd pou kontwòl enfeksyon. Dapre konsèp Prekosyon Inivèsèl yo tout san imen ak sèten fliyid kò imen trete tankou si ou konnen yo enfektye pou VIH, HBV ak lòt patojèn ki transmèt nan san.

Kontwòl Pratik Travay vle di kontwòl ki redui posiblite pou anplwaye yo ekspoze lè yo chanje mannyè yo fè yon aktivite travay.

Enstwiksyon konsènan Twous Netwayaj Annijans

SA KI NAN TWOUS LA:

- 1 – Poud pou Netwayaj pou Ijans (Emergency Clean-up Powder, ECP) 1.5 oz. Sachè**
- 1 – pè gan vinil san kouti ki gen bouk woule**
- 2 – Espatil ki rezistan nan dlo ki gen manch fòme**
- 2 – gwo sachè poubèl ki gen tèt yo tòde**
- 2 – Chifon jèmisid ki anrejistre nan ECP**
- 1 – Lenjèt antiseptik pou men pou ijyèn pèsònèl**

ENSTWIKYON POU ITILIZASYON:

1. Mete gan pwoteksyon yo.
2. Louvri sachè ECP a. Aspèje pochèt la ECP nèt egalego sou devèsman an. Kòmanse nan pwent deyò yo epi travay pou rive nan mitan an.
3. Rete tann devèsman an tounen jèl nan apeprè youn oswa de minit.
4. Retire sachè plastik poubèl yo epi louvri yo.
5. Woule tèt sachè yo jiskaske yon bouk fòme ki pral kenbe sachè yo louvri.
6. Avèk espatil yo, ranmase jèl la epi mete li nan premye sachè poubèl la.
7. Lage espatil yo nan sachè poubèl la.
8. Fèmen premye sachè a avèk atach ki tòde a. Mete premye sachè ki fèmen an nan dezyèm sachè a.
9. Louvri chifon jèmisidal la epi siye nenpòt kras. Lage li nan dezyèm sachè poubèl la.
10. Louvri dezyèm chifon jèmisidal la epi siye zòn sifas kontamine a nèt. **NÒT:** Sifas la pral rete imid avèk goutlèt jèmisid vizib.
11. Kite sifas la seche nan lè (pandan apeprè 10 minit).
12. Retire gan yo epi mete yo nan premye sachè poubèl la.
13. Fèmen dezyèm sachè a avèk atach ki tòde a.
14. Siye men ou avèk lenjèt antiseptik la.
15. Jete sachè poubèl la dapre règleman lokal yo.

* Nan okenn moman ou pa ta dwe itilize yon mòp pou netwaye fliyid kò!!!

Sekirite nan Lekòl yo

Sekirite se evite ensidan k ap lakòz moun soufri ak pèt pwopriyete. Se sèlman moun ki kapab anpeche aksidan yo fèt. Gen anpil rezon ki fè kapab gen aksidan ki rive...maladi, estrès, neglijans, ak fatig. Faktè anviwònman yo jwe yon wòl tou nan lakòz aksidan yo, pa egzanp, bwi, metewoloji ak kalite lè a, ansanm avèk lòt distraksyon yo kapab kreye kondisyon danjere.

Erè moun fè ka lakòz plis aksidan pase defayans ekipman yo oswa lòt faktè fizik. Ou kapab evite pifò aksidan yo depi ou aprann ak swiv bon abitid travay. Bon pratik yo reyalize avèk fòmasyon (pa egzanp, fòmasyon konsènan kadnasaj/makaj ak aksyon (pa egzanp, mete linèt pwoteksyon). Moun lakòz aksidan yo.

Pi bon fason pou asire sekirite nan djòb la se pou travayè yo pratike sekirite avèk konsyans. Lè travayè yo resevwa ansèymen pou yo toujou reflechi sou fason pou antreteni sekirite a, yo ka vin gen pratik ak pwosedi pou pwoteje tèt yo. Si travayè yo rekonèt kondisyon danjere yo epi koriye yo oswa si yo prevwa danje posib yo epi evite yon abitid pou moun ki aprann konnen bezwen pou sekirite. Objektif sekirite a se pou diminye risk la nèt epi pou idantifye zòn yo nan sant lan ki gen rapò avèk gwo risk pou gen aksidan.

Gen twa (3) rezon prensipal gadyen yo ta dwe konsène ak pran konsyans sou sekirite...rezon sa yo se rezon ki (1) pèsonèl, (2) pwofesyonèl ak (3) legal. Dapre yon pwendvi pèsonèl, gadyen an ta dwe evite aksidan yo paske chòk vle di posiblite pou pèdi lavi ou oswa mwayer pou viv. Si ou kapab fè djòb la sou plan fizik epi ou fè li kòrèkteman sa ap pèmèt ou vin gen endepandans ekonomik. Rezon pwofesyonèl yo endike gadyen an ta dwe evite aksidan oswa li ta dwe evite lakòz chòk pou lòt moun, se depans pou moun yo oswa patwon an. Move pratik sekirite ka koute patwon an anpil-anpil lajan. Sa ka lakòz oumenm oswa kòlèg ou pèdi djòb la. Gen rezon legal tou pou sekirite. Gen lwa ak règleman ki egzije sèten pratik sekirite chak travayè ta dwe konnen ki kontwole ak pwoteje aktivite yo nan djòb la. Gen règleman federal, règleman leta ak règleman Distri ki gen rapò avèk anpil pratik sekirite nan distri lekòl yo ak kolèj kominotè yo.

Gadyen yo kapab travay san pwoblèm depi yo konnen règ jeneral yo pou bon pratik travay epi depi yo vin gen bon abitid travay. Tout anplwaye yo ta dwe rekonèt règleman ak pratik debaz yo pou sekirite se pou pwoteksyon yo, pa pou fè djòb la pi difisil. Men kèk prensip debaz sekirite anplwaye yo ta dwe swiv:

1. Anplwaye yo kapab evite aksidan yo si yo elimine kòz la.
2. Yo dwe sipèvize ak evalye yon bon pwogram sekirite.
3. Anplwaye yo dwe aprann bon abitid ak atitud sekirite.
4. Se bon biznis pou pratike sekirite.

Aksidan ak Chòk

Done enpòtan konsènan aksidan ak chòk nan anviwònman lekòl yo:

- ✓ Ekipman odyo-vizyèl yo pa itilize kòrèkteman konte pou anpil ak yon pakèt chòk nan lekòl yo. Charyo-A-V yo ki pa estab oswa k ap tranble ansanm avèk plasman ekipman sou sifas ki pa estab, ka lakòz ekipman yo tonbe epi lakòz anplwaye yo ak elèv yo pran chòk. Itilizasyon ekipman ki gen kab dekale ka lakòz chòk elektrik oswa chòk grav.
- ✓ Bwat ak materyèl ki anpile twò wo kapab reprezante yon risk pou gen aksidan al chòk nan lekòl yo tou.
- ✓ Travayè yo ki nan sèvis manje a menase avèk glisad, tonbe, blesi ak brili.
- ✓ Chofè otobis yo pran chòk souvan akòz move antretyen otobis yo.
- ✓ Pèsonèl gadyenaj/antretyen arisk pou pran chòk elektrik ak chòk lè yo pa itilize ekipman yo ak zouti yo kòrèkteman oswa lè pa gen antretyen kòrèk ki fêt nan ekipman yo ak zouti yo. Pèsonèl gadyenaj la soufri kòk tou lè yo glise ak tonbe sou planche ak twotwa mouye.

Sa Ou Kapab Fè

Bon pratik travay ak sans komen se souvan pi bon zam kont aksidan yo ak chèk yo.
Men yon konsèy:

- ✓ Nan salklas la: Evite anpile bwat ak materyèl; Evite mete objè lou sou etajè wo yo. Rapòte nenpòt kablaj dekale nan ekipman elektrik la epi evite itilize li jiskaske yo repare li. Pa kite timoun yo pran woulib nan charyo A-V yo epi mete tout ekipman yo sou sifas solid yo.
- ✓ Nan sèvis manje a: Siye tout grès ak sa ki tonbe nan planche yo imedyatman. Mete soulye anti-derapan/ki gen semèl kawotchou. Pa retire gad-machin yo nan materyèl tranchaj la; kenbe kouto yo file; Konnen kote ekstenktè yo konsève ak fason pou itilize yo; Rapòte nenpòt bouchon ki ize ak ekipman ki anpàn imedyatman ba sipèviziè yo.
- ✓ Nan zòn gadyenaj/antretyen: Pa kite lòt moun (ak oumenm tou) mache sou planche kote ou fèk pase mòp oswa sire. Rapòte ekipman ki domaje, fil elektrik ki dekale ba sipèviziè ou imedyatman. Itilize ekipman an selon enstwiksyon manifakti a. Evite anpile ekipman bwat ak materyèl.
- ✓ Nan otobis yo ak nan lakou otobis yo: Pa prese fè verifikasyon jounalye ou anvan vwayaj ou; Swiv pwosedi a chak jou. Rapòte nenpòt ekipman ki anpàn ba sipèviziè ou imedyatman.

Gid Jeneral pou Sekirite

1. Evite rad ki an ranyon oswa ki lach, soulye ki louvri oswa pwanyè monte sou salopèt yo.
2. Retire tout bag nan dwèt ou anvan ou kòmanse travay.
3. Pran prekosyon ou lè w ap itilize eskalye.
4. Mete materyèl yo sèlman nan kote ki deziyen pou yo epi nan yon mannyè konsa yo p ap glise oswa tonbe pou lakòz nenpòt moun pran chòk. (Wotè minimòm 24 pou parapò avèk plafon an).
5. Pa itilize ekipman danjere oswa pa ekspoze tèt ou oswa piblik la nan kondisyon danjere yo. Rapòte nenpòt kondisyon danjere ba direktè lekòl la oswa COMPASS.
6. Travay annakò avèk enstwiksyon yo. Evite eksperyans oswa “rakousi” ki ta lakòz ou pran chòk. Prekosyon se pi bon pwoteksyon kont aksidan yo.
7. Lè w ap deplase mèb yo kite men ou lwen pwent yo.
8. Estoke materyèl flamab yo nan resipyen ak sal ki apwouve.
9. Si ou sispek gen amyant, PAMANYEN li, epi fè yo konnen sa nan Seksyon Anviwònman Bilding ak Ekipman yo. Tout pèsònèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo gen obligasyon pou patisipe nan kou Fòmasyon Sansibilizasyon sou Amyant ak nan kou Kadnasaj/Makaj nan 60 jou apre premye dat anbochaj yo.
10. Pa achte okenn ekipman oswa materyèl Konsèy Administrasyon Lekòl la pa otorize.
11. Ou dwe estoke ekipman yo san pwoblèm nan plaka estokaj lè ou p ap itilize yo. Pa itilize sal elektrik la ak sal mekanik la pou estokaj.
12. Sonje ou kapab jwenn Fich Done sou Sekirite a sou entènèt nan adrès ki endike anba la a: <http://www.broward.k12.fl.us/rmt/MSDS-PDF.html>
13. Konsève Manyèl Gid ak Pwosedi pou Pèsònèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman kote ki fasil pou jwenn li toutan.
14. Toujou pran prekosyon pou sekirite lòt anplwaye yo lè w ap opere ekipman yo.

Gid pou Sekirite Elektrik

1. Sof si ou gen otorizasyon, pa janm manyen ekipman oswa enstalasyon elektrik yo oswa pa janm eseye fikse yo.
2. Pran prekosyon lè w ap retire oswa ranplase anpoul fliyoresan yo. Manyen anpoul fliyoresan yo avèk anpil prekosyon. Evite rale pousyè ki soti nan anpoul kraze yo.
3. Egzamine izòlman ak konektè ki nan ralonj yo ak ekipman yo. Rapòte defo yo ba Sipèvizi a imedyatman. Si ekipman an domaje sispann itilize li imedyatman epi mete etikèt sèvis sou ekipman an.
4. Itilize twa kondiktè ak ralonj elektrik fikse atè ki gen klasman kòrèk pou zouti w ap konekte a.
5. Lè w ap itilize yon ralonj:
 - Pa janm konekte plis pase kantite anpè ki endike yo nan ralonj lan
 - Pa pase ralonj yo nan papòt yo, fenèt yo, twou ki nan plafon, miray oswa planche yo
 - Pa janm retire plwaye oswa modifye nenpòt tij oswa zepeng metal
 - Pa itilize ralonj yo lè oumenm oswa ralonj yo mouye
 - Pa konekte yon ralonj nan yon lòt
 - Pa janm trennen oswa mete objè sou ralonj yo oswa pa janm mache sou yo
 - Toujou dekonekte ralonj yo lè ou p ap itilize yo
 - Pa janm itilize yon sous kouran pèmanan
 - Pa janm itilize ekipman defektye (tankou yon zouti ki chofe), oswa ekipman ki gen yon ralonj ki fann, dekale, rakòde oswa ize
 - Rete andedan pandan loraj elektrik yo epi pa itilize okenn ekipman elektrik lè gen kout zèklè. Kout zèklè kapab lakòz aksidan nan anpil fason anplis yon frap dirèk.

Sekirite nan Netwayaj

1. Pa mete men ou san gan nan panye resiklaj yo. Vide panye resiklaj yo depi ou vire yo fas anba oswa depi ou chanje doubl a.
2. Itilize yon bwòs ak yon pèl pou syè pou netwaye nenpòt vit kraze.
3. Itilize bouton pòt yo lè w ap fèmen oswa louvri pòt yo.
4. Kite tiyo ak ralonj aspiratè a oswa machin pou fwote yo toupre miray la otank posib. **Toujou kite ralonj yo lwen dlo.** Nan zòn mouye yo, ou ta dwe konekte ralonj yo nan priz-kouran elektrik ki pwoteje avèk GFCI kote sa disponib.
5. Si ou gen nenpòt kesyon sou fonksyònman ekipman elektrik yo, wè manm pèsonèl sèvis antretyen nan bilding ak ekipman ou ki Alatèt.
6. Toujou mete soulye anti-derapan apwopriye.
7. Pa janm kouri sou planche glise.
8. Netwaye nenpòt kote ki glise sou planche a oswa twotwa a imedyatman li posib pou fè sa.
9. Evite kite ekipman, mòp, bwòs, oswa so nan koulwa yo, papòt yo oswa eskalye yo.
10. Pa eseye tòde mòp yo avèk men ou, itilize epilpè ou jwenn nan.
11. Lè w ap lave planche yo, itilize baryè pano oswa kòn planche mouye ki gen chenn plastik yo.
12. Ou dwe make resipyen pwodui chimik netwayaj yo kòrèkteman toutan.
13. Mete gan kawotchou ak linèt pwoteksyon lè w ap manyen pwodui chimik yo oswa lòt sibstans ki nuizib pou po ou.
14. Lè w ap manipile dechè imen, itilize twous netwayaj yo pou ijans.

Fason pou Leve Objè Lou san Danje

1. Evalye chay la. Si ou pa sèten ou kapab leve chay la, chèche jwenn èd. Li rekòmande pou itilize yon charyo pou deplasman objè lou yo sou distans long.
2. Mande èd lè li nesesè pou leve nenpòt objè ki, akòz pwa, gwosè oswa fòm li difisil pou leve oswa li ka lakòz ou pran chòk.
3. Itilize teknik kòrèk pou leve chay. (gade paj 30)
4. Asire baz pye ou pwoteje.
5. Mete pye ou toupre baz objè w ap leve a.
6. Kenbe chay la sere epi pozisyon pye ou sou yon distans 6 a 12 pouz apa.
7. Pliye jenou ou, pa do ou.
8. Kenbe do ou dwat.
9. Leve chay la dousman epi egalego avèk miskilati janm ou men pa avèk miskilati do ou.
10. Kenbe objè a pre kò ou otank posib.
11. Depoze objè yo anba nan menm mannyè ou te pran yo men alanvè.
12. Evite tòde do ou lè w ap leve objè a. Si ou dwe chanje direksyon pandan w ap leve objè a, vire avèk pye ou epi vire tout kò ou pou chanje direksyon.
13. Fè mouvman an dousman epi ofi-amezi.
14. Lè w ap leve objè yo men ou ta dwe sèk epi san grès.
15. Mete rad pwoteksyon tankou gan, soulye pwoteksyon ak lòt rad, si chay la bezwen manipilasyon espesyal.

Teknik pou Leve

Fig 1. Evalye chay la.



Fig 3. Mete rad pwoteksyon kòrèk si li nesesè.



Fig 5. Pa janm tòde kò a.



Fig 7. Eseye gen yon baz solid avèk pye ou epi kenbe chay la djanm.



Fig 2. Tcheke wout la.



Fig 4. Kenbe chay la toupre kò a.



Fig 6. Pliye jenou ou pou mete chay la anba.



Fig 8. Pratike travay ekip.



Fason pou Evite Tribiche Glisad ak Tonbe

1. Ou ta dwe netwaye dlo, lwil ak lòt likid imedyatman nan planche a avèk yon mòp, bokit, materyèl pou seche lwil, sa, sèvyèt papye oswa materyèl twal. Itilize pano ak/oswa kòn prekosyon yo pou bay avètisman pou zòn glise.

Prekosyon: Lekòl yo pas ta dwe bay elèv yo pèmisyon pou itilize mòp pou objektif netwayaj.

2. Ou ta dwe limen limyè yo anvan ou antre nan yon sal fènwa.
3. Pou evite glisad, ranmase tout objè etranje yo nan sifas yo kote w ap mache a.
4. Asire tapi ki sou kapèt yo ak kawo a kouche plat sou planche a.
5. Fè etap kout. Mache dousman epi itilize ranp yo lè ou gen pou mache sou sifas glise oswa nan zòn ankonbre.
6. Kite tiwa yo ak pòt yo fèmen.
7. Mete soulye ki fèmen ki gen semèl anti-derapan.
8. Lè w ap itilize eskalye yo, pran yon mach alafwa epi kenbe ranp yo.
9. Pa bloke viziblite ou lè w ap pote oswa pouse objè ki tèlman gwo sa lakòz ou pa kapab wè kote ou prale.
10. Pa sote nan plato kamyon yo, platfòm yo, echafodaj yo oswa lòt kote ki wo.
11. Pa panche chèz yo dèyè sou de pye yo.
12. Evite zòn ki mouye, glise oswa ki gen lwil si w ap mache bòkote yo.
13. Pa pase ralonj elektrik yo oswa lòd ralonj yo nan mitan papòt yo, ale yo, palye yo oswa chemen yo.
14. Netwaye oswa rapòte tout devèsman yo.
15. Kite men ou sou kote ou pa nan pòch ou.
16. Pandan w ap mache, tcheke chemen ou pou nenpòt objè ki pwent vizib e nan nivo planche a (zouti, papye, tiwa, elatriye...)
17. Siveye sifas inegal planche a ak zòn ki gen pwoblèm tankou dren oswa kouvèti twou egou.

18. MACHE – PA KOURI!! MACHE – PA KOURI!! MACHE – PA KOURI!!

Sekirite nan Néchèle

1. Chwazi néchèle ki kòrèk la pou fè djòb la. Tcheke limit pwa yo oswa evalyasyon responsabilite a. Li epi swiv enstwiksyon reyinyon an ak gid sekirite yo.
2. Pa itilize néchèle an bwa yo.
3. Pa itilize biwo oswa chèz alaplas néchèle yo.
4. Enspekte néchèle yo pou asire bawo yo solid, sere, pwòp, epitou pou asire ray yo pa fann.
5. Evite itilize nenpòt néchèle ki gen ray, manch, bawo oswa sipò ki fèb oswa domaje.
6. Anvan ou itilize nenpòt néchèle, konnen fason li opere ak objektif konsepsyón li.
7. Louvri néchèle ki gen mach yo okonplè epi bloke epandè a. Asire néchèle la deplwaye anlè twati a sou yon wotè omwen yon kò.
8. Mete kòn sekirite ki gen chèn oswa adeziv jòn prekosyon an toutotou zòn eskalad la.
9. Pa janm kite plis pase yon moun sou yon néchèle.
10. Asire baz pye pou rete djanm sou néchèle la.
11. Itilize règ 4 pou 1 nan preparasyon néchèle koulis yo. Li fasil pou konnen paske bawo ki nan pifò néchèle separe sou yon distans yon pye. Konte bawo kote néchèle la apiye sou miray la. Si miray la mezire 16 pye nan wotè, mete baz néchèle la sou yon distans 4 pye avèk miray la.
12. Pa janm itilize yon néchèle metal lè w ap travay bòkote elektrisite.
13. Rete anfas néchèle la pandan w ap monte ak desann li. Pran apui avèk toulède men ou. Pa mete men ou sou bawo a pou monte néchèle la. Mete men ou sou ray arebò yo. Pote zouti yo oswa materyèl yo nan pòch ou oswa pote yo avèk yon liy.
14. Deplase néchèle la souvan olye ou eseye rive twò lwen. Swiv règ pou kenbe bouk senti ou nan mitan ray arebò yo.
15. Pote néchèle la avèk pwent devan an wo ase pou kite espas pou pase nenpòt moun ki devan ou.
16. Pa janm kanpe sou tèt yon néchèle ki gen mach paske sa danjere, chèche jwenn yon néchèle oswa yon platfòm pi long lè li nesesè.

Sekirite nan Néchèl (kontinye.)

17. Lè w ap travay sou yon néchèl nan yon papòt, asire pòt la an sekirite nan pozisyon, swa bloke oswa bloke-ouvè. Asire zòn travay la pwoteje avèk adeziv prekosyon.
18. Pa janm apiye yon néchèl kont vit oswa chasi fenèt.
19. Lè w ap pote yon néchèl, mande yon moun pou ale devan ou pou li louvri pòt yo, epi pou ede ou fè mannèv toutotou kwen yo. Rete lwen enstalasyon ekleraj yo.
20. Anvan ou ale avèk yon néchèl oswa anvan ou deplase youn, sonje pou retire tout zouti oswa materyèl yo ki ladan.
21. Sof si bezwen an ijan, evite itilize yon néchèl lè gen van ki fò.

RÈGLEMAN KONSÈNAN PREMYE SEKOU

Règleman 5303 Konsèy Administrasyon Lekòl konsènan Referans

5303 PREMYE SEKOU

“PREMYE SEKOU” DEFINI KÒM SWEN OSWA TRETMAN POU IJANS DOKTÈ BAY POU YON MOUN KI MALAD OSWA KI PRAN CHÒK ANVAN MOUN NAN KAPAB RESEVWA ÈD MEDIKAL REGILYE. DISTRI LEKÒL LA DWE METE ANPLAS AK ANTRETENI YON SISTÈM POU BAY SWEN POU IJANS POU ELÈV AK/OSWA MANM PÈSONÈL LA.

Otorizasyon: FS 230.22
FS 402.32
FAC 10D-84.17
FS 232.246
FS 235.06
FS 233.067

Règleman ki Adopte: 13 novamm 1969; 20 janvye 2004
Règleman ki Re-adopte: 5 septanm 1974; 19 jiyè 1994

Rè ki Amande yo: 18 septanm 1975; 19 jiyè 1994; 15 out 1995

RÈG YO:

I. PÈSONÈL KI FÔME AK RESOUS

- A. Bilding chak lekòl ak distri dwe gen yon minimòm de moun ki gen sètifika nan domèn Premye Sekou ak CPR/AED.
- B. Chak lekòl dwe bay devlopman ak fòmasyon pwofesyonèl chak ane pou tout gwoup pwofesè ak anplwaye yo sou Prekosyon Inivèsèl.
- C. Chak lekòl dwe konsève yon kopi Manyèl Sèvis Sante, ki disponib nan Sèvis Edikasyon sou Sante, ak Manyèl Preparasyon pou Ijans, ki disponib nan Depatman Sekirite sou sitwèb www.broward.k12.fl.us/safetydepartment.
- D. Nenpòt lekòl ki anvizaje achte oswa ki aksepte yon don ekipman AED dwe chita-pale sou sa anvan avèk Depatman Sekirite a.

II. MATERYÈL PREMYE SEKOU/SAL POU SWEN SANTE

- A. Lekòl yo dwe bay materyèl premye sekou ki nesesè yo. Seksyon Premye Sekou ki nan Manyèl Sèvis Sante a endike materyèl ki nesesè yo ak espas ki deziyen kote Twous Premye Sekou yo obligatwa.
- B. Chak lekòl dwe gen yon zòn yo deziyen ki pou itilize sèlman kòm yon sal pou swen sante/klinik, ki dwe nan etaj anba a epi ki gen aksè fasil annakò avèk Lwa anfavè Ameriken Andikape (American Disabilities Act, ADA).

RÈGLEMAN KONSÈNAN PREMYE SEKOU (kontinye)

III. ENFÒMASYON/PWOSEDI POU IJANS

- A. Pifò ijans ki rive nan lekòl la se pa ijans ki menase lavi moun. Men, posiblite pou yon ijans ki ta rive egzije pou tout moun k ap travay nan yon lekòl konnen ki kategori ijans ki bezwen tretman imedyat. Tout manm pèsonèl lekòl la t a dwe konnen fason pou kontakte 9-1-1. Omwen yo dwe mete Afich Enfòmasyon pou Ijans nan sal swen sante a, nan biwo prensipal la, nan kafeterya a ak nan zòn edikasyon fizik lekòl la. Tout enfòmasyon yo ki nan afich la dwe ajou. Enfòmasyon pou Ijans ak Afich 9-1-1 yo disponib nan Depatman Sekirite a oswa sou sitwèb www.broward.k12.fl.us/safetydept.
- B. Tout moun ki nan lekòl la ta dwe konnen pwosedi ki endike anba la yo konsènan 9-1-1:
1. Jwenn yon liy deyò epi konpoze 9-1-1.
 2. Kòmanse CPR/AED oswa bay Premye Sekou; Rele paran/respondab legal ki endike nan kat ijans elèv la.
 3. Rele direktè lekòl la/moun ki alatèt depatman distri a ki pral fè Direksyon Siperyè a konnen sa.
 4. Fè yon Rapò sou Aksidan Elèv nan paj-ekran AS 400 sou entènèt epi swiv enstwiksyon yo pou rele 9-1-1.
 5. Si yon inite AED ize, fè Depatman Sekirite a konnen sa pou mande tanpon ranplasman.
 6. Sizoka ou pa kapab jwenn paran yon elèv ki malad grav oswa ki pran yon chòk gran nan yon tan rezonab, Sèvis Medikal Annijans (Emergency Medical Services, EMS) ap detèmine si li endike pou mennen elèv la nan yon lopital lokal.
 7. Si li vin nesesè pou mennen elèv la nan lopital anvan ou jwenn paran an oswa responsab legal la, direktè lekòl la oswa yon manm pèsonèl la li chwazi dwe akonpaye elèv la nan anbilans lan jiskaske paran an oswa responsab legal la rive. Moun direktè lekòl la chwazi pou akonpaye elèv la dwe se yon anplwaye nan konsèy administrasyon lekòl la.
 8. Reprezantan lekòl la ta dwe pote nan lopital la Kat Enfòmasyon Ijans elèv la ak tout enfòmasyon ki disponib konsènan kalite ak enpòtans chòk la oswa maladi a.
 9. Si ou pa kapab jwenn paran yon elèv ki soufri nan yon aksidan oswa maladi minè, ou pa kapab jwenn moun yo ki endike nan kat ijans elèv la, lè sa a elèv la ta dwe rete nan lekòl la jouk nan ranvwa regilye a.
 10. Ou dwe rapòte yon ka lanmò nan lokal lekòl la imedyatman ba Sipè-Entandan, Inite Ankèt Espesyal Distri a, Jesyon Risk ak ajans lapolis konpetan

GID KONSENAN EKIPMAN YO

Anba la se kèk rekòmandasyon pou itilize ekipman ou jwenn yo nòmalman nan lekòl yo. Lis la pa okonplè, men li ta dwe ede ou vin konnen itilizasyon ak enkyetid ekipman yo.

Elektrik a Vitès Ba Epiratè/Poliswa (Machin-T)

- Asire ralonj lan pa vlope toutotou pye ou
- Asire manch lan ajiste nan wotè kòrèk
- Asire pwent konektè a gen tij pou mete atè a
- Itilize gwo sè kòrèk la ak tanpon koulè a
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

Briniswa Elektrik

- Asire ou pa aplike twòp presyon ak chofaj sou planche a
- Asire ou itilize tanpon kòrèk la
- Sonje briniswa a pa yon dekapè
- Itilize gwo sè kòrèk la ak tanpon koulè a
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

Aparèy Netwayaj Kapèt

- Asire bwòs to travay
- Asire ou itilize chanpou ak anti-mous kòrèk yo
- Asire jèdo yo pa bouche
- Asire pwent konektè a gen yon tij pou mete atè
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

Wet-n-Dry Vac

- Asire ou itilize bagèt kòrèk la
- Asire ou itilize filtè kòrèk la pou sistèm imid/sèk la
- Asire pwent konektè a gen yon tij pou mete atè
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

GID POU EKIPMAN YO (kontinye)

Machin Netwayaj -a-Presyon

- Asire ou tcheke pou gaz ak lwl
- Tcheke si entèriptè a nan pozisyon “on” epi w ap redi estatè a lè motè a frèt
- Asire dlo a sou “on” anvan ou estat motè a
- Asire ou mete linèt pwoteksyon oswa yon pwoteksyon pou figi ou
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

Aspiratè yo

- Asire ou vide sachè a lè li plen amwatye
- Asire ralonj lan pa dekale oswa woule
- Asire ou utilize senti kòrèk epi asire li tache kòrèkteman
- Asire bwòs bataj la vire libelibè
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

Degonmaj avèk Pwopàn

- Asire ou limen epi etenn pwopàn nan kòrèkteman
- Pa janm estoke pwopàn andedan bilding lan! Toujou kite li andedan kaj ki kapab fè flanm!
- Asire ou vire kle a sou on ak off lè w ap estat ak lè ou fini (si ou pa fè sa batri a kapab dechaje)
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

Briniswa avèk Pwopàn

- Asire ou pa aplike twòp presyon ak chofaj sou planche a
- Asire ou utilize tanpon kòrèk la
- Sonje.... briniswa a pa yon dekapè
- Asire ou vire kle a sou on ak off lè w ap estat ak lè ou fini (si ou pa fè sa batri a kapab dechaje)
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

GID POU EKIPMAN YO (kontinye)

Oto-Lavèz Planche ak Kondiktè

- Asire ou itilize tanpon kòrèk la
- Asire ou vire kle a sou on ak off lè w ap estat ak lè ou fini (si ou pa fè sa batri a kapab dechaje)
- Tcheke ekran yo ak filtè yo souvan
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

Somat/Konpaktè

- Asire entèriptè a nan pozisyon “off”
- Asire lam yo file souvan
- Tcheke pwodui an vè yo, ti bwat aliminyòm yo, elatriye., pa nan machin nan
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

Ekipman pou Koupe Gazon

- Tcheke gaz ak lwil, bouji, epi tcheke si lam yo file
- Asire ou mete bòt, linèt pwoteksyon ak gan
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

Machin- Les/Sechwa yo

- Asire sou modèl-a-gaz yo limyè pilòt la limen
- Asire disjonktè yo limen
- Asire filtè a pwòp anvan ak apre chak itilizasyon
- Asire koneksyon tiyo a sere
- **Asire machin nan pwòp apre itilizasyon li chak jou**
- _____

Konsèy pou Sekirite nan Netwayaj avèk Presyon

Fliyid anba presyon wo kapab antre nan po ou epi lakòz ou pran chòk grav.

Si nenpòt fliyid sanble antre anba po ou, chèche jwenn swen medikal touswit! Pa trete li tankou yon koupi senp. Fè doktè ki desèvis la konnen egzakteman ki fliyid ki te antre anba po ou. Mande doktè ou pou li kontakte Rezo Nasyonal Kontwòl Pwazon; (412) 681-6669

TOUJOU...

- Mete linèt pwoteksyon oswa pwoteksyon figi pou pwoteje zye ou.
- Fèmen inite a epi louvri pistolè-a-gachèt la pou degaje presyon an anvan ou retire pwent vaporizasyon oswa anvan ou fè sèvis nan inite a.
- Asire dlo a ap koule anvan ou estat machin nan.

PAJANM...

- Pwente pistolè vaporizasyon an sou nenpòt moun oswa nenpòt pati kò moun.
- Mete men ou oswa dwèt ou sou pwent vaporizasyon an.
- Eseye kanpe oswa detounen fuit nan machin nan avèk men ou oswa kò ou.
- Depase endis presyon nenpòt eleman ki nan sistèm nan. Toujou itilize objè akseswa yo ak eleman sistèm nan k ap reziste nan presyon ki devlope a.
- Chanje oswa modifye ekipman sa a. Sekirite pèsonèl ou, plis fonksyonman kòrèk ekipman an arisk.
- Eseye opere sistèm nan san dlo oswa avèk yon koneksyon dlo ki pa konvnab.
- Eseye opere aparèy chofaj dlo a, si li ekipe san dlo p ap koule nan inite a.
- Kite timoun oswa gramoun ki pa antrene opere machin nan. Kite timoun ak tout anplwaye ki pa nesesè nan yon distans sekirite lè w ap itilize machin nan.
- Kite yon inite sou presyon san siveyans Toujou fèmen inite a epi redui presyon an anvan ou kite machin nan.
- Netwaye machin nan avèk espre pa li. Ka gen domaj nan eleman nan espre presyon wo a epitou ka gen ogmantasyon posiblite pou chòk elektrik.
- Likid vaporizasyon ki kapab fè flanm. Pa opere inite a kote ki ka gen vapè oswa pousyè konbistib.
- Vaporizatè pwodui chimik toksik tankou ensektisid oswa èbisid Pa itilize pwodui chimik, ki pa konpatib avèk machin nan.

GID POU ELIMINASYON SIBSTANS CHIMIK

Li enpòtan pou konnen fason pou elimine san pwoblèm ak kòrekteman pwodui chimik yo ak lòt sibstans danjere gadyen yo itilize nan djòb la. Ajans Pwoteksyon Anviwònman (EPA) responsab pou sipèvize anpil aspè sekirite nan espas travay la. EPA te mete anplas yon sistèm manifès, ki egzije pwodiktè dechè yo pou konsève dosye detaye epi pou fè rapò ba ajans lan. Dapre gid sa yo, yon pwodui chimik ak tout dechè ki pwodui ladan se responsablite achtè a depi nan kòmansman jiska eliminasyon pwodui yo. Menmsi achtè a anboche yon konpayi jesyon dechè, responsablite final pou pwodui chimik lan se toujou responsablite achtè a.

Yon moun pa ta dwe itilize nenpòt sibstans, menm pwodui pou sèvi nan kay, san moun nan pa konprann ki danje ki egziste ak fason pou li itilize pwodui a san danje. Ou ta dwe itilize sibstans chimik yo sèlman man mannyè epi pou objektif yo te deziyen. Anvan anplwaye a itilize nenpòt pwodui chimik, li ta dwe aprann kichòy sou danje posib yo, mezi pou eliminasyon ak mezi pou resevwa tretman annijans ak pwosedi yo pou manipilasyon pwodui a. Ou kapab jwenn tout enfòmasyon sa yo swa nan etikèt ki sou pwodui a oswa nan Fich Done Sekirite (Safety Data Sheet, SDS) li, ki t a dwe disponib nan chak sant ki itilize yon pwodui chimik. Eliminasyon sibstans yo nan yon fason ki pa kòrèk tankou pwodui chimik ki sèvi nan djòb la kapab lakkòz pwoblèm grav. Fich Sekirite Materyèl yo gen enfòmasyon sou pwosedi eliminasyon san danje pou sibstans chimik nou itilize yo.

Ou dwe swiv gid ki endike anba la yo lè w ap eliminé pwodui chimik yo:

- Ou ka vide solisyon dlo dilye pifò pwodui chimik yo nan dren sanitè a.
- Mete pwodui chimik anplis yo nan yon resipyen ki la pou sa pou eliminasyon pidevan.
- Ou pa ta dwe manyen etè dyetilik ki ansyen. Si ou gen yon resipyen etè ki ansyen, mande administratè a pou rele Manadjè Pwodui Chimik nan Depatman Jesyon Risk ak Sekirite pou fè aranjman poui retire pwodui a.
- Elimine likid ki kapab fè flanm yo nan yon resipyen apa.
- Ou dwe make tout pwodui chimik ki pa gen etikèt, ki ansyen, entèdi, danjere yo avèk adeziv wouj pou eliminasyon. Ou dwe kite pwodui chimik make sa yo sou etajè a men ou pa dwe transfere yo nan yon lòt kote.
- Ou dwe ranpli Fòm Eliminasyon Pwodui Chimik lan epi voye li ba Manadjè Pwodui Chimi lan ki nan Depatman Jesyon Risk ak Sekirite anvan ou pwogramme yon dat pou retire li.
- Pa janm floche matyè kowozif ak volatil nan sistèm egou a.
- Toujou jete pòsyon nou pa itilize yo oswa pwodui chimik melanje yo sof si enfòmasyon ki nan etikèt la endike ou dwe konsève melanj lan pou itilizasyon pita. Si sa fèt , make epi estoke melanj solisyon an kòrekteman.
- Nan ka devèsman yo, eliminate materyèl yo kòrekteman (tankou sèvyèt papye oswa twal)ou itilize pou netwaye devèsman an.

Pwodui Chimik Nou Itilize nan Lekòl Konte Broward

Detèjan Dezenfektan Detergent (Wexcide 128)

Deskripsyon: Yon pwodui chimik netwayaj ki touye jèm

Nou itilize li pou: Netwaye twalèt yo, lavabo yo, fontèn dlo yo, klinik yo, fliyid kò, patojèn ki transmèt nan san, vestyè yo, elatriye

Ajan net pou Netwayaj Planche (Nukleen)

Deskripsyon: yon ajan netwayaj planche ki pa asidik epi ki pa alkalen

Nou itilize li pou: sèlman pou netwaye kawo vinil.

Ajan Netwayaj pou Tout Itilizasyon (Clean by Peroxy 15)

Deskripsyon: yon pwodui chimik pou itilize pou fè netwayaj jeneral

Nou itilize li pou: Netwayaj sifas tab kontwa ak mèb

Restoratè Briyans (Spit Shine)

Deskripsyon: Yon konpoze likid, ki ranpli fant ki piti anpil yo ak gratman yo nan planche sire yo

Nou itilize li pou: Polisaj avèk vitès wo (nou itilize li nan mitan operasyon degonmaj planche yo pou fè planche sire a dire pi lontan).

Ajan Netwayaj Bòl Twalèt (Toilet Bowl Cleaner, NABC)

Deskripsyon: Yon konpoze likid ki pa asidik

Nou itilize li pou: netwaye tach ki andedan bòl twalèt yo- Pa itilize ajan netwayaj bòl twalèt la pou netwayaj/dezenfeksyon chak jou. Itilize detèjan dezenfektan an pou objektif sa a.

Ajan Netwayaj Vit Fenèt (Clean by Peroxy 15)

Deskripsyon: Yon ajan netwayaj likid lejè

Nou itilize li pou: Netwaye nenpòt vit, Plexiglas oswa sifas ki gen miwa

Ajan Netwayaj Kowo ak Jwenti (Clean by Peroxy 15 and Victoria Bay Tile & Grout Cleaner)

Deskripsyon: Yon konpoze pou netwayaj pou kowo seramik ak jwenti

Nou itilize li pou: Netwaye jwenti sal ak tach ki bloke nan jwenti a ak kowo a

Degresè

Deskripsyon: Yon ajan netwayaj pou tout kalite gwo netwayaj

Nou itilize li pou: Retire tras dwet ak tras men, tras kreyon koulè ak akimilasyon trafik lou

Ajan Netwayaj Ekolojik pou Tout Itilizasyon (Clean by Peroxy 15)

Deskripsyon: yon **pwodui** abaz pewoksid

Nou itilize li pou: Netwayaj lejè sifas tab, kontwa yo, pòt yo elatriye...

Pwodui Chimik Nou Itilize nan Lekòl Konte Broward (kontinye)

Pwodui pou Degonmaji Lasi Stripper (Bare Bones)

Deskripsyon: yon ajan absòban

Nou itilize li pou: retire lasi sou planche a

Lasi (NCL ONE)

Deskripsyon: yon ajan fèmti pou kawo vinil ak planche terrazzo

Nou itilize li pou: Pwoteksyon planche ki gen kawo vinil epi pou bay yon aparans briyan

Pwodui pou Efase Grafiti

Deskripsyon: Yon pwodui chimik abaz asetòn ki estabilize pwodui abaz lank yo

Nou itilize li pou: efase grafiti

Pwodui pou retire ma chiklèt ak adeziv

Deskripsyon: Yon pwodui chimik abaz tolyèn ki separe ma chiklèt ak adeziv

Nou itilize li pou: Retire ma chiklèt nan kapèt, planche, elatriye

Pwodui pou Retire Wouy (Victoria Bay)

Deskripsyon: yon konpoze abaz asid

Nou itilize li pou: retire tach wouy

Eliminatè Odè (Consume Eco-lyzer)

Deskripsyon: yon anzm ki detwi odè

Nou itilize li pou: Elimine odè yo

Chanpou Ekstraksyon pou Kapèt (Clean by Peroxy 15 and Spartan Extraction II)

Deskripsyon: yon likid konsantre

Nou itilize li pou: retire tè nan kapèt

Anti-Mous

Deskripsyon: Yon pwodui abaz silikòn

Nou itilize li pou: separe mous

Fason pou Itilize Detèjan Jèmisidal Wex-Cide 128 One-Step

Pou tou dezenfeksyon, tankou salklas yo, twalèt yo, vestyè yo, kafeterya yo ak biwo yo, itilize Wex-Cide 128 nan yon dilisyon **1 ons pou chak galon dlo**(li fonn otomatikman lè ou itilize yon inite distribisyon pòtatif).

PA MELANJE WEX-CIDE 128 AVÈK LÒT PWODUI CHIMIK.



Enstwiksyon pou Itilizasyon

1. Pase Wex-Cide 128 avèk flakon vaporizasyon an sou sifas pou dezenfekte a.
Ou kapab pase li depi mou aspèje solisyon an sou sifas yo.
2. Ou kapab pase Wex-Cide 128 ki nan flakon vaporizasyon an sou sifas la avèk yon twal, yon eponj, yon bwòs, oswa yon mòp nan pwen satirasyon an.

Ou kapab pase Wex-Cide 128 tou depi ou vide solisyon nan sou sifas yo oswa ou ka plonje objè yo sèlman lè solisyon an deziyen pou tout sifas yo.

Pa vide solisyon an sou objè oswa ekipman ou plonje ki pa deziyen pou satire.
3. Retire salte enpòtan an, si genyen, anvan aplikasyon final Wex-Cide 128.
4. Apre ou pase Wex-Cide 128, kite li seche nan lè pou tan kontak 10 minit lan.
5. Ou kapab itilize Wex-Cide 128 nan kafeterya yo ak zòn sèvis manje yo. Men kèk egzanp atik kalite siperyè pou dezenfeksyon: Tab ak chèz yo, manch pòt yo, entèriptè limyè yo, inite refwadisman yo, manch frizè yo, sifas aparèy menaje yo ak kouvèti poubèl yo. Ou pa bezwen rense sifas sa yo.
6. **Sifas Kontak avèk Manje**

Li nesesè pou rense avèk dlo sèlman pou sifas ki gen kontak dirèk avèk manje tankou pandan preparasyon oswa estokaj. Ou dwe rense sifas ki gen kontak avèk manje yo avèk dlo.

Egzanp sifas ki gen kontak avèk manje:

Asyèt yo, Istansil yo, Planch-a-Koupe yo, Bwat Estokaj Manje, tab pou Preparasyon Manje, Tranchè yo, Plak Patisri

Estabilite Itilizasyon Solisyon: Wex-Cide 128 dire plis tan sou etajè apre dilisyon. Menmsi yo te demonstre estabilite a pou peryòd tan pi long, Wexford Labs rekòmande pou itilizatè a pa prepare solisyon pou estoke (anba kondisyon nòmal) pou peryòd tan ki pi gran pase **twa mwa**.

*Konsilte fich SDS ak Deklarasyon yo pou Prekosyon pou jwenn plis enfòmasyon.

SANITASYON AK ANTRETYEN

Nan lekòl yo, “sanitasyon” se kalite netwayaj ki deziyen pou bay yon anviwònman aprantisaj ki san danje epi ki bon pou sante. “Antretyen” kouvri aktivite travay ki fèt pou amelyore aparans ak itilite yon zòn. Sanitasyon ak antretyen ekstrèman enpòtan nan chak zòn kote moun ap viv, travay, oswa jwe. Sa vrè sitou nan lekòl yo kote gwo gwoup moun pase yon gwo kantite tan. Sanitasyon ak antretyen:

- Ede fè yon lekòl vin yon kote ki bon pou san epi ki san danje
- Bay yon espas travay ki atraktif ak pwodiktif
- Pwolonje lavi itil bilding lekòl la ak mèb li yo

Anviwònman yo ki pwòp, atiran jwe yon gwo pati nan reyalize objektif yon lekòl. Objektif sa yo gen ladan ede elèv yo aprann pou yo vin manm itil pou sosyete a.

Wòl Gadyen yo nan sanitasyon antretyen

Gadyen lekòl yo enpòtan anpil pou tout aktivite sanitasyon ak antretyen nan lekòl la. Yo gen pi gwo responsabilite pou aktivite travay yo nan domèn sa a. Aktivite travay sa yo kapab gen rezulta imedyat ak vizib. Yo kapab gen enpak pou anpil tan sou sante tout moun nan biling nan. Objektif prensipal gadyen an nan yon lekòl se antreteni yon biling aprantisaj ki pwòp ak sanitè, yon biling ki bay yon bon anviwònman pou edikasyon ak travay. Alòske tout moun ki nan yon biling ka konnen oswa ka pa konnen enpòtans sanitasyon, administratè yo ki nan lekòl la ta dwe konprann efè sa gen sou lekòl la trè byen. Gadyen pwofesyonèl la ta dwe gen fyète nan fè travay sanitasyon ak antretyen byen. Pwochen seksyon an pral bay yon konesans pratik jeneral anpil sijè ak aktivite enpòtan, tankou:

- Dezenfeksyon zòn tankou sèvis manje, fontèn dlo ak vestyè yo
- Netwayaj sèten kalite sifas espesyal tankou vit ak kapèt
- Eliminasyon kòrèk dechè yo, ak
- Kontwòl kèk bêt nuizib nan biling nan

PWOSEDI NETWAYAJ DEPI ANWO POU RIVE ANBA

TWALÈT YO

1. LAVE TOUT VANTILASYON/RETOU A/C YO AK TOUT KAWO AK GRIY PLAFON KI NAN LANTOURAJ YO
2. RETIRE POUSYÈ ANWO AK ANBA DEPI ANWO POU RIVE ANBA AK TOUT KWEN YO
3. LAVE KOUVÈTI DEFLEKTÈ LIMYÈ YO ANDEDAN AK DEYÒ EPI RANPLASE ANPOUL DEYÒ KI BOULE YO EPI SIYE TOUT FIL ARENYE YO
4. LAVE EPI DEZENFEKTE MIRAY YO/ KOUVÈTI POURBÈL YO
5. DEZENFEKTE IRINWA YO, TWALÈT YO/SYÈJ TWALÈT YO
6. NETWAYE/POLI MIWA YO/TRAVAY ENTÈLIJAN
7. LAVE PÒT YO ANKADREMAN PÒT YO EPI POLI PLAK PWOTEKSYON YO
8. VIDE POURBÈL YO EPI LAVE YO AVÈK DEZENFEKTAN AK DLO
9. ITILIZE GRIBOUYAJ SOU TOUT PWENT/KWEN YO AK NAN BAZ TOUT TWALÈT YO AK IRINWA YO
10. GRATE NENPÒT BAGAY KI KOLE NAN PLANCHE A/MA CHIKLÈT ELATRIYE.
11. BALE PLANCHE A/ RANMASE FATRA
12. ITILIZE EPIRATÈ SOU PLANCHE A EPI PASE MÒP POU RETIRE DLO AK PWODUI CHIMIK SIPLEMANTÈ

SALKLAS YO

1. LAVE EPI GRATE MA CHIKLÈT, LAKÒL/ELATRIYE SOU TOUT BIWO ELÈV YO EPI ANPILE NAN SAL LA
2. LAVE TOUT CHÈZ ELÈV YO EPI ANPILE YO NAN SAL LA
3. LAVE EPI GRATE MA CHIKLÈT, LAKÒL/ELATRIYE SOU TOUT TAB YO EPI ANPILE YO NAN SAL LA
4. SIYE EPI NETWAYE TOUT ÒDINATÈ AK TAB ÒDINATÈ EPI METE YO NAN SAL LA
5. SIYE EPI NETWAYE BIWO/CHÈZ PWOFESÈ YO EPI METE YO NAN SAL LA
6. LAVE TOUT PLAKA/ETAJÈ LIV MOBIL YO EPI METE YO NAN SAL LA
7. LAVE TOUT A/C YO AK VANTILASYON RETOU YO/ KAWO AK GRIY KI NAN LANTOURAJ YO
8. RANPLASE FILTÈ È-KONDISYONE YO JAN SA NESESÈ
9. LAVE KOUVÈTI DEFLEKTÈ LIMYÈ YO ANDEDAN AK DEYÒ EPI RANPLASE ANPOUL DEYÒ KI BOULE YO EPI SIYE TOUT FIL ARENYE YO
10. RETIRE POUSYÈ ANWO AK ANBA DEPI ANWO POU RIVE ANBA AK TOUT KWEN YO
11. RANPLASE TOUT KAWO PLAFON KI TACHE/KRAZE YO
12. SIYE EPI NETWAYE TOUT KAT JEWOGRAFIK YO
13. SIYE EPI NETWAYE TOUT TABLO BLAN YO
14. LAVE TOUT FENÈT YO/MOUSTIKÈ FENÈT YO AK AREBÒ FENÈT YO

PWOSEDI NETWAYAJ DEPI ANWO POU RIVE ANBA

(kontinye)

15. LAVE TOUT PÒT YO/FENÈT YO/ANKADREMAN PÒT YO EPI POLI PLAK PWOTEKSYON YO
16. SIYE EPI NETWAYE EKSTENKTÈ YO
17. LAVE TOUT MIRAY YO AK KOUVÈTI POUBÈL YO
18. VIDE TAY-KREYON YO
19. LAVE DISTRIBITÈ SAVON LIKID YO/PÒT-PAPYE IJJENIK YO AK MIRAY KI ANWO KONTRA A
20. LAVE TOUT ANLÈ KONTWA YO AK LAVABO YO
21. LAVE ANDEDAN AK DEYÒ TOUT PLAKA YO AK PÒT YO TOU
22. LAVE TOUT BANN FINISYON YO
23. VIDE TOUT POUBÈL YO EPI LAVE YO AVÈK DEZENFEKTAN
24. GRATE NENPÒT BAGAY KI KOLE NAN PLANCHE A/MA CHIKLÈT ELATRIYE.
25. BALE TOUT PLANCHE YO EPI RANMASE TOUT FATRA YO
26. RETIRE TOUT FATRA YO POU METE YO NAN GWO POUBÈL LA
27. DEGONMEN EPI SIRE TOUT PLANCHE YO
28. PASE CHANPOU SOU TOUT KAPÈT YO AK TAPI YO
29. RETOUNEN MÈB YO NAN SAL LA EPI RANJE YO

KOULWA YO

1. LAVE TOUT A/C YO AK VANTILASYON RETOU YO/ KAWO AK GRIY KI NAN LANTOURAJ YO
2. LAVE TOUT KOUVÈTI DEFLEKTÈ LIMYÈ YO ANDEDAN AK DEYÒ EPI SIYE TOUT FIL ARENYE YO/ RANPLASE TOUT ANPOUL BOULE YO
3. RANPLASE TOUT KAWO PLAFON KI TACHE/KRAZE YO
4. RETIRE POUSYÈ ANWO AK ANBA DEPI ANWO POU RIVE ANBA AK TOUT KWEN YO
5. SIYE EPI NETWAYE TOUT TABLO AFICHAJ YO
6. LAVE TOUT FENÈT YO/MOUSTIKÈ FENÈT YO AK AREBÒ FENÈT YO
7. LAVE TOUT PÒT YO/FENÈT YO/ANKADREMAN PÒT YO EPI POLI PLAK PWOTEKSYON YO
8. SIYE EPI NETWAYE EKSTENKTÈ YO AK PLAKA YO
9. LAVE TOUT MIRAY YO AK KOUVÈTI POUBÈL YO
10. LAVE TOUT BANN FINISYON YO
11. GRATE NENPÒT BAGAY KI KOLE NAN PLANCHE A/MA CHIKLÈT ELATRIYE.
12. BALE TOUT PLANCHE YO EPI RANMASE TOUT FATRA YO EPITOU METE TOUT FATRA YO NAN GWO POUBÈL LA
13. ASIRE OU IMIDIFYE TOUT PÒT YO ANVAN OU DEGONMEN AK SIRE TOUT PLANCHE YO
14. PASE CHANPOU SOU TOUT TAPI KAPÈT YO

KAJ ESKALYE YO

1. LAVE TOUT A/C YO AK VANTILASYON RETOU YO/ KAWO AK GRIY KI NAN LANTOURAJ YO
2. LAVE TOUT KOUVÈTI DEFLEKTÈ LIMYÈ YO ANDEDAN AK DEYÒ EPI SIYE TOUT FIL ARENYE YO
3. RETIRE POUSYÈ ANWO AK ANBA DEPI ANWO POU RIVE ANBA AK TOUT KWEN YO
4. LAVE TOUT FENÈT YO/MOUSTIKÈ FENÈT YO AK AREBÒ FENÈT YO
5. LAVE TOUT PÒT YO/FENÈT YO / ANKADREMAN PÒT YO EPI POLI PLAK PWOTEKSYON YO
6. LAVE TOUT MIRAY YO AK KOUVÈTI POUBÈL YO EPI SIYE AK DEZENFEKTE TOUT RANP YO
7. LAVE TOUT BANN FINISYON YO
8. GRATE NENPÒT BAGAY KI KOLE NAN PLANCHE A/MA CHIKLÈT ELATRIYE.
9. BALE PLANCHE A EPI RANMASE FATRA YO
10. RETIRE TOUT FATRA YO POU METE YO NAN GWO POUBÈL LA
11. DEGONMEN EPI SIRE PLANCHE A
12. PASE CHANPOU SOU TOUT TAPI YO

ASANSÈ YO

1. LAVE EPI DEZENFEKTE MIRAY/PÒT ASANSÈ YO POLI TOUT ASYE INOKSIDAB YO
2. GRATE NENPÒT BAGAY KI KOLE NAN PLANCHE A/MA CHIKLÈT ELATRIYE.
3. DEGONMEN EPI SIRE PLANCHE A

KAFETERYA/KUIZIN

1. LAVE TOUT A/C YO AK VANTILASYON RETOU YO/ KAWO AK GRIY KI NAN LANTOURAJ YO
2. LAVE TOUT KOUVÈTI DEFLEKTÈ LIMYÈ YO ANDEDAN AK DEYÒ EPI SIYE TOUT FIL ARENYE YO
3. RETIRE POUSYÈ ANWO AK ANBA DEPI ANWO POU RIVE ANBA AK TOUT KWEN YO
4. LAVE TOUT FENÈT YO/MOUSTIKÈ FENÈT YO AK AREBÒ FENÈT YO
5. LAVE TOUT PÒT YO/FENÈT PÒT YO/ EKSTENKTÈ YO EPI POLI PLAK PWOTEKSYON YO
6. LAVE TOUT MIRAY YO AK POUBÈL YO AK KOUVÈTI YO
7. LAVE TOUT BANN FINISYON YO
8. GRATE NENPÒT BAGAY KI KOLE NAN PLANCHE A/MA CHIKLÈT ELATRIYE.
9. NETWAYE JWENTI EKSPANSYON YO NAN PLANCHE YO
10. BALE TOUT PLANCHE YO/DÈYÈ PÒT KOUP-DIFE YO EPI RANMASE TOUT FATRA YO

11. METETOUT FATRA YO NAN GWO POUBÈL LA
12. DEGONMEN EPI SIRE TOUT PLANCHE YO
13. DEZENFEKTE EPI FWOTE PLANCHE KUIZIN NAN

Avèk pwosedi netwayaj depi anwo pou rive anba, kote ki pi lojik pou kòmanse se plafon an. Netwaye miray la answit epi apre netwaye fenèt yo. Ou ta dwe netwaye mèb yo ak enstalasyon yo , epi dènye zòn jeneral pou netwaye se ta planche a oswa kapèt la.

Responsabilite Jounalye yo: Bilding Jeneral la

1. Ou dwe netwaye mwazisi nan baz la chak fwa ou pase mòp sou sifas solid la.
2. Ou dwe netwaye yo ray yo chak jou.
3. Lave tout sifas kontwa yo ak plaka ki asiyen nan zòn nan chak jou.
4. Ou dwe netwaye miray yo, pòt yo, ankadreman yo ak papòt yo chak jou.
5. Ou dwe netwaye planche asansè yo chak jou. Ou dwe netwaye epi poli pòt asye ak miray asansè yo jan li nesesè.
6. Ou dwe retire mo gwosye ak grafiti imedyatman li posib, pito anvan elèv yo rive.
7. Ou dwe pase mòp mouye chak jou sou kawo vinil, kawo seramik, kawo terrazzo ak kawo karyè epi ou dwe retouche yo sire yo omwen chak ane.
8. Ou dwe pase aspiratè sou kapèt yo chak jou.

Ou dwe antreteni kapèt yo nan yon mannyè ap prevwa konfòmite pèmanan avèk prensip enflamabilite ki anvigè (STREF 5.5 (I) J (5)).

9. Ou dwe p[ase mòp sou tout planche jimnastik la pou retire pousyè sou yo chak jou.
10. Ou dwe vide poubèl dechè andedan (panye dechè, poubèl fatra, elatriye.) chak jou epi ou dwe netwaye yo lè li nesesè. Ou dwe ranplase doublé yo chak jou.
11. Ou dwe netwaye evye devèsman yo chak jou epi ou dwe antreteni yo nan bon kondisyon pou yo fonksyone toutan.
12. Ou dwe netwaye koulwa deyò yo jan li nesesè. Sa gen ladan ranmasaj tout debri epi pase bale oswa aparèy souflaj nan zòn nan.
13. Ou dwe netwaye antre deyò yo epi ou dwe ranmase fatra ladan yo chak jou. Ou dwe bale tapi antre oswa ou dwe pase aspiratè sou yo epitou ou dwe netwaye toulède bò vit la chak jou. Ou dwe retire tapi ki rantre yo ak zòn ki rantre yo pou netwaye yo chak semèn oswa pi souvan jan li nesesè.
14. Ou dwe kenbe teren jwèt yo ak twotwa yo pwòp chak jou pou evite tras sab ak salte nan bilding nan.
- 15. Ou dwe ranmase fèy palmye yo branch bwa yo ak debri yo chak jou nan tout kanpis la.**

Responsabilite Jounalye yo: Bilding Jeneral la (kontinye)

16. Ou dwe netwaye lavabo yo ak sifas kontwa yo chak jou.
17. Ou dwe tcheke materyèl pòt yo chak jou. Ou dwe kenbe materyèl anti-panik lan nan eta fonksyònman toutan. Si li pa nan eta fonksyònman, fè sipèvizè ou konnen sa pou fè reparasyon ladan.
18. Ou dwe retire pousyè epi pase bale nan zòn acha yo chak jou. Ou dwe kenbe planche yo san dechè, grès ak Obstrikson.
19. Ou dwe netwaye kaj eskalye yo chak jou.
20. Ou dwe enspekte fenèt yo pou wè si gen vit ki kraze chak jou.
21. Ou dwe dezenfekte fontèn dlo yo, evye ki toutotou sifas kontwa yo chak jou.
22. Ou dwe vide-tay kreyon yo chak jou jan li nesesè.
23. Ranplase tout anpoul boule yo nan zòn yo ye a. Sizoka enstalasyon an toujou pa opere apre ou mete nouvo anpoul yo, antre yon nòt post-it sou andedan kouvèti sòkèt la epi fè sipèvizè ou konnen sa imedyatman.
24. Re-estoke epi ranpli distribitè savon likid yo ak distribitè papye ijyenik yo chak jou. Fè sipèvizè ou konnen imedyatman nenpòt distribitè ki kraze oswa ki pa la nan zòn yo mete ou travay la.
25. Fè sipèvizè ou konnen imedyatman nenpòt reparasyon oswa kòmann travay ki bezwen fèt nan zòn yo mete ou travay la.

26. Fè pwosedi sanitasyon jounalye nan tout twalèt yo!

Responsablite yo Chak Semèn: Bilding Jeneral la

1. Ou dwe netwaye zòn oditoryòm nan ak estrad la omwen chak semèn.
2. Ou dwe retire fil arenye yo ak nich labou iwondèl yo nan koulwa yo, epi ou dwe retire fil arenye yo nan plafon salklas yo.

Ou dwe tcheke gon pòt yo, materyèl ki fèmen pòt yo, seri pòt yo ak aparèy retni pòt yo chak semèn pou wè si gen vis ki manke oswa lache epi pou ajiste yo Epi librifye yo jan li nesesè. Ou dwe rapòte gwo reparasyon Ki dwe fèt yo ba depatman awopriye a. (SREF. 5.5(8C)).

3. Ou dwe imidifye “nivo pousyè fèb” yo avèk yon detèjan dezenfektan oswa yon twal mikwofib. Kòmanse adwat pòt antre epi travay nan yon direksyon sans kontré zegwi mont toutotou sal 1 pou siye pousyè nan tout sifas plat yo ki ranmase pousyè. Yon moun ki goche ta ranvèse direksyon sa a.
4. Fèmen epi take fenèt yo anvan ou siye pousyè nan arebò fenèt yo. Ekri yon nòt pou nenpòt vit kraze ki bezwen reparasyon. Rapòtaj domaj yo ak sekirite nan biling nan se yon pati nan responsablite ou yo.
5. Vantilasyon A/C yo, Retou yo ak Kouvèti Griy Inite Miray rekòmande pou fè sèvis ladan yo chak mwa oswa nan premye siy pousyè ki anpile.
6. Ou dwe retire pousyè nan kawo plafon toutotou vantilasyon A/C yo. Tout enstalasyon limyè ki toutotou A/C yo rekòmande pou fè sèvis ladan yo chak peryòd oswa nan premye siy pousyè ki anpile.
7. Ou dwe poli avèk vîtes wo planche VCT ki nan koulwa yo omwen chak semèn.
8. Fè pwosedi sanitasyon an chak semèn nan tout twalèt yo.
9. Ou dwe netwaye dren twati yo ak pasrèl kouvri yo pou retire fèy, debri, papye, boul, elatriye... ak mwazisi tou.
10. Netwaye, òganize re-estoke zòn sèvis estokaj Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo.

Responsablite yo Chak Mwa: Bilding Jeneral la

1. Ou ta dwe tcheke filtè yo chak mwa, epi ou ta dwe chanje yo anvan entèval tan ki rekòmande yo, dapre kondisyon biling nan.

Responsabilite Semèstriyèl yo: Bilding Jeneral la

Ou dwe lave andedan fenèt yo omwen chak semès.
(SREF 5.5 18 (A))

1. Ou dwe netwaye andedan ak deyò fenèt yo chak peryòd.
2. Ou dwe tcheke operatè fenèt yo chak semès epi ou dwe fè ajisteman minè (ak librifikasyon) ladan yo pou kenbe ekipman yo nan eta fonksyònman.

Responsabilite Anyèl yo: Bilding Jeneral la

1. Ou dwe netwaye rido yo ak kouvèti fenèt yo omwen chak ane.
2. Ou dwe netwaye plafon yo chak ane.
3. Ou dwe netwaye tout mèb yo omwen chak ane. Ou dwe sere vis ak seri ki lache yo. Ou dwe ranplase glisyè ki ize oswa manke yo.
4. Ou dwe netwaye sòkèt anpoul yo oswa enstalasyon tib limyè yo omwen chak ane epi ou dwe chanje yo jan li nesesè.
5. Ou dwe retire ekran fenèt yo pou netwaye yo omwen chak semès. Ou dwe kenbe yo nan bon reparasyon.

Lis tout sa ki Nesesè pou Netwayaj

Bilding Jeneral la	Chak jou	Chak semèn	Chak mwa	Chak semès	Chak ane	Chak peryòd (jan li nesesè)
Oditoryòm Estrad						X
Mwazisi nan Baz			X			
Rido yo					X	
Kafeterya / Zòn Dine	X					
Plafon yo					X	
Tablo nwa yo / Ray yo	X					
Klinik yo	X					
Pòt yo, ankadreman yo, Papòt yo, Pano Vizyon yo	X					
Sistèm konduit yo			X			
Asansè yo	X					
Miray Deyò, Andedan yo	X					
<u>Kouvèti Planche yo: Siman, Kapèt Terrazzo, Karyè ak VCT</u>	X					
Mèb yo	X					
<u>Planche Jimnastik</u>				X	X	X
Poubèl Dechè Andedan yo	X					
Enstalasyon Limyè					X	
Anpoul yo oswa Tib yo					X	
Evye Mòp yo	X					
Koulwa Deyò yo	X					
Antre ak Tapi Deyò yo	X					
<u>Filtraj</u>				X		
Atelye yo (bwa, otomobil)	X					
Kaj eskalye yo	X					
Tablo afichaj			X			
Pasrèl, Debòdman Twati					X	
<u>Fenèt yo</u>	X					
<u>Operatè Fenèt yo</u>				X		
<u>Zòn Espesyal yo</u>	Chak jou	Chak semèn	Chak mwa	Chak semès	Chak ane	Chak peryòd (jan li nesesè)
Kawo Seramik	X					
Kontwa yo	X					
<u>Pòt/Materyèl</u>	X					
Dren ak Tiyo Ekoulman	X					
Fontèn pou Bwè Dlo	X					
Enstalasyon yo	X					
Laboratwa yo	X					
Douch yo	X					
Distribitè Savon likid/ Papye ijyenik	X					
Sal Twalèt yo	X					
Ranmasaj Fatra ak Dechè	X					

SALKLAS/KOULWA/BIWO **PWOSEDI NETWAYAJ**

Netwayaj jeneral bilding yon lekòl enpòtan anpil. Anjeneral, zòn sa yo se premye kote pwofesè yo, anplwaye yo ak elèv yo pase. Netwayaj zòn sa yo se yon reprezantasyon tout moun ki gen rapò avèk lekòl la. Sa ta dwe byen òganize epi ou ta dwe itilize bon jan zouti ak ekipman. W ap ekonomize anpil tan ak efò si ou itilize materyèl ak ekipman netwayaj konvnab ak si ou swiv metòd yo. Sèten metòd pral chanje akòz pozisyon lekòl la ak kalite sifas w ap netwaye a. Manyèl sa a pral bay yon lis tout sa ki nesesè pou netwayaj. Lis sa a konsantre sou de kalite netwayaj prensipal:

- **Woutin**, ki fèt chak jou de fwa chak semèn, oswa chak semèn, ak
- **Chak peryòd**, ki fèt anjeneral chak mwa, chak trimès, chak semès oswa chak ane

Kantite fwa pou fè chak nan aktivite travay ki anwo a pral sitou depannde bezwen chak lekòl apa ak faktè anviwònman yo, men ou dwe fè kèk aktivite travay pou yon minimòm kantite fwa.

Ekipman ak Materyèl yo

-
- | | |
|---|---------------------------------|
| ● Mòp pou siye pousyè | ● Ajan netwayaj aspiratè |
| ● Bale nan lòbi ak pèl pou ranmase pousyè | ● Siye pousyè nan zouti |
| ● Mòp mouye | ● Bokit ki gen esorèz |
| ● Ti so | ● Eponj pou fwote |
| ● Gan kawotchou ak linèt pwoteksyon | ● Twal Mikwofib |
| ● Kouto Mastikaj | ● Pano planche mouye |
| ● Doublji poubèl yo | ● Sèvyèt papye |
| ● Ajan netwayaj dezenfektan | ● Ajan net pou netwayaj planche |
| ● Pwodui pou retire ma chiklèt | ● Detachè kapèt |
| ● Savon pou men | ● Papye ijyenik |
| ● Ajan netwayaj pou tout izaj | ● Ajan netwayaj grafiti |

Salklas/Koulwa/Biwo: Aktivite Travay chak Jou

Aktivite Travay chak Jou

1. Vide tay kreyon (yo).
2. Netwaye arebò fenèt yo ak ray lakerè yo.
3. Vide poubèl yo epi chanje doublì yo nan tout seksyon an epi netwaye kontwa yo jan li nesesè.
4. Pase aspiratè/bale planche yo, mach eskalye yo/palye eskalye yo. Netwaye tach yo nan miray yo, pòt yo fenèt yo ak ankadreman pòt yo.
5. Pase mòp sou planche ki gen kawo yo pou retire tach yo jan li nesesè.
6. Pase bale/pase mòp/lave miray/pòt/fenèt yo nan kafeterya a chak jou.
7. Pase bale/pase mòp nan zòn ki asiyen pou ou chak jou dapre orè travay ou.
8. Fè pwosedi sanitasyon twalèt yo chak jou.
9. Dezenfekte fontèn dlo yo, miray ki toutotou yo ak zòn planche a.
10. Estoke pwodui papye yo, savon pou men nan twalèt yo.
11. Ranmase debri yo epi vide poubèl deyò yo nan zòn ki asiyen yo pou ou epi netwaye resipyen yo jan li nesesè.
12. Ranplase tout anpoul boule yo nan zòn ki asiyen yo pou ou.
13. Rapòte tout kòmann travay ba sipèviziè woulman travay ou epi fè tout aktivite travay yo selon enswiksyon yo.
14. Netwaye evye yo, koutwa ki toutotou yo chak jou.
15. Lave tout sifas kontwa yo ak plaka nan zòn ki asiyen pou ou yo chak jou.

Salklas/Koulwa/Biwo: Aktivite Travay Chak Semèn

Aktivite Travay Chak Semèn ki Dwe Pwogramme

1. Poli koulwa yo.
2. Netwayaj konplè miray yo, pòt yo, fenèt yo ak ankadreman pòt yo.
3. Retire pousyè nan tout seksyon an epi siye tout sifas orizontal yo, tankou vantilasyon ak retou è-kondisyone yo, kawo ak griy plafon yo, chak semèn.
4. Fè pwosedi sanitasyon an chak semèn nan tout twalèt yo.
5. Netwaye epi òganize sal estokaj pèsonèl sèvis antretyen nan bilding ak ekipman yo.

Salklas/Koulwa/Biwo: Aktivite Travay yo chak Mwa

Aktivite Travay yo Chak Mwa jan yo Pwograme

1. Chanje filtè A/C yo nan zòn ki asiyen pou ou. Entèval tan pou chanje filtè yo depannde dimansyon filtè yo:
 - ❖ Filtè 1" Yon fwa pa mwa
 - ❖ Filtè 2" Yon fwa chak 3 mwa
 - ❖ Filtè 4" Yon fwa chak 6 mwa
2. Ou ta dwe tcheke filtè yo chak mwa, epi ou ta dwe chanje yo anvan entèval tan ki rekòmande yo, dapre kondisyon bilding nan.
3. Pase chanpou nan tach yo ak liy trafik nan kapèt yo.

PWOSEDI NETWAYAJ POU TWALÈT/SAL VESTYÈ-DOUCH/KLINIK

Twalèt yo se kote ki enpòtan anpil nan nenpòt biling, an fonksyon sanitasyon ak relasyon piblik. Kondisyon twalèt la nòmalman se yon gwo enkyetid pou elèv, pwofesè, anplwaye ak vizitè ki itilize yo. Eksperyans moun sa yo avèk pwòprete ak sanitasyon twalèt la anjeneral ap devlope yon enpresyon k ap dire lontan konsènan biling lan nèt.

Yon twalèt se yon espas repwodiksyon pou tout kalite bakteri ak jèm ki lakòz maladi. Kote gen enkyetid pou sante ak byennèt piblik, ou pa kapab itilize rakousi, ou pa kapab koupe kwen, ou pa kapab kite yon travay pou jiska demen. Epitou plis pase nenpòt lòt zòn nan biling la, twalèt la montre efikasite Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Biling nan ak Ekipman yo.

Pwosedi Netwayaj pou Twalèt/Sal Vestyè-Douch/Klinik

Ekipman ak Materyèl yo

- Gan Kawotchou
- Bokit ak esorèz mòp
- Vaporizatè sou presyon
- Bale
- Bale-bwòs
- Pano planche mouye
- Sèvyèt pou men
- Anvlòp San-I-Bag
- Ajan netwayaj bòl twalèt
- Ajan net pou netwayaj planche
- Pèl pousyè
- Savon pou men
- Vaporizatè ponp
- Linèt Pwoteksyon
- Mòp
- Kouto mastikaj
- Bwòs pou netwaye bòl twalèt la
- Detejan dezenfektan
- Twal mikwofib
- Napkin ijyenik
- Doublis inite pou eliminasyon
- Savon pou men
- Raklwa
- Ajan netwayaj grafiti
- Papye ijyenik

Toujou mete gan pwoteksyon ak linèt pwoteksyon lè w ap travay nan zòn sa yo.

Ou dwe netwaye enstalasyon ki nan sal douch ak vestyè yo, ban yo, moray yo ak planche yo omwen yon fwa chak jou, lè yo nan itilizasyon avèk yon jèmisid efikas oswa yon ajan netwayaj bakteryostatik. Ou dwe antreteni planche yo nan yon kondisyon pou yo anti-derapan. Ou dwe dezenfekte tèt douch yo ak kontwòl elèv yo opere chak jou. (SREF 5.5 (15B-7)).

Ou dwe netwaye ak dezenfekte tout sal klinik yo omwen chak jou, avèk yon ajan netwayaj jèmisidal oswa bakteryostatik nan kondisyon ki pwòp ak sanitè toutan (SREF 5.5 (I) J (5)).

Ou dwe netwaye tout twalèt yo, irinwa yo, lavabo yo, valv flòch yo, distribitè yo, miwa yo, etajè yo, poubèl yo, klwazon yo miray ba yo ak planche yo omwen yon fwa chak jou avèk yon ajan netwayaj jèmisidal oswa bakteryostatik efikas. (SREF 5.5 (15 B-2)).

Ou dwe netwaye enstalasyon yo omwen yon fwa chak jou avèk yon ajan netwayaj jèmisidal oswa bakteryostatik epi ou dwe antreteni yo nan kondisyon pwòp ak sanitè toutan. Asire attach syèj la tache toutan (SREF5.5 15B -2A).

Savon sèvyèt ak papye ijyenik dwe anplas epi yo dwe gen kantite konvnab toutan. Ou ka ranplase sechwa lè cho yo pou sèvyèt papye ak distribitè yo. (SREF 5.5 (15B -2D)).

Ou dwe floche tap flòch yo ak trap irinwa yo avèk dlo epi ou dwe dezenfekte yo chak jou. (SREF 5.5 (5C)).

Twalèt Sal Vestyè/Klinik: Aktivite Travay chak Jou

Chak jou

- Rasanble zouti ak materyèl ki nesesè yo. (Flakon pilverizatè oswa pilverizatè ponp 3 galon ki ranpli avèk solisyon Wexide apwopriye bwòs twalèt, eponj, mòp pwòp, lenjèt, pèl ak bale pou lòbi, bagèt pou retire pousyè, ajan pou netwaye grafiti ak bokit mòp ki ranpli avèk solisyon Wexide apwopriye.)
- Retire tout debri avèk pèl ak bale lòbi a. Retire tout grafiti yo chak jou. Tcheke plafon yo epi netwaye yo jan li nesesè.
- Kòmanse avèk zòn evye a ak kontwa a ki satire nèt (vènisaj total) evye, wobinè yo, distribitè yo, miwa yo, kontwa a touche zòn yo ak espas miray ki nan lantouraj yo avèk yon pilverizatè ponp 3 galon oswa flakon pilverizatè ki ranpli avèk dilisyon Wexide apwopriye. Pa enkyete ou pou ekoulman anplis solisyon jèmisidal la, 1 ap absòbe lè w ap pase mòp la.
- Kontinye pwosesis vènisaj total sa a pou rive nan pwochen estasyon enstalasyon yo tankou twalèt yo, irinwa yo, valv flòch yo, distribitè yo, klwazon yo, ba-sipò yo ak zòn kontak yo. Netwaye tach nan nenpòt akimilasyon nan miray la. (Sonje pou satire enstalasyon an nèt. Kote siperyè yo, andedan, anba syèj yo epi anba twalèt la ak irinwa ki pandye sou miray yo, yon espas komen pou odè yo.) Kontinye mache toupatou nan twalèt la avèk vènisaj total sa a , fè pwosesis la jiskaske twalèt la satire avèk solisyon jèmisidal la. Pa enkyete ou pou ekoulman anplis solisyon jèmisidal la 1 ap absòbe lè w ap pase mòp la.
- Retounen nan zòn evye a ak kontwa a sèk yon eponj epi ajite zòn nan nèt avèk fòs. Sonje pou fwote tout wobinè yo, distribitè yo, zòn kontak yo, miwa yo ak zòn kontwa yo. (**Pa itilize yon bwòs twalèt oswa yon bwòs irinwa oswa eponj nan zòn sa yo.**)
- Kontinye nan pwochen estasyon enstalasyon yo epi ajite zòn nan nèt avèk yon eponj, bwose oswa siye pou asire ou fwote valv flòch yo, anlè yo akote yo dèyè ak anba inite a, zòn kontak yo, klwazon yo, ba-sipò yo ak distribitè yo jiskaske tout enstalasyon yo, valv flòch yo, distribitè yo ak zòn kontak yo ajite nèt toupatou nan twalèt la. Netwaye tach nan nenpòt akimilasyon nan miray la (**Pa itilize bwòs oswa eponj twalèt/irinwa pou netwaye valv flòch yo, distribitè yo ak zòn kontak yo**)
- Itilize yon eponj pou elimine solisyon jèmisidal siplemantè a nan tout sifas orizontal yo tankou sifas kontwa yo. Itilize lenjèt sechaj pou byen seche tout valv kwòm yo asye inoksidab yo, valv flòch yo, wobinè yo, distribitè yo, miwa yo epi travay byen pou evite dekolorasyon. Kite enstalasyon yo seche nan lè. (Seche syèj la si ou dwe re-louvri twalèt la imedyatman) Ranplase nenpòt distribitè domaje imedyatman epi rapòte nenpòt reparasyon ki nesesè ba sipèvizè ou. Replen distribitè yo jan li nesesè.

Twalèt Sal Vestyè/Klinik: Aktivite Travay yo Chak Jou (kontinye)

- Pase mòp mouye nan tout espas planche apati miray ki pi lwen an epi pou travay nan direksyon sant lan ak papòt la avèk Wexide epi floche dren planche a avèk rès solisyon jèmisidal la. Siye sonèt pòt antre a epi siye pòt yo avèk solisyon Wexide jiskaske pa gen anprend men ak salte. (**Nòt:** Ou dwe itilize solisyon jèmisidal nan bokit mòp la sèlman pou yon twalèt gwoup moun. Li nesesè pou replen bokit la avèk solisyon jèmisidal fre pou kontinye nan pwochen twalèt la. **PA** itilize mòp ki soti nan twalèt la sou planche koulwa a oswa sou planche salklas la pou evite kontaminasyon kwaze. Itilize yon mòp ki make ak apa pou objektif sa yo.)

Twalèt/Sal Vestyè/Klinik: Aktivite Travay Chak Semèn

Chak semèn

- Rasanble zouti ak materyèl ki nesesè yo. (Pilverizatè ponp 3 galon ki plen avèk solisyon Wexide apwopriye, bwòs twalèt, eponj, mòp pou netwayaj, pèl lòbi, bagèt pou retire pousyè ak bale, machin fwotaj a vitès fèb, gribouyaj ak/oswa lavè planch debaz, bokit mòp netwayaj ki ranpli avèk dilisyon solisyon jèmisidal apwopriye ak esorèz.) Solisyon jèmisidal nou genyen kounye a ap fonn 1 ons pou chak 1 galon dlo. (SREF 5.5 (1) J (5)).
- Kòmanse retire pousyè nan vantilasyon ak griy yo ki nan twalèt la epi lage tout debri miray yo ak plafon yo atè
- Retire tout debri avèk pèl ak bale lòbi a. Retire tout Grafiti yo chak Jou!
- Kòmanse toudabò andedan miray twalèt la, Kòmanse avèk zòn lavabo a ak sifas kontwa a, byen satire (vènisaj total) vaporizatè ponp 3 galon ki plen avèk dilisyon solisyon jèmisidal apwopriye, tout espas miray la depi planche a jiska plafon an epi kontinye satire nan direksyon lavabo a, wobinè yo, distribité savon pou men, kontwa a ak miwa yo. Pa enkyete ou pou ekoulman anplis solisyon jèmisidal la, n ap retounen nan sa pita. Sonje pou satire tiyo dren ki anba lavabo a, yon espas komen pou odè.
- Kontinye pwosesis vènisaj total sa a pou avanse nan pwochen estasyon enstalasyon yo epi satire tout espas miray la, klwazon yo, enstalasyon yo ak valv flòch yo (sonje pou satire enstalasyon an nèt) tankou anlè akote yo, andedan, anba syèj yo ak anba twalèt la oswa irinwa ki pandye yo, yon espas komen pou odè. (SREF 5.5 15B – 2A) Kontinye mache toupatou nan twalèt la avèk pwosesis vènisaj total sa a, fè pwosesis la jiskaske tout espas miray la enstalasyon yo klwazon yo ki nan twalèt la satire avèk solisyon jèmisidal la. Pa enkyete ou pou solisyon jèmisidal anplis la, n ap retounen nan sa pita. (SREF 5.5 (15B - 2A)) Nòt: Lè w ap mete vènisaj total nan irinwa yo ak twalèt yo, sonje pou satire tout espas miray la ak klwazon yo depi nan plafon yo jiska planche a pou asire ou fè dezenfeksyon. (SREF 5.5) 15B – 7))
- Retounen nan premye miray satire a epi ajite zòn nan nèt avèk fòs avèk gribouyaj pandan w ap fè atansyon espesyal nan kwen yo ak pwent yo. Kontinye nan direksyon zòn lavabo yo a sifas kontwa a epi kontinye fwote avèk yon eponj epi ajite zòn nan nèt avèk fòs, sonje pou fwote tout wobinè yo, distribité yo, espas miray la, tiyo dren yo, miwa yo, ak zòn sifas kontwa yo. **(Pa itilize bwòs twalèt oswa bwòs irinwa yo sou lavabo yo oswa sou sifas kontwa yo! Pa itilize eponj sou irinwa oswa twalèt sa yo!)**

Twalèt/Sal Vestyè/Klinik: Aktivite Travay yo Chak Semèn (kontinye)

- Kontinye nan pwochen estasyon enstalasyon yo epi ajite zòn nan nèt avèk fòs avèk eponj oswa bwòs pandan ou sonje pou fwote valv flòch yo, anlè arebò yo, dèyè ak anba inite a, espas miray la nèt, klwazon yo, jiskaske tout enstalasyon yo, distribitè yo, klwazon yo ak espas miray la ajite okonplè.
- Retounen nan premye miray satire a epi re-satire okonplè depi plafon an jiska planche a, pandan w ap avanse nan direksyon zòn lavabo a ak sifas kontwa a. Answit itilize vaporizatè ponp 3 galon an ki plen avèk dilisyon solisyon jèmisidal apwopriye epi mete vènisaj nan tout zòn nan apre ou rense li nèt.
- Refè pwosesis vènisaj sa a toupatou nan twalèt la pou asire ou byen satire anwo, anba akote yo, dèyè ak anba inite yo, espas miray la, klwazon yo, distribitè yo valv flòch yo, elatriye...
- Itilize yon eponj pou elimine solisyon jèmisidal siplemantè a nan tout sifas orizontal yo tankou sifas kontwa yo. Itilize lenjèt sechaj pou byen seche tout valv kwòm yo asye inoksidab yo, valv flòch yo, wobinè yo, distribitè yo, miwa yo epi travay byen pou evite dekolorasyon. Lè li nesesè, itilize yon pwodui polisaj sou asye inoksidab la pou fè twalèt briye ankò. Netwaye kouvèti difizè limyè a lè li nesesè. Ranplase nenpòt distribitè domaje imedyatman epi rapòte nenpòt reparasyon ki nesesè ba sipèvizè ou.
- Replen tout distribitè savon yo, sèvyèt papye yo ak paper iijyenik yo jan li nesesè. (SREF 5.5 (15B – 2D))
- Satire tout espas planche a avèk dilisyon solisyon jèmisidal apwopriye epi fwote tout zòn ki gen aksè fasil yo avèk machin fwotaj a vitès ba ak bwòs gress nayilòn nan. Itilize yon gribouyaj oswa machin fwotaj planch baz la pou fwote rès zòn yo tankou pwent yo, kabin andedan yo ak espas sere ki nan lantouraj twalèt yo ak irinwa yo. Nan kèk ka, li ka nesesè pou itilize yon pwodui chimik pou netwaye fant pou retounen mete koulè nan fant lan. Refè pwosesis sa a nèt jiskaske twalèt la pa gen odè epi san dekolorasyon ak tach. Floche dren planche a avèk solisyon jèmisidal ki rete a. (SREF 5.5 (5c)). Itilize aspiratè imid/asèk pou retire solisyon an nan planche yo ki gen gwo salte a, sinon itilize mòp mouye pou retire solisyon anplis la nan planche a.
- Siye sonèt pòt antre a epi siye pòt yo avèk dilisyon solisyon jèmisidal apwopriye jiskaske pa gen anprend men ak salte. (Nòt: Ou dwe itilize solisyon jèmisidal nan bokit mòp la sèlman pou yon twalèt gwoup moun. Li nesesè pou replen bokit la avèk solisyon jèmisidal fre pou kontinye nan pwochen twalèt la. Pa itilize mòp ki soti nan twalèt la sou planche koulwa a oswa sou planche salklas la pou evite kontaminasyon kwaze. Itilize yon mòp ki make ak apa pou objektif sa yo!)

Sa pou Fè ak sa pou pa Fè pandan Netwayaj Twalèt yo

SA POU FÈ

- Dezenfekte tout zòn kote moun oswa dechè ki vini an kontak.
- Siye asèk tout kwòm pou evite kowozyon.
- Mezire pwodui chimik yo avèk presizyon.
- Dezenfekte dren planche a epi floche li chak jou. (SREF 5.5(5C))
- Fwote planche a avèk machin nan chak peryòd.
- Kenbe tout distribitè yo antreteni.

PA

- Itilize ajan netwayaj bòl twalèt pou nenpòt netwayaj ki pa bòl twalèt yo.
- Pran yon solisyon miks nan yon twalèt pou itilize nan yon lòt.
- Fè solisyon an pi fò pase sa ki endike nan enstwiksyon an. Pwodui chimik yo san danje lè ou itilize yo selon enstwiksyon yo.
- Itilize ajan netwayaj abrazif (Ajax, Comet, elatriye.)
- Melanje pwodui chimik yo ansanm nan menm solisyon an. Sa kapab lakòz chòk pèsonèl ak/oswa efikasite redui nan netwayaj la.

****** Pa itilize BD100 kòm yon ajan netwayaj pou twalèt! ******

FENÈT YO

Fenèt yo se sous prensipal pou mennen limyè natirèl nan biling yo. Fenèt pwòp ki opere kòrèkteman yo ap afekte sekirite, ekonomi ak estetik biling lan. Fenèt pwòp yo kapab amelyore anviwònman aprantisaj la epi yo kapab leve moral manm pèsonèl la. Netwayaj fenèt ak vit nan pifò lekòl yo se yon gwo djòb men yon djòb ki enpòtan anpil tou. Apeprè yon-tyè limyè natirèl la kapab pèdi lè fenèt yo sal. Limyè natirèl la enpòtan pou aparans sal yo epi pou evite itilizasyon egzajere limyè atifisyèl (sa ki gaspiye enèji).

Kantite fwa pou netwaye fenèt yo detèmine dapre pozisyon ak nòm aplike biling lan. Nan kèk zòn, li obligatwa pou fè netwayaj tach oswa netwayaj vit chak jou. Anjeneral, ou dwe netwaye fenèt antre yo fenèt biwo yo bak vit klwazon chak jou. Anjeneral, ou dwe netwaye vit deyò a chak peryòd. Lavaj fenèt la dwe fèt kòrèkteman pou pa kite tach ladan. Li ka sanble pi senp pou netwaye andedan an answit “frape li avèk yon tiyo kawotchou” depi deyò a, men sa pa efikas. Menm lè li difisil pou rive nan fenèt yo, ou ta dwe itilize yon twal, yon eponj oswa yon bwòs ak yon raklwa. Kèk metòd jeneral pou netwaye pifò fenèt yo endike anba la a:

1. Rasanble ekipman ki nesesè yo
2. Monte rido yo (si li posib) epi retire tout sa ki arebò fenèt la
3. Lave vit la avèk eponj lan ak dlo oswa solisyon netwayaj la
4. Itilize yon raklwa pou retire solisyon netwayaj la swa kòt-a-kòt oswa depi anwo pou rive anba
5. Siye lam nan avèk twal la oswa eponj lan nan fen chak frap
6. Siye dlo amplis la sou arebò a

Netwayaj Fenèt Deyò

Ekipman ak Materyèl yo

- Bokit 26 qt. avèk/wou
- Tiyo awozaj /avèk bèk
- Solisyon ajan netwayaj pou fenèt
- Bwòs fenèt
- Lenjèt
- Raklwa fenèt

1. Sèlman netwaye epi rense yon ti seksyon alafwa pou evite sifas la seche.
2. Ou ta dwe retire tout adeziv la ak nenpòt debri.
3. Ou ta dwe netwaye sifas tiyo a.
4. Melanje solisyon netwayaj fenèt la nan dlo dapre enstwiksyon manifakti a.
5. Bwose solisyon an sou sifas yo avèk yon frap kòt-a-kòt ak frap depi anwo pou rive anba.
6. Rense nèt avèk tiyo a ak raklwa a asèk.
7. Itilize lenjèt ki kapab re-itilize yo pou retire tach ki rete yo.
8. Netwaye tout ekipman ou itilize yo epi mete yo sou kote.

Netwayaj Fenèt Andedan

Ekipman ak Materyèl yo

- Flakon Plastik Vaporizasyon
- Lenjèt
- Ajan Netwayaj Fenèt
- Raklwa Fenèt

1. Ranpli flakon vaporizasyon an avèk yon solisyon ajan netwayaj fenèt nan Machin Distribisyon Otomatik la, oswa pwodui chimik ki melanje kòrèkteman nan lòt sous.
2. Bwose oswa siye sifas pou retire nenpòt salte ki lache.
3. Aspèje yon ti zòn alafwa I itilize yon mouvman sikilè pou seche zòn nan avèk lenjèt yo.
4. Re-siye avèk yon lenjèt sèk pou retire nenpòt rezidi.
5. Netwaye tout ekipman ou itilize yo epi mete yo sou kote.

SÈVIS MANJE AK NITRISYON

Kenbe zòn konsomasyon manje a pwòp ak san kwasans bakteri se yon defi pèmanan pou Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo. Li enpòtan pou swiv pwosedi sanitasyon rekòmande yo epi pou itilize bon jan ajan netwayaj ak dezenfektan lè w ap netwaye zòn preparasyon ak eliminasyon manje.

Zòn kafeterya a, zòn kuizin nan, ak zòn eliminasyon manje se anviwònman ideyal pou kwasans bakteri ak nuizans ki gen rapò avèk bêt nuizib. Kontak dirèk moun avèk manje kapab kreye yon deklanchman bakteri si ou pa swiv pwosedi netwayaj yo.

Domèn Responsablite pou Netwayaj nan Sèvis Manje ak Nitrisyon

Domèn Responsablite Pèsonèl Sèvis Manje ak Nitrisyon - Ekipman Preparasyon Manje, Ekipman Estokaj Manje, Zòn Estokaj Manje, Netwayaj Planche Kuizin nan Chak Jou, Poubèl Kuizin nan, Netwayaj Dren (Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo pou ede avèk ranmasaj kouvèti dren), Miray yo nan yon Wotè Rezonab (jiska 6 pye) Somat Room, Somat Machine, Zòn Machin Lesiv ak Sechwa, Konpaktè, Tab Kafeterya yo, Chèz yo ak/oswa Ban yo.

Zòn Responsablite Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo - (Ale nan pwosedi netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo nan paj 67). Tout Sifas yo ki nan Kafeterya a / Zòn Dine sof Tab Kafeterya yo, Miray yo nan yon Wotè Rezonab (6pye ak pi wo), Chèz yo ak/oswa Ban yo, Sal Ekstraksyon ki gen ladan Machin Ekstraksyon ak Zòn ki nan Lantouraj li, Poubèl yo ki nan Kafeterya a ak Zòn ki nan Lantouraj yo, Elimine Fatra ki nan Konpaktè Fatra a, Antretyen nan Gwo Poubèl la tankou Kominikasyon EMS (Reparasyon ak Pwoblèm Devèsman Fatra), Netwaye epi Deyodorize Gwo Poubèl la, Zòn Sipò Gwo Poubèl la ak Zòn ki nan Lantouraj li, Fwote Planche Kuizin nan avèk Poud (Omwen 1 fwa chak ane, answit jan li nesesè, dapre detèminasyon administrasyon sant ou, Dren Planche a ak Planche Biwo Kafeterya a (Omwen 1 fwa chak ane epi answit jan li nesesè, dapre detèminasyon administrasyon sant ou), Elimine Bwat Katon ak Sache Fatra yo Mete Deyò Pòt Kuizin nan, Netwayaj Plafon Kuizin nan, Netwayaj Konduit Ayerasyon Kuizin nan, Netwaye tout Enstalasyon Limyè yo, Netwayaj Vantilatè Kuizin nan.

Konfime kantite pwopan konvnab pou ekipman kuizin nan sou yon baz regilye. Konfime ke yo respekte orè livrezon epi yo mete lòd ijans si sa nesesè.

Konfime tanperati refrijerasyon / frizè kuizin nan kontwole epi note dapre pwosedi Sèvis Manje ak Nitrisyon pandan vakans lete.

Kafeterya /Salamanje

Nan anpil lekòl, netwayaj zòn manje yo separe ant pèsonèl Bilding yo ak pèsonèl Sèvis Manje ak Nitrisyon. Pèsonèl Sèvis Manje ak Nitrisyon responsab pou zòn preparasyon manje ak zòn kote pou sèvi manje a. Pèsonèl sèvis antretyen nan bilding ak ekipman yo responsab pou zòn kote pou moun yo manje. Aranjman lekòl ou pral afekte youn nan aktivite travay ou fè yo ki endike anba la a. Tout fonksyon pèsonèl sèvis antretyen nan bilding ak ekipman yo dwe fè t dapre kalandriye netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan bilding ak ekipman yo. Ale nan Lis tout enfòmasyon ki nesesè netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan bilding ak ekipman yo nan paj 52.

Ekipman ak Materyèl yo

- | | |
|------------------------------------|-----------------------|
| ● (2) 20 poubèl ki mezire 20 galon | ● Mòp |
| ● Aspiratè | ● Esorèz |
| ● Kouto mastikaj | ● Bale Lòbi |
| ● Pèl pousyè | ● Lenjèt jetab |
| ● Doubli poubèl yo | ● Pano planche mouye |
| ● Bale-bwòs | ● Detejan dezenfektan |
| ● Ajan netwayaj ma chiklèt | ● Bokit mòp |
| ● Flakon vaporizasyon | ● Twal Mikwofib |

1. Bale planche kafeterya a avèk bale pou pouse ak ranmase debri yo.
2. Grate nenpòt bagay ki kole nan planche a/ma chiklèt elatriye.
3. Netwaye miray yo ki toutotou Somat chute ak lòt zòn yo chak jou.
4. Pase mòp nan planche kafeterya a avèk konsantre dezenfektan. Deplase tab yo ase pou pase mòp anba pye tab yo chak jou.
5. Si kafeterya gen tab pliyan, swiv enstwiksyon yo ki nan paj 70 pou pliye tab yo.
6. Apre planche a seche, oswa apre ou pase aspiratè a, mete chèz yo sou planche a ankò, pou espase yo kòrèkteman.
7. Netwaye vit antre a nan toulède bò yo chak jou.
8. Retire tout fatra ak bwat katon nan kafeterya a / sal dine epi lage yo nan gwo poubèl ki deziyen yo. Pèsonèl Sèvis Manje ak Nitrisyon ap kwaze bwat yo (bwat katon ak papye), mare sachè fatra yo nan kuizin nan, epi kite atik yo dèyè pòt la pou pèsonèl bilding yo pou mete yo nan gwo poubèl yo /poubèl yo.

Kafeterya /Salamanje (kontinye)

9. Lave tout A/C yo ak vantilasyon retou yo / kawo ak griy ki nan Lantouraj yo.
10. Lave tout kouvèti deflektè limyè yo andedan ak deyò epi siye tout fil arenye yo.
11. Retire pousyè anwo ak anba depi anwo pou rive anba ak tout kwen yo.
12. Lave tout fenèt yo / moustikè fenèt yo / arebò fenèt yo.
13. Lave tout pòt yo / fenèt pòt yo / ekstenktè yo / poli plak pwoteksyon yo.
14. Lave tout miray yo ak poubèl yo ak kouvèti yo.
15. Lave tout bann finisyon yo.
16. Netwaye jwenti ekspansyon yo nan planche yo.
17. Degonmen epi sire tout planche yo.

NÒT:

- *Bale yo dwe rete pwòp ak nan bon kondisyon. Manch pèl pousyè yo dwe rete pwòp ak nan bon kondisyon.*
- *Bokit Mòp la / Tèt Mòp yo ale yo dwe rete pwòp ak nan bon kondisyon. Bokit mòp la dwe gen solisyon netwayaj ki chanje souvan.*
- *Gwo poubèl yo / poubèl yo dwe rete pwòp (andedan ak deyò) epi yo pa dwe gen okenn odè oswa debri manje.*


Enstwiksyon pou Pliye Tab Kafeterya

PRIDANS: INITÉ PÈSONÈL GRANMOUN OTORIZÉ DWE ARE AK PLWAYE

POU SEKIRITE TAB YO DWE BLOKE TOUTAN SOF PANDAN Y AP PLWAYE A BDEPLWAYE YO
FASON POU PLWAYE AK FASON POU DEPLWAYE TAB YO


POU LOUVRI:

1. Debloke seri a. Itilize toude men ou pou fè sa. Separe kote BA yo.
2. Gide tab la desann ofi-amezi pou rive nan pozisyon pou louvri a.
3. Fèmen nan glisyè ba ki nan plan orizontal la pou rive nan pozisyon bloke.



POU FÈMEN:

4. Retounen annaryè pou "debloke" tab la. Monte tab la nan mitan pou byen kenbe janm anba ak janm mitan epi leve li vétikalman.
5. Redi de mwatye ab la ansanm nan yon pozisyon vétikal.
6. Lè tab la nan pozisyon vétikal (fèmen), vire ba a toutotou pou li kapab pwente toudwat. Answit ranvèse manch lan pou desann toudwat nan pozisyon bloke a.
7. PRIDANS: POUSE TAB LA NAN KOTE ETWAT LA POU ALE NAN DEPO



Kuizin

1. Lave tout vantilatè ki monte nan miray yo ak plafon yo dapre pwosedi netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo ak kalandriye netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo.
2. Lave tout A/C yo ak vantilasyon retou yo / kawo ak griy ki nan lantouraj yo dapre pwosedi netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo ak kalandriye netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo.
3. Fwote planche kuizin nan avèk poud epi netwaye dren planche a dapre pwosedi netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo epi dapre kalandriye netwayaj ki anplas. Omwen 1 fwa chak ane epi answit jan li nesesè, dapre detèminasyon administrasyon sant lan.
4. Degonmen epi poli planche ki nan biwo kuizin nan. Omwen 1 fwa chak ane epi answit jan li nesesè, dapre detèminasyon administrasyon sant lan.
5. Lave vantilasyon twalèt la dapre pwosedi netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo ak kalandriye ki anplas pou netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo.
6. Lave vantilasyon plafon yo ak miray yo dapre pwosedi netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo ak kalandriye ki anplas pou netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo, anwo 6'.
7. Evye mòp Andedan ak Deyò dwe rete pwòp ak san debri chak jou.
8. Ou dwe netwaye tout gwo poubèl / poubèl deyò yo (fatra, resiklaj ak Somat) avèk detèjan dezenfektan konsantre. Ou kapabaspèje dezenfektan sa a andedan ak deyò poubèl yo anvan ou vide fatra yo oswa dechè. Ou dwe drene tout dlo/ dechè nan yon egou oswa sistèm eliminasyon sanitè.
9. Konfime sistèm nan anplas pou lage fatra nan gwo poubèl Somat pandan sèvis kafeterya a. Jesyon dechè dwe sonnen sonèt kafeterya a pou pèsonèl kafeterya a kapab fèmen Somat oswa pou yo kapab mete yon fatra anba chit Somat pandan y ap lage fatra nan gwo poubèl Somat. Fè swivi avèk biwo Sèvis Asistans EMS (emshelpdesk@browardschools.com) si konpayi gwo poubèl la pa swiv pwosedi ki anplas la.
10. Netwaye tout enstalasyon limyè yo (Kuizin, Biwo, Somat, Ekstraktè, Pòt Antre / Soti Kuizin nan, Twalèt yo). Ranplase tout anpoul yo jan li nesesè, ansanm ak kouvèti aspirasyon an.

Kuizin (kontinye)

NÒT:

- *Si gwo poubèl yo, /poubèl yo (fatra, Somat resiklaj) ekstrèman sal, ou kapab netwaye yo avèk detèjan dezenfektan konsantre. Ou kapab aspèje detèjan sa a andedan ak sou deyò poubèl yo. Ou ta dwe fwote akote yo ak anba yo avèk yon ansyen bale jiskaske yo netwaye nèt. Answit ou ta dwe vide gwo poubèl la, seche li epi retounen nan espas apwopriye li. Si gwo poubèl Somat pa kapab netwaye, kontakte Sèvis Asistans EMS pou mande yo pou ranplase gwo poubèl la.*
- *Tout zòn ki nan lantouraj gwo poubèl yo / poubèl yo (Resiklaj, Fatra, Somat) dwe rete san okenn kalite debri tankou men pa sèlman dechè Somat, fatra, mèb ak palèt.*
- *Si kamyon gwo poubèl konpayi jesyon dechè a kite dechè nan lakou a akòz move pratik devèsman, moun ki alatèt pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo oswa moun li deziyen dwe fè Sèvis Asistans EMS konnen sa.*
- *Moun ki alatèt pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo oswa moun li chwazi dwe kontakte Sèvis Asistans EMS sizoka yon gwo poubèl / pyon poubèl bezwen reparasyon, tankou menm pa sèlman bouchon drenaj, kouvèti yo, twou yo ak kouki kase.*

Sal Ekstraktè

1. Retire kouvèti chit Ekstraktè a. Aspèje andedan Ekstraktè a avèk solisyon netwayaj/dezenfeksyon, kite li kanpe pandan 5-10 minit, bwose, rense epi floche (Chak jou)
2. Aspèje deyò Ekstraktè a ak zòn lantouraj li okonplè avèk solisyon netwayaj/dezenfektan, kite li kanpe pandan 5-10 minit, bwose li epi rense li. (Chak jou)
3. Netwaye plafon yo, miray yo ak enstalasyon limyè yo dapre pwosedi netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo ak kalandriye ki anplas pou netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo. Netwaye miray yo ak plafon an jiska yon wotè rezonab (6pye ak pi wo) (Chak jou)
4. Netwaye evye mòp la dapre pwosedi netwayaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo. (Chak jou)
5. **Pa** estoke mòp yo, bokit mòp yo, bale yo, tiyo awozaj yo oswa materyèl netwayaj yo dapre pwosedi netwayaj / estokaj pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo.

NÒT:

- *Sal ekstraktè a ak machin ekstraktè a dwe sanitè ak òganize toutan. Ou pa dwe itilize sal ekstraktè a kòm yon sal estokaj.*
- *Kòmann travay (defayans machin, penti elektrik, elatriye.) pou sal Ekstraktè a ou dwe rele pou kòmann travay dapre pwosedi pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo.*
- *Kontwole deyodorizan Ekstraktè a. Si deyodorizan nesesè, kontakte Manadjè Sèvis Manje ak Nitrisyon.*

PLANCHE YO

Kondisyon planche yo nan yon biling se youn nan siy ki pi vizib p[ou bon jan pwosedi netwayaj ak antretyen. Planche yo se pi gwo zòn sifas pèsonèl sèvis antretyen nan Biling ak Ekipman yo netwaye epi planche yo gen enpak sou sante ak sekirite elèv yo ak anplwaye yo. Planche a se yon pati ki empòtan anpil pou enpresyon jeneral biling nan.

Kèlkeswa fason jan yon planche parèt pwòp, si pa gen netwayaj kòrèk ki fèt ladan, move odè kapab fòme. Sa sitou nan kapèt yo. Itilizasyon yon deyodoran ki fò pa kapab korije pwoblèm sa a. Si ou itilize pwosedi ak kalandriye netwayaj kòrèk, deyodoran òdinè pa janm nesesè. Ou kapab kontwole odè bakteri lakòz avèk jèmisid ki ajoute nan solisyon netwayaj apwopriye. Ou kapab eliminate mwazisi menm jan. Netwayaj ak sechaj kòrèk planche yo kapab redui oswa eliminate odè. Si odè a vin yon pwoblèm, akòz neglijans oswa yon gwo pwoblèm tankou inondasyon, eseye etap sa yo:

1. Retire tout kantite mwazisi ki posib nan planche a. Fè atansyon espesyal nan kwen yo ak toutolon planch baz yo.
2. Netwaye planche a jan li apwopriye avèk ajan netwayaj net, channou oswa mous sèk. Li rekòmande pou itilize yon solisyon dezenfekstan / deyodoran. Sa deziyen pou eliminate odè yo ak touye sous la, pa sèlman pou kouvri oswa pou maske odè a.
3. Yon fwa ankò, retire tout kantite mwazisi ki posib.
4. Nan ka ki grav yo, kote odè a tranpe nan ranbouraj ki anba kapèt la, pafwa ranplasman ka se repons lan sèlman.

Nan yon gwo limit, kondisyon planche ap montre efikasite operasyon Pèsonèl Sèvis Biling ak Ekipman yo toupatou nan biling nan. Poutèt sa, antretyen kòrèk planche a se yon fonksyon empòtan tout manm Pèsonèl Sèvis Biling ak Ekipman yo. Seksyon sa a pral bay gid ak pwosedi pou antretyen kòrèk planche a.

Pwosedi pou Epirasyon

Anvan Operasyon:

- Zòn nan anvan ou siye pouisyè oswa anvan ou pase bale
- Ranmase nenpòt gwo debri, bwat, papye oswa manje sou planche kafeterya a, elatriye...
- Tcheke nivo batri nan machin nan ak nivo dlo nan batri yo. Li ta dwe sèlman kouvri andedan plat yo. Itilize dlo distile sèlman
- Tcheke kondisyon tanpon yo sou machin nan. Li rekòmande pou itilize tanpon blan oswa wouj pou degonmaj chak jou

Operasyon:

- Plen tank lan avèk dlo nan nivo ki pa depase li y maksimòm nan endike sou tib vis la
- Bese pon lavaj la ak raktwa a... Nòt: Asire ou regle presyon tanpon an nan yon nivo ki p ap domaje planche a oswa machin nan
- Toujou kòmanse degonmaj la depi adwat pou rive agòch, pou dekoupe chemen ou a de pouz pou asire ou kouvri planche a nèt
- Lè ou fini netwayaj ou, toujou monte pon lavaj la epi itilize raktwa a pou ranmase dlo ki rete a.
- Answit monte raktwa a epi retounen nan estasyon an

Apre Operasyon an:

- Vide tank rekiperasyon an epi answit netwaye tank dlo a. Rense machin nan epi kite dlo a koule nan machin nan avèk tiyo awozaj la pou floche nenpòt dlo sal
- Rense filtè a nan tank rekiperasyon nan oswa filtè ki anlè motè aspiratè, epitou retire epi rense filtè ekoulman solisyon an
- Siye machin jouk anba epi kite machin nan ak tout pò yo louvri pou asire tank yo seche nan lè
- Chaje machin nan si li nesesè, pou kite machin nan louvri pou ayere batri yo pandan w ap chaje machin nan
- Tcheke nivo dlo yo chak semèn anvan pou chaje machin nan. Li ta dwe sèlman kouvri andedan plat yo. Itilize dlo distile sèlman!

Fason pou pase Mòp sou Planche a

Ekipman ak Materyèl yo

-
- Mòp
 - Mòp pou siye pousyè
 - Kouto mastikaj
 - Pano planche mouye signs
 - Pèl pousyè
 - Bokit ki gen esorèz
 - Bale
 - Solisyon netwayaj ki melanje davans
(Netwayaj Net Sèlman)

PWOESİSIS

1. Retire mèb yo nan zòn kote ou dwe pase mòp la.
2. Ekspoze pano “Wet Floor” yo kòmsadwa.
3. Pase mòp pou siye pousyè sou planche a epi retire nenpòt kò etranje ki kole nan planche a avèk kouto mastikaj la.
4. Ranmase salte yo nan pèl pousyè a.
5. Prepare melanj mòp la annakò avèk enstwiksyon manifakti a.
6. Satire mòp mouye nan melanj lan epi peze li pou retire pifò dlo anplis la.
7. Pouse mòp la yon jan paralèl avèk miray la pou pa kite planch baz la pran dlo.
8. Avèk frap kòt-a-kòt, pase mòp la nan yon zòn ki mezire apeprè 9' X 9', pou vire mòp la nèt apre 4 oswa 5 frap pou pa kite salte retounen monte sou planche a.
9. Rense mòp la souvan yon fason pou salte a pa re-distribiye sou planche a. Chanje dlo mòp la jan li nesesè.

Lè machin fwotaj otomatik yo disponib, swiv etap anba la yo:

- Asire machin nan chaje kòrèkteman.
- Plen li avèk ajan netwayaj net planche a.
- Mete bwòs oswa tanpon kòrèk la.
- Kontinye pou netwaye planche a.

Konsèy: Ou kapab itilize yon balon tenis ki tache nan manch yon bale pou retire tras nwa nan planche yo.

Degonmaj Planche a

Degonmaj se ranmasaj konplè ansyen retouch ak tè sou planche a. Travay sa a mande anpil efò, ou ta dwe fè li retouch ki nan planche a ize, dekolore, make nan yon fason ou pa kapab retire li avèk fwotaj ak polisaj, oswa lè gen anpil retouch ki anpile nan kwen yo ak nan pwent yo.

Ou dwe retire ansyen retouch la lè ou degonmen planche a nan de fason. Solisyon degonmaj la fonn retouch la, epi aksyon machin nan lache li. Answit ou dwe retire ansyen retouch la ak solisyon an nèt nan planche depi ou rense ak ranmase yo.

****Nòt konsènan Sekirite: Anpil solisyon degonmaj danjere. Mete gan kawotchou epi pa kite solisyon an tonbe sou po ou. Pa melanje pwodui degonmaj yo avèk lòt pwodui chimik yo, oswa pa melanje diferan pwodui degonmaj!****

KAWO VINIL / TERRAZZO

Ekipman ak Materyèl yo

-
- | | |
|--|---------------------------|
| ● (2) poubèl ki mezire 32 galon—ki an metal pito | ● Esorèz |
| ● (2) Charyo pou poubèl | ● Mòp mouye |
| ● Doubli poubèl | ● Pano planche mouye |
| ● Kouto Mastikaj | ● Aspiratè imid/asèk |
| ● Bale | ● Gribouyaj |
| ● Solisyon degonmaj ki melanje davans | ● Pèl pousyè |
| ● Pwodui pou retire ma chiklèt | ● Soulye pwoteksyon |
| ● Mòp pou retire pousyè | ● Gan ak linèt pwoteksyon |
| ● Machin planche (tanpon/bwòs apwopriye) | ● Lenjèt |
| ● Raklwa | |
| ● Gratwa | |

1. Pase bale sou planche a avèk bale a pou retire tout kantite salte ak fatra ki posib. Itilize yon kouto mastikaj oswa gratwa a pou retire ma chiklèt oswa adeziv.
2. Distribiye solisyon degonmaj la dapre enstwiksyon manifakti a ki sou resipyen an.
3. Pase solisyon degonmaj la nan yon ti zòn planche a alafwa, apeprè 9 pye pa 9 pye. Kite li rete nan planche a jan enstwiksyon manifakti a endike. Evite inondasyon egzajere.

Degonjmaj Planche a (kontinye)

4. Pase machin lavaj la sou planche a avèk bwòs apwopriye a (grenn nayilòn) oswa tanpon abrazif (koulè nwa), pou fwote zòn ki mouye a sèlman. Deplase dousman men san rete. Itilize yon modèl dekoupe. Solisyon “Karyè” sou planche a avèk machin nan.
5. Fè yon dezyèm modèl, nan yon ang dwat apati premye a, yon fason pou asire ou pase machin nan sou planche a nèt.
6. Fwote toutolon planch baz yo ak kwen yo. Itilize yon gribouyaj ak yon kouto mastikaj pou netwaye zòn yo pandan w ap rive toupre yo. Evite fòmasyon madlo.
7. Si gen madlo ki fòme, siye planch baz yo, miray yo ak ekipman ki rete anplas yo imedyatman. Pa kite li seche.
8. **Enpòtan!** Ranmase solisyon degonmaj sal la avèk aspiratè imid/asèk la. Asire operatè machin planche a pa ale twò lwen devan ou. Mande operatè pou kanpe oswa ralanti si sa rive. Operatè a kapab toujou mouye zòn nan ankò.
9. **Enpòtan!** Rense zòn ki degonmen an nèt avèk premye ak dezyèm dlo rensaj la. Kite planche a pandan tout tan ki posib.
10. **Enpòtan!** Kontinye woutin nan nèt jiskaske ou fini tout zòn nan. Chanje dlo rensaj la souvan.
11. Tcheke planche a pou rezidi depi ou siye men ou pase men ou antravè nan planche a. Yon planche pwòp ap ba ou yon sansasyon lis. Planche sal yo ap ba ou yon sansasyon inegal epi yo gen yon rezidi kalkè.
12. Netwaye ekipman yo epi seche yo, answit retounen ekipman yo nan depo.

Fason pou Fè Retouch Planche a avèk Siraj

PLANCHE DI YO

Ekipman ak Materyèl yo

-
- Bak ak blòk aplikatè
 - Bokit ki gen esorèz
 - Pano planche mouye
 - Mòp mouye
 - Pwodui retouch planche

PWEN ENPÒTAN

- Lave tout nouveau tèt mòp yo epi kite yo seche pandan lannwit anvan ou itilize yo.
- Ou ka ranplase yon aplikatè ki gen tanpon pou yon mòp ki bay rezulta satisfezan egalego.
- Retouch la fèt apre yon degonmaj planche a okonplè ak pridan pou retire tout ansyen retouch la.
- Pase mòp pou siye pousyè epi seche planche a.
- Aplike retouch la nan kouch ki lis ak egalego avèk swa yon mòp oswa yon aplikatè. Aplike swa premye oswa dènye kouch la ant miray la ak lòt miray la, answit pou deplase depi miray la yon fason pou evite akimilasyon nan pwent yo.
- Plen bokit la avèk sèlman apeprè 2.5 galon lasi. Pwosesis sire a ap souvan ranmase fatra nan planche a epi 1 ap kontamine lasi ki nan bokit la. Li pi bon pou replen bokit lasi a pi souvan, pase pou jete galon lasi kontamine.
- Aplike kantite kouch retouch planche a dapre enstwiksyon manifakti a.

Fason pou Aplike Retouch la

1. Plonje mòp la nan retouch la epi avèk prekosyon mete mòp k ap degoute a nan esorèz la, dousman pou fèmen près la an yon-tyè jiska mitan. Lè w ap retire mòp la nan près la, li pa ta dwe ni tòde twò sèk ni li pa ta dwe satire pou l ap degoute.
2. Aplike retouch planche a toutolon pwent zòn epi toutotou nenpòt mèb oswa ekipman ki pa bouje. Sa ap fòme yon bòdi ki gen lajè mòp la, jiska, men san li pa touche planch baz la.

Retouch Planche avèk Siraj (kontinye)

3. **Pa** leve mòp la anlè planche a pandan w ap mete kouch pwodui retouch la jiskaske ou pare pou retounen li nan bokit la pou pran plis solisyon. Si ou leve mòp mouye a ki gen anpil pwodui retouch la sa ap lakòz retouch la degoute epitou sa ka lakòz ti boul sou planche a.
4. Ou kapab sire mitan planche a kounye a depi ou aplike pwodui retouch la nan yon modèl kòt-a-kòt, ak dekoupe.
5. Plonje mòp la epi tòde li ase souvan jan li nesesè pou kenbe yon aparans egalego. Anjeneral, ou detèmine sa depi ou note kantite mouyaj la epi ou pran “sansasyon” sou manch mòp la ki fèt avèk dragè mòp la.
6. Sonje pou pase mòp sou nenpòt gout pandan w ap avanse toutolon planche a. Pa retounen dèyè sou lasi nouvo a.
7. Kite planche a seche okonplè.
8. **Aplike yon dezyèm kouch nan** planche a. Dezyèm aplikasyon an ta dwe fèt sou apeprè yon distans sis (6) pye avèk miray yo ak/oswa nenpòt mèb pèmanan ki nan sal la.
9. **Aplike kouch siplemantè yo** nan menm mannyè avèk de premye kouch yo. Men, pwochen aplikasyon an ta dwe fèt apeprè sou yon distans yon pye (12 pou) avèk miray yo oswa mèb pèmanan yo. Sa se pou evite yon akimilasyon oswa fòmasyon pil toutolon pwent planch baz yo ak toutotou mèb yo.
10. Pou gen yon pi bon aparans, dènye kouch retouch la ta dwe toujou poli avèk gwo vitès nan pwochen jou a.
11. Re-mete mèb yo nan plas yo nan pwochen jou a, lè planche a seche nèt. Pran prekosyon ou pou pa domaje mèb yo oswa miray yo epi asire tout bagay retounen nan plas kòrèk yo.
12. Netwaye epi seche tout ekipman yo epi retounen yo nan depo.

Sa pou Fè nan Polisaj Planche a avèk Lasi

1. Kenbe ekipman ou yo pwòp ak nan bon kondisyon fonksyònman (bokit yo ki gen bon woulèt, mòp ki lave, esorèz ki gen bon resò, elatriye).
2. Rense bokit la, esorèz la ak manch mòp la pou retire nenpòt lasi.
3. Toujou itilize mòp ki pwòp ak lave pou retire pousyè.
4. Li epi swiv tout enstwiksyon manifakti yo.
5. Òganizasyon se yon faktè kle. Kite ase tan pase pou fini djòb la. Kenbe zòn, ou gen pou aplike pwodui retouch la pwòp epi dezankonbre.
6. Itilize tapi pou mache kèlkeswa lè li posib pou swiv lòt zòn yo.
7. Mete rad, gan soulye ak linèt pwoteksyon ki apwopriye.
8. Itilize yon pano “**WET FLOOR**”, sign chak fwa w ap pase pwodui polisaj ak pwodui retouch sou planche yo pou evite nenpòt kalite chòk ak pwosè.
9. Kite pwodui degonmaj la travay sou ansyen pwodui retouch la. Swiv enstwiksyon manifakti a pou tan pou tann nan. Itilize ekipman pwoteksyon ki konvnab.
10. Mete yon kouch mens pwodui retouch planche a anba. Kouch mens yo pral seche pi vit pase gwo kouch yo.
11. Rete tann jiskaske planche a seche anvan ou aplike kouch siplemantè pwodui retouch la.
12. Itilize omwen de gwo rensaj apre ou poli planche a pou asire planche a pa gen anyen ki gonmen li ak ansyen pwodui retouch ladan. Itilizasyon aspiratè imid rekòmande toutan.

Sa pou pa Fè nan Retouch Planche a avèk Lasi

1. **Pa** eseye degonmen plis pase sa ou kapab jere alafwa. Toujou kenbe planche a imid pandan ou nan pwosesis pou retire ansyen retouch la nan planche a.
2. **Pa** janm melanje pwodui chimik yo pou fè pwodui degonmaj la vin pi puisan. Sa kapab vin danjere pou sante ou.
3. **Pa kòmanse** pwosedi degonmaj la jiskaske pwodui degonmaj ou aplike sou planche a jwenn yon chans pou absòbe ansyen retouch la. Pwodui degonmaj la ap vin glise anba pye ou lè ansyen retouch la lache.
4. **Pa** blye mete soulye anti-derapan.
5. **Pa** janm itilize yon mòp pou siye pousyè “trete” sou yon planche ki degonmen anvan ou aplike nouvo retouch la. Si ou te itilize yon mòp trete pou siye pousyè, yon film lwil ap rete sou planche a epi nouvo retouch la p ap kapab kole nan sifas ki gen lwil la. Nenpòt sa ki sou planche a nan mitan nouvo retouch la ak planche a pral anpeche li kole nan planche a.
6. **Pa** retounen pwodui retouch ou pa itilize sou planche a nan boutèy la oswa dwoum nan. Li kapab gate dwoum pwodui a nèt.
7. **Pa** aplike yon kouch retouch twò epè sou planche a alafwa. Kouch epè yo gen tandans pou yo pa seche epi yo kapab vin kolan. Lè ou mache sou yon kalite aplikasyon, pwodui retouch la “ap bouje” anba pye ou epi aparans lan ap gate.
8. **Pa** eseye aplike yon dezyèm oswa twazyèm kouch twò bonè paske sa ap lakòz retouch la tache epi gate aparans planche a.
9. **Pa** eseye ranmase solisyon degonmaj la avèk yon mòp apre ou fwote planche a avèk yon machin wotatif. Toujou itilize yon aspiratè imid pou ranmase ansyen solisyon an.
10. **Pa** melanje dlo ak lasi pou pase mòp mouye sou planche yo. Sa ap ba li yon bon aparans sèlman pou yon peryòd tan ki kout anpil. Si ou refè pwosesis sa a twò souvan, planche yo ap vin gen aparans sal epi w ap bezwen degonmen yo pi souvan.
11. **Pa** mete yon sibstans flamab sou planche a pou retire retouch la. Yon etensèl machin wotatif ou kapab lakòz yon dife toudenkou.
12. **Pa** itilize yon vantilitè pandan w ap aplike retouch sou planche a. Sa ap kapab lakòz retouch la monte oswa tache. Itilize vantilitè sèlman lè kouch la ba nèt.
13. **Pa** janm mete retouch sou planch baz yo.

Polisaj – Polisaj avèk Gwo Vités

Ekipman ak Materyèl yo

-
- Machin Planche 1000-2000 RPM
 - Tanpon gwo vitès
 - Mòp mouye
 - Renovatè briyans
 - Bale-bwòs
 - Blòk kòmann
 - Bokit ak esorèz mòp
 - Mòp pousyè
 - Pèl pousyè

1. Debarase zòn ou pral poli a.
2. Pase mòp pousyè a sou planche a pou retire nenpòt salte ki lache.
3. Pase mòp imid lan sou planche a si li sal anpil oswa fwote planche yon fason lejè si li nesesè.
4. Swiv enstwiksyon ki nan etikèt renovatè briyans lan.
5. Itilize yon mòp pwòp oswa yon oto-netwayè pou aplike yon kouch mens renovatè a sou planche a.
6. Si w ap pase mòp, solisyon an dwe seche. Poli planche a avèk yon machin ak tanpon gwo vitès ki apwopriye.
7. Apre ou poli planche a nèt, pase mòp pousyè sou planche a.
8. Re-mete nenpòt mèb ou de deplase nan plas yo.
9. Netwaye epi seche tout ekipman yo epi retounen yo nan depo.

NETWAYAJ KAPÈT

Kapèt se yon kouvèti planche komen nan lekòl yo. Li gen anpil avantaj sou planche ki pa gen kapèt, tankou dousè, rediksyon bwi, izolasyon ak atraktivite. Li gen kèk dezavantaj tou, tankou eliminasyon tach, ratresisman, ak pwolongasyon. Nou itilize diferan teknik antretyen pase pou planche ki pa gen kapèt avèk kapèt. Teknik netwayaj ak antretyen p ap menm dapre kalite kapèt la. Metòd ekstraksyon se yon metòd ki rekòmande pou fè netwayaj kapèt la afon.

Elektrisite estatik kapab yon pwoblèm tou sou planche ki gen kapèt ak planche ki pa gen kapèt, menmsi kapèt yo anjeneral lakòz plis pwoblèm. Kèk materyèl planche vini “relye atè” deja, sa ki vle di elektrisite estatik ap fè fuit san danje nan fondasyon biling nan oswa anba planche a. Yon pati nan elektrisite estatik kapab kontwole si nou chwazi kapèt ki gen yon fonksyon mizatè; lè ou itilize yon vaporizatè anti-estatik, k ap ogmante imidite nan kapèt la epi redui fwotman; oswa lè ou ogmante imidite a nan lè biling nan.

Kalite kapèt la depannde anpil faktè:

- ❖ fib la,
- ❖ sipò a,
- ❖ konstwiksyon an (fason yo mete fib la nan sipò a), epi
- ❖ pwodui retouch la aplike nan fib la.

Netwayaj Kapèt

METÒD BONÈT- (chak peryòd)

Distri a pa sipòte metòd avèk bonèt la...metòd sa a pa netwaye kapèt la afon.

Ekipman ak Materyèl yo

-
- | | |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none">● Machin wotatif planche● Machin chanpou wotatif kapèt● Pwodui pou retire ma chiklèt ak kouto mastikaj● Bale lòbi● Blòk kòmann● Vaporizatè a presyon 2–3 galon | <ul style="list-style-type: none">● Pèl pousyè● Aspiratè● Bwòs pou Sèvi alamen● Detachè kapèt● Bonèt (2 oswa plis)● Bokit ki gen esorèz |
|---|--|

Preparasyon planche a

1. Pase aspiratè a sou kapèt la.
2. Itilize pwodui pou retire ma chiklèt ak kouto mastikaj la pou retire nenpòt ma chiklèt ou jwenn sou kapèt la.
3. Make tout tach yo davans avèk melanj lan dapre enstwiksyon manifakti a.

Avèk machin nan

1. Enstale blòk kòmann lan.
2. Plen bokit la avèk solisyon chanpou kapèt la.
3. Plen vaporizatè ponp lan a 1/2 avèk yon solisyon chanpou wotatif kapèt.
4. Tcheke ralonj lan ak bouchon konektè a anvan ou antre li nan priz-kouran an.
5. Avèk vaporizatè ponp lan, aspèje farinay nan yon zòn ki mezire 15 pye x 15 pye.
6. Tranpe bonèt la nan bokit la epi netwaye li okonplè.
7. Enstale bonèt la sou blòk kòmann lan.
8. Kòmanse travay lwen poubèl la pou fwote planche a.
9. Kontinye aspèje farinay sou kapèt la jiskaske zòn nan konplè.
10. Lave pou salte bonèt la. Bonèt sal yo ap sèlman re-distribiye salte sou kapèt la. Si yon bò nan bonèt la vin sal, ou ka vire li yon fwa pou itilize bò ki pwòp la anvan ou lave li.

Netwayaj Kapèt (kontinye)

METÒD BONÈT- (chak peryòd)

11. Nòmalman, ou ka pase aspiratè sou kapèt la epi ou ka itilize kapèt prèske imedyatman.
12. Netwaye epi seche tout ekipman yo epi retounen yo nan depo.

Netwayaj Kapèt

METÒD EKSTRAKSYON - (Chak semès)

**Metòd sa a se metòd ki pi efikas pou netwaye kapèt la epi se metòd rekòmande
Konsèy Administrasyon Lekòl Konte Broward pito.**

Ekipman ak Materyèl yo

- | | |
|--|--|
| <ul style="list-style-type: none">● Ekstraktè kapèt● Chanpou ekstrakte● Pwodui pou retire ma chiklèt ak kouto mastikaj● Bale lobi | <ul style="list-style-type: none">● Pèl pousyè● Aspiratè● Bwòs pou Sèvi alamen● Detachè kapèt |
|--|--|

Preparasyon planche a

1. Pase aspiratè a sou kapèt la.
2. Itilize pwodui pou retire ma chiklèt ak kouto mastikaj la pou retire nenpòt ma chiklèt ou jwenn sou kapèt la.
3. Make tout tach yo davans avèk melanj lan dapre enstwiksyon manifakti a.

Avèk machin nan

1. Distribiye kantite chanpou apwopriye nan Machin Distribisyón Otomatik la, oswa melanje pwodui chimik lan kòrèkteman nan tank solisyon an.
2. Ajoute kantite pwodui anti-mous ki rekòmande a nan tank rekiperasyon an.
3. Tcheke ralonj lan ak bouchon konektè a pou asire li gen yon tij pou mizatè anvan ou antre li nan priz-kouran an.
4. Asire selektè a regle nan kapèt la.
5. Asire tout entèriptè yo limen.
6. Kòmanse nan kwen lwen zòn ki dwe netwaye a.
7. Asire devan machin nan chita sou kapèt la. Dousman, redi machin nan pou rive sou ou pandan w ap peze bagèt vaporizatè kapèt la. Lache vaporizatè kapèt la 6" anvan ou fini frap la.
8. Woule machin nan sou devan pou kòmanse pwochen frap la. Asire ou dekoupe zòn yo yon fason pou evite tras.
9. Si mous parèt nan ouvèti vizyèl la, etenn entèriptè yo epi ajoute plis anti-mous nan tank lan.

Netwayaj Kapèt (kontinye)

METÒD EKSTRAKSYON - (Chak semès)

10. Pou akselere tan sechaj la, ou kapab retounen sou kapèt la avèk aspiratè a sèlman (ekstraktè).
11. Lè kapèt la seche re-pase aspiratè a sou li pou asire ou retire nenpòt rès solisyon an nèt.
12. Mete papye sou planch baz la anba pye metal chèz yo ak tab yo pandan kapèt la toujou imid.
13. Netwaye ekipman yo, siye yo asèk epi mete yo nan zòn depo a.

Nòt: Si machin nan etenn sanzatann, vire entèriptè a pou etenn li epi rete tann kèk minit. Tcheke entèriptè sichaj la.

Netwayaj Kapèt

METÒD WOTATIF - (Chak ane)

Ekipman ak Materyèl yo

-
- | | |
|--------------------------------|-----------------|
| ● Machin wotatif planche | ● Bwòs chanpou |
| ● Machin chanpou wotatif kapèt | ● Aspiratè |
| ● Pwodui pou retire ma chiklèt | ● Detachè kapèt |

Preparasyon planche a

1. Pase aspiratè a sou kapèt la.
2. Itilize pwodui pou retire ma chiklèt ak kouto mastikaj la pou retire nenpòt ma chiklèt ou jwenn sou kapèt la.
3. Make tout tach yo davans avèk melanj lan dapre enstwiksyon manifakti a.

Avèk machin nan

1. Plen tank machin wotatif planche a nan Distribitè Otomatik la, oswa pwodui chimik ki melanje kòrèkteman an pou detèmine kantite solisyon netwayaj ki rekòmande a nan tank lan.
2. Separe planche a an seksyon 6 pyex 6 pye.
3. Tcheke ralonj lan ak bouchon konektè a anvan ou antre li nan priz-kouran an.
4. Kòmanse nan kwen lwen zòn ki dwe netwaye a.
5. Aplike solisyon an pandan w ap deplase soti adwat pou rive agòch.
6. Deplase machin nan 1/2 dyamèt li pou vin sou ou epi deplase soti agòch pou rive adwat.
7. Asire kapèt la seche anvan ou re-pase aspiratè a sou li pou asire ou retire nenpòt rès solisyon an nèt.
8. Netwaye tout ekipman yo, siye yo, epi retounen yo nan depo.

Eliminasyon Tach sou Kapèt

Tach sou kapèt se yon pwoblèm grav. Fib kapèt yo gen tandans pou kaptire likid ki fè tach yo, sa ki fè li vin difisil pou retire tach la. Gadyen an kapab kenbe pifò pwoblèm kapèt yo nan yon nivo minimòm depi li itilize pwosedi netwayaj kòrèk yo. Sa ap ogmante lavi itil kapèt la epi sa kapab yon ekonomi enpòtan nan depans yo. Pwogrè nan fib yo ak retouch fib yo pwomèt pou fè djòb sa vin pi fasil lè yo ranplase ansyen kapèt yo nan lekòl yo ak lè yo bati nouvo lekòl yo.

Anjeneral, eliminasyon tach yo pa difisil si ou swiv sijesyon itil sa yo!

- Premyèman, **aji vit**. Pa kite yon tach rete.
- Dezyèman, kòmanse deyò epi travay pou rive nan mitan tach la
- Twazyèman, toujou itilize yon aksyon transfè. Fwotaj kapab lakòz pwen defòmasyon.
- Katriyèman, pa janm mouye yon kapèt yon fason egzajere. Sa kapab lakòz fòmasyon tach nan fib ki nan dèyè kèk kapèt.

Pwosesis pou Retire Tach nan Kapèt

1. Retire tout materyèl anplis yo.
2. Aplike pwodui pou retire tach.
3. Tanpone zòn tache a avèk tisi oswa yon twal sèch pwòp.
4. Aplike tout pwodui pou retire tach yo selon rekòmandasyon manifakti a.
5. Repete etap 2 ak etap 3 pou chak tach ou jwenn.
6. Itilize y9inb vantilitatè pou seche kapèt la epi bwose kapèt la pou repare velou kapèt la.
7. Si tach la rete, repete tout pwosesis la.

DEYÒ BILDING YO

Deyò chak biling nan yon kanpis lekòl se yon lòt domèn enpòtan ki vini anba responsabilite tout manm pèsonèl Sèvis Antretyen nan Biling ak Ekipman yo. Deyò biling nan se youn nan premye bagay elèv yo, pwofesè yo ak vizitè yo wè lè yo vini nan lekòl ou. Se premye enpresyon lekòl la epi anjeneral sa ap vin yon enpresyon pèmanan.

Yon estrikti deyò ki byen antreteni non sèlman enpòtan nan pwen pwendvi yon premye enpresyon, men tou sa enpòtan anpil tou nan rediksyon pwoblèm avèk ensèk ak rat ak sourit. Deyò a tou se premye liy defans nan rediksyon enfestasyon bète nuizib ak vèmin. Seksyon sa a pral kouvri sijè enpòtan ki gen rapò avèk antretyen aparans deyò biling yo.

Antretyen Deyò

Nan kòmansman peryòd travay ou ta dwe tcheke deyò biling nan pou:

1. Grafiti/Mo gwosye - Si ou jwen nenpòt ou ta dwe retire yo.
2. Fenèt kraze
3. Vandalis
4. Kloti domaje, ki pa gen sekirite
5. Fant nan miray yo
6. Twou nan miray yo
7. Fatra oswa dechè nan zòn nan
8. Debri ak fatra nan ale ak pasrèl ak nan teren jwèt- Si genyen ou ta dwe soufle yo oswa retire yo chak jou.
9. Kwasans vejetasyon, fatra ak debri sou pasrèl kouvri yo ak twati yo (tankou dren yo ak goutyè yo)- Si genyen ou ta dwe soufle yo oswa retire yo chak jou.
10. Zòn k ki vide depi pakin nan pou rive nan dren dlo tanpèt yo dwe rete pwòp san gazon, salte ak move zèb pou fasilité ekoulman dlo. Se responsabilite manm pèsonèl sèvis antretyen nan biling ak ekipman yo pou kenbe lakou a san fèy palmye, branch pyebwa, papye, fatra ak debri.

NÒT: Si ou pa kapab fè reparasyon kòrèk, fè sipèviziè ou konnen pwoblèm nan pou li kapab fè reparasyon an oswa pou li kapab mande yon lòd travay. Answit, reparasyon ki nesesè yo akòz vandalis ap bezwen yon rapò lapolis tou.

Gwo poubèl yo

Se **Kòd 14-66 Konte Broward County Code 14-66** ki kouvrí Gwo poubèl la ak zòn tanpon yo. Men règleman yo:

1. Ou dwe netwaye, dezenfekte epi floche tout gwo poubèl yo apre chak fwa ou vide yo pou retire fatra oswa dechè ladan yo. Ou dwe drene tout dlo ize nan yon sistèm egou oswa nan yon sistèm eliminasyon sanitè.
2. Tout fatra ou mete nan yon gwo poubèl dwe fèmen nan sachè (plastik) enpèmeyab, ki fèmen sere ak an sekirite. Ou ta dwe kraze tout bwat yo anvan yo ale nan gwo poubèl la. Ou ta dwe mete bwat katon ak papye pwòp yo nan Geo Poubèl Resiklaj la.
3. Ou dwe kouvrí gwo poubèl yo (kouvèti fèmen) toutan, sof lè li nesesè pou leve kouvèti a pou depoze fatra oswa dechè vid, oswa pou fè netwayaj.
4. Ou ta dwe konsidere yon gwo poubèl nan bon kondisyon lè li:
 - a. gen yon bon kouvèti ajiste ki deziyen pou pwoteje fatra yo pou li pa fasil pou ensèk, mouch, rat oswa lòt bét antre ladan
 - b. pa gen arebò iregilye oswa arebò file ki kapab anpeche dechaj fatra yo
 - c. gen dren ki gen bouchon ki leve an sekirite epi ki kapab retire pou netwaye poubèl la

Si gwo poubèl la (poubèl la) ekstrèman sal, toudabò floche li avèk dlo frèt. Answit plen li avèk dlo cho apeprè nan nivo yon-tyè. Ou ta dwe fwote bò yo ak anba yo avèk yon ansyen bale jiskaske ou netwaye yo nèt. Answit ou ta dwe vide, drene, dezenfekte, seche gwo poubèl la epi retounen nan zòn kòrèk li.

Pwomnad pou Siveyans

Pou ede nou pi byen konprann wòl enpòtan obsèvasyon ak sansibilizasyon jwe nan djòb nou yo, nou pral fè yon pwomnad. Ou pral fè yon mache pandan 15-30 minit toutotou biling nan. Pandan pwomnad sa a, ou dwe obsève kondisyon deyò biling nan ak lakou yo. Tanpri pran nòt... ou pral divilge nòt sa yo ba kamarad klas ou lè ou retounen nan klas.

<u>ATIK</u>	<u>AKSYON KI REKÒMANDE</u>

JESYON ELIMINASYON BÈT NUIZIB

Baz yon sistèm efikas eliminasyon bét nuizib se bon sanitasyon, antretyen solid nan fondasyon ak yon espesyalis kalifye nan eliminasyon bét nuizib. Nou ankouraje manm pèsonèl antretyen nan bïlding ak ekipman yo pou yo jwenn sous manje k ap atire bét nuizib epi pou yo elimine sous manje yo. Jwenn kote bét nuizib yo kache epi eliminate nich yo se etap ki pi enpòtan pou rezoud pwoblèm bét nuizib yo ak rat ak sourit. Kòm yon dènye solisyón, ou kas gen pou aplike ensektisid nan zòn ki enfekte a. Men, ou ta dwe itilize diskresyon lè w ap deside si pou itilize oswa pa itilize ensektisid yo.

Espesyalis eliminasyon bét nuizib Depatman Antretyen am anboche a kapab ba ou gwo asistans nan idantifye zòn ki gen pwoblèm yo ak nan fè rekòmandasyon sou fason pou eliminate pwoblèm bét nuizib yo epi anpeche pwoblèm yo retounen. Espesyalis sa yo vizite chak lekòl de fwa pa mwa pou enspekte epi mete kontwòl toupatou nan zòn manje yo, kafeterya a, salon an ak laboratwa ekonomik lokal yo. Chèche konnen espesyalis sa yo epi pale avèk yo konsènan zòn ki gen pwoblèm yo nan lekòl la.

Rejis Sitasyon Bèt nuizib yo nan kuizin chak lekòl. Note tout kote ou remake bét nuizib nan rejis sa yo. Sa a se yon bon jan fason pou swiv pwoblèm bét nuizib ki te prezante nan mitan dat sèvis regilye yo.

Gid pou Jesyon Eliminasyon Bèt Nuizib

**Ou kapab fè aktivite ki anba la yo nan nivo lekòl
la pou evite pwoblèm bét nuizib yo:**

1. Netwaye devèsman yo imedyatman.
2. Estoke tout atik alimantè yo nan resipyen ki fèmen sere.
3. Vlope dechè manje yo oswa mete yo nan sachè anvan ou jete yo.
4. Pa estoke pwodui alimantè nan zòn ki pa gen manje.
5. Asire tout pòt deyò yo fèmen kòrèkteman. Ranplase pòt domaje yo
6. Moustikè fenèt yo ak fenèt yo ta dwe nan bon kondisyon fonksyònman.
7. Evite kantite debri egzajere nan plaka yo ak nan zòn estokaj yo.
8. Repare oswa rapòte enstalasyon dlo ki gen fuit.
9. Bouche fant yo oswa krevas yo ki toutotou miray yo tiyo yo ak fenèt yo avèk mastik.
10. Rapòte pwoblèm bét nuizib ou obsève yo nan Rejis Obsèvasyon Bèt Nuizib.
11. Trete ti nich gèp yo avèk vaporizatè anti-gèp. Rapòte pi gwo nich yo.
12. Chèche pwen antre bét nuizib yo epi mande pou bouche yo.
13. Chèche kondisyon ki atire bét nuizib yo, tankou manje, debri ak fatra.
14. Pa aspèje okenn pestisid nan lekòl Depatman Sekirite nou pa t apwouve.

Si ou panse yon pwoblèm bét nuizib se yon ijans, ranpli Fòm Demann Kontwòl Bèt Nuizib la epi fakse li oswa eskane pou imèl li ba Operatè Kontwòl Bèt Nuizib Antretyen Distri a Sètifye.

Fòm Demann Kontwòl Bèt Nuizib

Pou rapòte yon pwoblèm nan biling ou, fakse fòm sa a ba:
William Swartz, Operatè Kontwòl Bèt Nuizib Sètifye (754-321-4162)

Non Lekòl la/ Depatman an: _____

Fè wonn nan Kalite Bèt Nuizib la: Rat Sourit Ravèt Foumi Lòt:

Pou facilite sèvis la tanpri idantifye nimewo sal yo nan zòn apwopriye yo:

Biwo	—	Fenèt yo	—	Liy Sèvis	—
Manje sèk	—	Pòt yo	—	Salon	—
Evye	—	Salamanje	—	Salklas	—
Zòn kuizin	—	Miray yo	—	Aparèy pòtatif	—
Frijidè	—	sal somat	—	Ekipman	—
Tab kafe	—	Tab preparasyon	—	Deyò	—

Lòt zòn: _____

Moun ki voye faks la
se: _____

Tit: _____

Telefòn Lekòl/Depatman : _____

Faks: _____

Orè Aktivite Travay Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo

<p>Non Lekòl la: Orè ak Fòm Evalyasyon Anplwaye Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo</p> <p style="text-align: center;">***ORÈ A KA CHANJE SELON SIKONSTANS YO***</p> <p style="text-align: center;">MODÈL ORÈ SA A MONTRE YON EKIP KI AFECTE OKONPLÈ NAN ANTRETYEN BILDING AK EKIPMAN YO EPI SAN OKENN EVÈNMAN ESPESYAL KI FEKTE POU SWARE A</p> <p>MODÈL: ORÈ PÈSONÈL SÈVIS ANTRETYEN NAN BILDING AK EKIPMAN YO ÉDTAN:</p>	<table style="width: 100%; border-collapse: collapse;"> <tr> <td style="width: 15%;">+</td><td>= Ekselan</td></tr> <tr> <td>✓</td><td>= Satisfézan</td></tr> <tr> <td>•</td><td>= Bezwèn Amelyorasyon</td></tr> <tr> <td>-</td><td>= Pa satisfézan</td></tr> <tr> <td>NA</td><td>= Pa Anvigè</td></tr> </table>	+	= Ekselan	✓	= Satisfézan	•	= Bezwèn Amelyorasyon	-	= Pa satisfézan	NA	= Pa Anvigè
+	= Ekselan										
✓	= Satisfézan										
•	= Bezwèn Amelyorasyon										
-	= Pa satisfézan										
NA	= Pa Anvigè										

PÒZ _____ REPA _____ PÒZ

- ✓ TOUT BILDING YO AK EKIPMAN YO DWE GEN (2) DE MÒP KI MAKE; YOUN POU TWALÈT YO EPI YOUN POU SALKLAS YO AK KOULWA YO
- ✓ TOUT SAL DEPO YO DWE RETE PWÒP AK ÒGANIZE
- ✓ TOUT PWODUI CHIMIK YO AK FLAKON VAPORIZATÈ YO AK PONP VAPORIZATÈ YO DWE MAKE

Aktivite Travay chak Jou

- Vide fatra yo epi chanje doublé yo jan li nesesé
- Pase aspiratè/pase bale sou planche yo. Retire tach nan miray yo, pòt yo, fenèt yo epi vide tay kreyon (yo) epi pase mòp sou tout planche ki gen kawo pou retire tach jan li nesesé.
- Pase bale/ utilize mach-aryè nan tout koulwa ki asiyen yo pandan aswè (si sa nan seksyon ou)
- Pase aspiratè oswa bale sou tapi pòt antre a aswè
- Retire tout grafiti yo chak jou
- Bale pase mòp/dezenfekte tout ranp ki nan tout kaj eskalye ki asiyen yo nan aswè (si sa nan seksyon ou)
- Pase bale/ utilize mach-aryè/ lave miray/pòt, fenèt ki gen tach nan kafeterya chak jou avèk èd moun ki Alatèt la
- Fè pwosedi sanitasyon twalèt yo chak jou. (Gade attachman an)
- Dezenfekte fontèn dlo yo
- Estoke pwodui papye yo ak savon pou men nan twalèt yo ak zòn lavabo ki nan sal yo epi ranplase tout anpoul boule yo nan zòn ki asiyen yo.
- Ranplase tout anpoul boule yo nan zòn ki asiyen yo pou ou.
- Ranmase tout debri nan tout pasrèl deyò ki nan seksyon ou
- Fè tout aktivite travay ki asiyen selon enstwiksyon Sipèvizè ou ak Administrasyon an
- Fèmen tout pòt ak baryè ki asiyen yo
- Netwaye tablo nwa, ray yo.

Aktivite Travay Chak Semèn

- Pase mòp nan tout planche di ki nan salklas yo ak biwo yo (Lendi)
- Poli tout planche koulwa yo nan jou (Madi)
- Fè pwosedi sanitasyon nan tout twalèt yo (Gade Attachman). (Vandredi)

Aktivite Travay yo chak Mwa

- Lave tout sifas kontwa yo ak plaka nan zòn ki asiyen pou ou yo chak jou. (Premye/Dezyèm Semèn)
- Netwaye arebò fenèt yo ak rido yo (twazyèm/katriyèm semèn)
- Siye pousyè nan seksyon & Hi & Low nèt ak vantilasyon ak retou AC yo ak kawo plafon ak griy ki nan lantouraj yo epitou siye tout sifas orizontal yo

Revize orè travay la pou asire ou konfòmè ou; Netwaye epi Retire materyèl yo, etenn limyè yo epi fèmen tout pòt ak baryè asiyen yo!

*****ORÈ A KA CHANJE SELON SIKONSTANS YO*****

AKTIVITE TRAVAY CHAK PERYÒD

- FÈ NETWAYAJ A PRESYON NAN TOUT PASRÈL YO AK BILDING YO
- PASE CHANPOU SOU TOUT KAPÈT YO
- DEGONMEN EPI SIRE TOUT PLANCHE KI GEN KAWO EPI SIYE AK NETWAYE PLANCHE BAZ YO
- FWOTE PLANCHE KUIZIN NAN

Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo Demann Travay Antretyen

Moun ki fè demann lan: _____

Priyorite (fè yon ti kwa nan youn):

_____ I. Ijan (Danje pou Sekirite/Sante)

_____ II. Imedyatman ki posib

_____ III. Kapab Tann

Travay ou Mande a (endike kisa ak ki kote): _____

Se Alatèt Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo ki dwe fè travay la

Priyorite ki Asiyen: _____

Dat Travay la Fèt: _____

Lòd Travay # ki Asiyen: _____

Dat demann lan: _____

Tanpri bay dokiman sa a pou sipèvizè peryòd travay ou (Alatèt la oswa Asistan Alatèt Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo). Answit Alatèt Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo pral detèmine si li dwe mande yon lòd travay dapre enfòmasyon ou bay yo.

***Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo, Èd yo, oswa Ranplasan yo pa ta
dwe mande lòd travay yo***

Sitwèb Itil pou Lekòl Broward yo

Lekòl Broward yo (ou kapab jwenn tout sitwèb anba la yo avèk Browardschools.com)
<https://www.browardschools.com/broward>

Avantaj yo

<https://www.browardschools.com/Page/32016>

Relasyon Anplwaye ak Travay

<https://www.browardschools.com/Page/34223>

Anplwaye ak Sèvis Lib Deyò (Employee and External Self-Service, ESS)

<https://www.browardschools.com/Domain/13472>

Opòtinite Egalego p[ou Edikasyon (Equal Educational Opportunities, EEO)

<https://www.browardschools.com/Page/36568>

Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo

<https://www.browardschools.com/Page/39932>

Resous Imèn

<https://www.browardschools.com/Page/31910>

Dosye Pèsonèl la (Sèvis Anbochaj)

<https://www.browardschools.com/Page/33506>

Operasyon Plant Fizik (Physical Plant Operations, PPO)

<https://www.browardschools.com/Page/31069>

Nòm ak Sipò pou Developman Pwofesyonèl (Professional Development Standards & Support, PDSS)

<https://www.browardschools.com/site/Default.aspx?PageID=34537>

Jesyon Risk

<https://www.browardschools.com/Domain/13521>

Depatman Sekirite

<https://www.browardschools.com/Page/34819>

Inite Ankèt Espesyal (Lapolis nan Lekòl)

<https://www.browardschools.com/Domain/13533>

Akizisyon Talan ak Operasyon (Non-Enstwiksyonèl)

<https://www.browardschools.com/Page/32153>

Nimewo Telefòn Enpòtan yo

Nimewo Telefòn	Moun/ Depatman	Non
911	<u>Lapolis/Depatman Ponpye</u>	
	<u>Inite Ankèt Espesyal /</u> <u>Liy dirèk</u>	
	<u>Direktè Lekòl</u>	
	<u>Asistan Direktè Lekòl</u>	
	<u>Ekipman Prensipal yo Pèsonèl</u> <u>Sèvis Antretyen</u>	
	<u>Manadjè Sèvis Manje</u>	
	<u>Antretyen Distri</u>	
	<u>Operatè Sètifye pou Kontwòl</u> <u>BètNuizib</u>	
	<u>Manadjè Biwo</u>	
	Acha / Depo	

- Tanpri jwenn nimewo moun oswa depatman ki endike adwat la epi afiche nan kolòn ki agòch la. Mete lòt non ak nimewo ki enpòtan pou ou pandan ou nan travay.
- Toujou gen nimewo telefòn pou sekirite lekòl la, lapolis lokal ak lòt nimewo enpòtan pou ijans ki afiche toupre chak telefòn.

KESYON POU DISKISYON AK ETID KA

Ou ka itilize seksyon sa a nan manyèl la kòm pwen kòmansman pou diskisyon sou anpil kalite responsablite pwofesyonèl ak fonksyon djòb la pandan fòmasyon an. Ou ka itilize seksyon an tou kòm baz pou devlopman sansibilizasyon amelyore yon moun konsènan aspè diferan metye a. Pa gen bon oswa move repons pou nenpòt nan kesyon yo; Eksperyans ak sitiyasyon lekòl chak moun pral afekte anpil repons.

Kesyon (Diskisyon an ta dwe baze sou règleman lokal yo)

Kisa ki ta ka rive epi/oswa kisa ki ta dwe fèt lè yon gadyen bay enfòmasyon pou yon repòtè jounal san administrasyon an pa okouran? Pa egzanp: vandalis, aksidan oswa fwod elèv

Ki kalite kalifikasyon sante ak fizik ki apwopriye pou anplwaye gadyenaj yo? Kisa nòm pèsònèl ak nòm etik yo endike?

Kimoun ki pran responsablite pou kle ki pèdi yo vòlè oswa double?

Kisa wòl gadyen an ye lè entri yo vini nan lakou lekòl yo? Ki wòl gadyen lè yon bêt egare vini nan lakou lekòl yo?

Nan ki distans yon gadyen ta dwe ale nan rapòtaj aksidan oswa nan bay tretman premye sekou?

Èske gadyen an ta dwe entèvni lè elèv yo ap goumen? Kisa gadyen an ta dwe fè lè li obsève aktivite ilegal, tankou acha dwòg?

Kijan gadyen an kapab jere asiyasyon ki jenan yo sou plan sosyal tankou yon fanm k ap travay nan vestyè gason oswa yon gason k ap travay nan twalèt fanm?

Kijan gadyen an ta dwe reyaji lè yon pwofesè oswa yon lòt anplwaye fè asèlman oswa abi vèbal sou li? Kijan li ta dwe reyaji lè yon elèv fè li sa?

Kisa yon gadyen ta dwe fè si li remake ti vòl materyèl oswa *moun k ap prete* ekipman?

Kisa wòl yon gadyen ye pandan mezi preparasyon pou ijan tankou deplasman rapid akòz bonm oswa egzèsis deplasman rapid pou dife?

Èske se responsablite gadyen an pou kontwole trafik nan lakou lekòl la tankou pakin oswa vitès oto?

Èske pwofesè yo ak elèv yo ta dwe jwenn ankourajman pou ede antreteni zòn yo lè yo siye biwo yo oswa ranmase fatra?

Ki obligasyon ekip gadyen an genyen sizoka gen aksidan oswa prekosyon yo neglige pou sekirite?

KESYON POU DISKISYON AK ETID KA (kontinye)

Etid Ka

Johnny, yon elèv klas dezyèm ane, nan lakou lekòl la apre orè regilye otobis la. Pandan l ap balanse sou ekipman ki nan lakou a, li tonbe epi li pran chòk. Gadyen k ap netwaye lakou a wè aksidan an. Timoun nan pèdi konesans. Kisa gadyen an ta dwe fè?

Yon gadyen ap travay toupre pakin nan lè yon vizitè vini epi mande, “Ki kote salklas Madam Maxwell ye?” Ki lòt enfòmasyon gadyen an bezwen pou li kapab fè aksyon kòrèk la?

Yon sipèvizè di yon novo estajyè pou “Fè antretyen nan machin sa a”. Nuevo anplwaye a pran machin nan epi li eseye repare li, sa ki lakòz lòt domaj. Kisa sipèvizè a te dwe fè? Kisa anplwaye a ta dwe fè?

Glosè

ABRASIVE/ABRAZIF- yon sibstans ki ize oswa grate yon lòt materyèl.

ABSORB / ABSÒBE- Tranpe, tankou yon eponj ki absòbe dlo.

ACIDITY / ASIDITE- Yon mezi fòs asid yon pwodui chimik, ki gen yon pH (potansyèl idwojèn mwens pase 7).

ADHEZIVE/ADEZIV- yon sibstans ki lakòz materyèl kole ansanm, tankou lakòl.

ALGAE /ALG- plant piti anpil ki lakòz “kim” vèt oswa mawon” sou sifas dlo oswa sou sifas imid.

ALGAECIDE/ ALJISID- Nenpòt sibstans k ap touye alg yo.

ANTISEPTIC / ANTISEPTIK- yon sibstans ki detwi jèm. Yon antiseptik sèvi pou touye jèm ki nan yon maleng.

AKALINITY / ALKALINITE- Yon mezi fòs kostik oswa bazik yon pwodui chimik, ki gen yon pH (potansyèl idwojèn ki pi plis pase 7).

BACTERIA / BAKTERI- Óganis vivan ki piti anpil moun kapab obsève anba yon mikwoskòp sèlman. Bakteri yo lakòz maladi souvan. Yo viv epi miltiplier nan dlo dòmi, dechè, salte, ak materyo pouri.

BACTERICIDE / BAKTERISID- Nenpòt sibstans k ap touye bakteri yo.

BACTERIOSTAT / BAKTERYOSTA- nenpòt sibstans k ap anpeche lòt kwasans bakteri san li pa touye yo.

BIODEGRADABLE / BYODEGRADAB- Kalite yon pwodui ki dekonpoze fasil an yon pwodui ki pa danjere.

BLACK MARKING / MAK NWA- mak sou yon sifas planche, anjeneral akòz enpak semèl ak talon soulye.

BLEACH / KLOWÒKS- Yon sibstans chimik ki degaje yon fòm oksijèn ki pral ini avèk yon tenti pou fòme yon konpoze san koulè. Pa janm itilize klowòks blanchiman sou kapèt lenn oswa kapèt fib natirèl.

BLEEDING, COLOR / SENYMAN, KOULÈ- lè dlo oswa sòlvan transfere tenti pou fib.

BROWNING, CARPET/BWONZAJ, KAPÈT- Chanjman koulè akòz mouyaj pandan netwayaj oswa inondasyon epi apre gen yon sechaj dousman.

BUFFABLE / POLISAB- kapasite amelyorasyon nan aparans briyan oswa jeneral, oswa toulède, yon film polisaj avèk yon aksyon mekanik.

BUFFING-TYPE OF FLOOR FINISH / POLISAJ- KALITE PLANCHE- yon kouvèti planche ki bezwen polisaj pou antreteni oswa amelyore aparans lan oswa toulède.

CELLULOSE / SELILOZ- Sibstans ki se engredyan prensipal nan pifò fib vejetal yo. Sa fèt nan bagay tankou papye ak eponj.

NETWAYAJ- Eliminasyon mak, pousyè, ak lòt materyèl ki pa nesesè nan sifas yo. Sa gen ladan kontwole sous maladi ak eliminasyon odè yo.

KONSANTRE- yon sibstans ki pa fonn.

CORROSION / KOWOZYON- Yon materyèl k ap fini, oswa ize dousman akòz aksyon chimik; Pa egzanp, wouy.

DEFOAMER / ANTI-MOUS- yon pwodui chimik ki anpeche mous fòme.

DETERGENT / DETÈJAN- yon ajan netwayaj ki ede mouye, lache tè, epi sispann tè yo.

DETERGENT RESISTANCE / REZISTANS NAN DETÈJAN- degre yon film polisaj pa montre deteryorasyon vizib lè li tache oswa netwaye avèk yon solisyon detèjan non-abrazif non-amonyak.

DILUTE / FONN- fè yon sibstans vin mens oswa pi likid lè ou ajoute yon bagay ladan, anjeneral dlo. Sa fèt pou redui fòs yon konsantre.

DISINFECTANT /DEZENFEKTAN- Nenpòt sibstans ki touye bakteri yo. Anjeneral mo “dezenfektan” vle di menm bagay avèk “jèmisid” oswa “bakterisid”.

DISPERSION / DISPÈSYON- dekonpozisyon salte an patikil ki piti anpil epi simaye yo.

DISTINCTION OF IMAGE / DISTENKSYON IMAJ- transparans ki montre lè yon sifas fòme imaj reflechi objè yo avèk refleksyon.

DRAG / TRENE- Rezistans fizik nan aplikasyon yon pwodui polisaj.

EASE OF USE / FASILITE ITILIZASYON- kantite tan ki nesesè pou reyalize retouch dezire a.

EMULSION/ EMILSYON- gout grès oswa lwil ki piti anpil, ki melanje egal ego epi ki pandye nan dlo.

EXTRACTION / EKSTRAKSYON- aktivite pou retire yon sibstans, tankou dlo nan yon kapèt.

FIBER / FIB- yon objè tankou yon fil ki fen.

FINISH BUILD-UP / AKIMILASYON RETOUCH- Kondisyon ki prezante l ou mal retire retouch anvan yo.

FLOOR FINISH / RETOUCH PLANCHE- Yon kouch pwovizwa ki amelyore aparans lan epi ki ka pwoteje sifas kote ou aplike kouch la.

FUNGI / CHANPIYON- òganis tankou plant tankou djondjon ki pa vèt. Anjeneral yo grandi sou sifas imid.

FUNGICIDE / FONJISID- yon sibstans ki la pou touye mwazisi, enfeksyon fonjik nan pye, ak chanpiyon pwazon.

GERM / JÈM- yon òganis vivan ki piti anpil epi ki kapab lakòz maladi. Kèk kalite jèm se bakteri, mwazisi, chanpiyon ak virus.

GERMICIDE / JÈMISID- Nenpòt sibstans k ap touye jèm yo.

KONSEVASYON BRIYANS- Kapasite pwodui polisaj ki aplike a pou konsève yon briyans anba kondisyon izi nòmal sof lè li ekspoze nan dlo.

GRAIN / GRENN- modèl oswa direksyon fib yo pran nan materyèl tankou lenn oswa kapèt.

HAZE / BRIM- Imaj ki pa klè oswa imaj bwouya ki reflechi nan yon film.

HEELING / ENKLINEZON- Lè yon machin planche a panche pou bay presyon nan yon sèten zòn.

HOUSEKEEPING / MENAJ- Aktivite travay ki fèt pou amelyore aparans ak itilite yon zòn.

HUMIDITY / IMIDITE- Kantite imidite ki genyen nan lè a.

INERT INGREDIENTS /ENGREDYAN INAKTIF- engredyan ki nan yon pwodui epi ki pa jwe yon wòl aktif nan Djòb prensipal pwodui a. Yo se swa yon “sipò” pou engredyan aktif yo oswa yo ajoute pou mas la.

MICROBE AND MICROORGANISM / MIKWÒB AK MIKWO-ÒGANIS- Òganis vivan ki piti moun kapab obsèvè anba yon mikwoskòp sèlman. Bakteri yo se mikwòb.

MWAZISI AK CHANPIYON- kalite chanpiyon ki grandi sou sifas imid. Yo pa agreyab pou gade epi yo kapab lakòz odè.

pH- yon chif ki dekri asidite oswa alkanilate dlo. Echèl kòmanse nan 1 pou rive nan 14, avèk 7 kòm pwen ki antlède la. pH 1 jiska 4 vle di asidik yon jan fò, pH 4 jiska 6 vle di asidik yon jan fèb, pH 6 jiska 8 prèske antlède, Ph 8 jiska 10 vle di alkalen yon jan fèb epi Ph 11 jiska 14 vle di alkalen ki wo.

POWDERING / POUDRAJ- dekonpozisyon an pati oswa total film polisaj la k ap bay yon materyèl fen ki gen koulè klèrèt.

RECOATABILITY / KAPASITE REKOUVREMAN- aplikasyon karakteristik yon retouch ak aparans film man apre kouch yo youn-apre-lòt nan yon sifas.

SANITATION / SANITASYON- Yon kalite netwayaj ki deziyen pou bay yon anviwònman aprantisaj ki san danje epi ki bon pou sante.

SCUFF / GRATE- defigirasyon film polisaj ki lakòz aksyon abrazif oswa grataj. Li kapab repare san yo pa mete kouvri li avèk film polisaj la ankò.

DIRE LAVI ITIL- peryòd tan ki nesesè anba kondisyon nòmal pou chanje aparans yon sifas ki trete avèk yon retouch planche anvan li bezwen re-tretman.

SLIP RESISTANCE / REZISTANS NAN GLISMAN- fòs fwotman ki opoze mouvman yon objè nan yon sifas, anjeneral avèk referans nan semèl oswa talon yon soulye sou yon planche.

SOAP / SAVON- yon sibstans netwayaj ki fèt avèk grès oswa lwil animal, yon alkali, tankou soud. Li kapab sou fòm likid, solid, poud, jele, gress oswa flokon.

SOIL / SÒL- nenpòt matyè solid, etranje ki fonse oswa kole nan sifas la.

RETANSYON SÒL- pwopriyete pou kenbe matyè etranje nan oswa sou sifas la apre yon pwosesis netwayaj.

SOLUBLE / SOLIB- kapasite pou fonn. Sèl se yon bagay ki solib nan dlo.

SOLVENTS / SÒLVAN- sibstans chimik puisan ki netwaye avèk aksyon pou fonn yo. Yo bon pou kèk itilizasyon. Men, yo bezwen manipilasyon ekspè epi yo se souvan yon danje pou dife ak sante. Menm ti kantite yo ap detwi nèt miray pentire, kawo ki nan planche, ak anpil plastik.

SPREADING / PWOPAGASYON- aksyon pou estabilize sou yon sifas pandan aplikasyon.

STAIN / TACH- Dekolorasyon kò etranje lakòz.

STREAKING / FÒMASYON RID- Dekolorasyon aparans nan anpil zòn.

STERILIZE / ESTERILIZE- yon pwosesis ki touye bakteri ak jèm. Esterilizasyon okonplè difisil pou reyalize.

SUSPENSION / SISPANSYON- pwopriyete pou kenbe patikil salte nan yon solisyon netwayaj epi pou pa kite yo fè depo ankò.

DETÈJAN SENTETIK- sibstans chimik ki fèt nan pwodui abaz petwòl ak materyèl atifisyèl. Detèjan sentetik yo ranplase anpil nan savon pou djòb netwayaj.

TRAFFIC MARKING / MAKAJ TRAFIK- Fòmasyon tach oswa dekolorasyon, oswa toulède nan sifas yon planche akòz trafik.

WEAR / IZE- Lè film retouch planche a vin dekolore akòz izaj nòmal.

FÒMASYON GOUTLÈT DLO- pwopriyete sifas ki lakòz fòmasyon goutlèt dlo apa sou yon sifas retouche.

FÒMASYON TACH DLO- Chanjman nan aparans sifas yon materyèl lè ou retire devèsman ladan nan yon move fason.

SEKSYON REFERANS

Kadnasaj / Makaj

Zouti prensipal Konsèy Administrasyon Lekòl la pou bay pwoteksyon dapre Nòm Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety & Health Administration, OSHA) se aparèy izòlman enèji, ki se mwayen ki anpeche transmisyon oswa degajman enèji epi kote seri ak etikèt tache. Konsèy Administrasyon Lekòl Konte Broward ak Biwo Developman Talan (Office of Talent Development, OTD), an konfòmite avèk OSHA egzije pou tout nouvo manm Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo swiv yon kou sansibilizasyon jeneral sou danje enèjizasyon sanzatann oswa demaraj machinri ak ekipman, oswa degajman enèji danjere pandan aktivite sèvis oswa antretyen. **Tout anplwaye yo dwe swiv kou sou kadnasaj/makaj ak amyat nan swasant (60) jou apre premye dat anbochaj yo.**

Nòm OSHA pou Kontwòl Enèji Danjere (Kadnasaj/Makaj), Tit 29 Kò Règleman Federal (Code of Federal Regulations, CFR) Pati 1910.147, konsène pratik ak pwosedi ki nesesè pou dezaktive machinri oswa ekipman, konsa pou anpeche degajman enèji danjere pandan anplwaye yo ap fè aktivite sèvis oswa antretyen. Nòm nan prezante mezi yo pou kontwole enèji danjere yo—elektrik, mekanik, idwolik, nematik, chimik, tèmik, ak lòt sous enèji.

Answit, 29 CFR 1910.333 endike egzijans yo pou pwoteje anplwaye k ap travay sou sikui elektrik yo ak ekipman yo. Seksyon sa a egzije travayè yo pou yo itilize pratik travay ki san danje, tankou pwosedi kadnasaj ak makaj. Dispozisyon sa yo aplike lè anplwaye yo ekspoze nan danje elektrik pandan y ap travay sou, toupre, oswa avèk kondiktè oswa sistèm ki itilize enèji elektrik.

Sansibilizasyon sou Amyant

Konsèy Administrasyon Lekòl Konte Broward an konfòmite avèk Lwa konsènan Repons pou Ijans akòz Danje Amyant (Asbestos Hazard Emergency Response Act, AHERA) egzije pou tout manm Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman ak manm pèsonèl Antretyen Distri a swiv yon kou sansibilizasyon sou danje ki genyen lè y ap travay avèk materyèl ki gen amyant. **Tout anplwaye yo dwe swiv kou sou kadnasaj/makaj ak amyant nan swasant (60) jou apre premye dat anbochaj yo.**

Pou bay repons pou Lwa 1987 AHERA, distri lekòl yo ki toupatou nan nasyon an te depanse anpil milyon dola pou retire amyant. AHERA te òdone distri lekòl yo tou pou yo fè enspeksyon pou amyant epi pou yo kreye yon plan jesyon. Pifò distri yo te swiv lwa a. Men anpil biling lekòl yo toujou gen amyant, souvan nan sistèm chofaj ak sistèm refwadisman, nan planche ki gen kawo ak nan izolan. Anplwaye gadyenaj ak anplwaye antretyen yo jwenn pi gwo risk la lè y ap netwaye materyèl ki gen amyant oswa deranje amyant ki la lè y ap fè ti djòb reparasyon.

Materyèl Sispèk ki gen Amyant

• Tiyo an beton	• Izolasyon konduit HAC
• Pano afichaj an siman	• Izolasyon chodyè
• Kowo planche an asfalt	• Izolasyon kilas
• Kowo planche vinil	• Koneksyon Twal fleksib pou konduit
• Kouvèti planche avèk fèy vinil	• Pilòn refwadisman
• Randui akoustik	• Klwazon pano elektrik
• Plat dekorasyon	• Tisi elektrik
• Sipò planche	• Izolasyon tiyo (selil lè, blòk ki fele, elatriye)
• Penti/kouch ki gen teksti	• Izòlman enstalasyon fil elektrik
• Ko plafon ak kowo pou poze	• tablo nwa
• Izòlman vaporizatè ki aplike	• Bado twati
• Izòlman avèk souflaj	• Tisi twati
• Materyèl ignifigasyon	• Solen debaz
• Konpoze ribanaj (tèmik)	• Pwodui papye tèmik
• Materyèl anbalaj (pou miray/planche)	• Pòt koup-dife
• Jwenti pou tanperati wo	• Kalfetraj/mastik
• Hòt laboratwa/ sifas tab	• Adeziv
• Gan laboratwa	• Pano afichaj
• Kouvèti anti-dife	• Konpoze pou jwenti
• Rido para-dife	• Kouvèti miray vinil
• Panèl ekipman elevatè	• Konpoze mastikaj
• Sabo fren asansè	

PLANIFIKASYON POU IJANS:

Sizoka gen yon ijans tankou dife, menas bonm, oswa danje chimik, tout moun ki nan bilding yon lekòl ta dwe konnen pwosedi yo pou deplase vit. Dapre Règ Konsèy Administrasyon Edikasyon Leta (State Board of Education Rules, SBER) 6a-2.086, chak bilding lekòl jiska klas 12 ^{yém} ane gen obligasyon pou gen yon plan pou deplasman rapid lè gen ijans. Règleman sa a endike tou yo dwe fè egzèsis deplasman rapid pou ijans, epi li endike kèk nan responsablitè pou anpil kalite pèsonèl lekòl yo. Youn nan pi bon fason pou vin gen konesans ak konfyans nan konpetans yon moun pou siviv avèk ijans yo se avèk enstwiksyon ak pratik. Wòl gadyen yo pou pratik ak reyalite a ta dwe defini aklè, jan sa endike nan SBER 6A-2.086. Tout anplwaye gadyenaj yo ta dwe resevwa fòmasyon nan preparasyon ak pwosedi pou ijans, jan yo pratike sa nan chak bilding lekòl.

Enkyetid debaz nan ka deplasman rapid pou ijans se pou fè tout moun yo soti deyò bilding nan yo fason rapid ak òdone otank posib. Anjeneral Responsablitè prensipal gadyen an se pou asire tout wout soti yo pa bloke ditou toutan. Gadyen an gen obligasyon tou pou etenn ekipman ki ka simaye dife oswa anpeche operasyon pou etenn dife a. Gadyen an ka se sèl manm ekip ki imedyatman disponib kòm yon sous enfòmasyon konsènan ijans lan. Pou fè aktivite sa yo, gadyen an ta dwe genyen ki disponib:

- Nimewo telefon pou depatman ponpye, cherif oswa lapolis, konpayi sèvis piblik, sèvis anbilans ak doktè lekòl ladrès direktè a oswa lòt administratè (yo). Epi, sètènman gadyen an ta dwe konnen nimewo pou rele pou ijans jeneral ki se 911.
- Tablo plan pou montre pozisyon vân koupi pou dlo, gaz, konbistib; Pozisyon bouch ensandi, ekstenktè; Pozisyon entèriptè elektrik yo ak kontwòl yo pou sistèm ijans; Aks ak ouvèti vantilasyon; Tout pòt soti bilding lan; Soti pou sekou si gen dife: Ak tout zòn danje yo, tankou estokaj pwodui ki ka pran dife
- Ekipman espesyal pou ijans yo, tankou flach, ekstenktè pòtatif ak twous premye sekou.

Gadyen an ta dwe konnen responsablitè gadyenaj pou planifikasyon ak evènman pou ijans. Responsablitè sa yo ka gen ladan kontwòl eta preparasyon ekstenktè a; Enfòme depatman ponpye sou sitiyasyon epi sonnen alam nan; Eseye etenn ti dife yo; Koupe vân oswa entèriptè prensipal yo; Epi ede pèsonèl ijans yo jwenn pozisyon yo nan bilding nan. Gadyen yo ka mande pou bay enfòmasyon sou ijans lan ta dwe pran responsablitè pou vin gen konesans nesesè jan sa dekri anwo a. Si lekòl la pa gen tablo pozisyon oswa lis ekipman pou ijans gadyen yo ta dwe ede devlope zouti enpòtan konsa.

Ijans yo

- **IJANS DIFE**

Gen yon ijans dife kèlkeswa lè alam ensandi lekòl la aktive nan panèl Prensipal la oswa nan yon estasyon traksyon delwen. Ijans sa a egzije deplasman rapid imedyat biling nan dapre pwosedi deplasman rapid anplas ki afiche.

- **IJANS MEDIKAL**

Ijans sa a se yon kondisyon ki kapab lakòz yon chòk ki menase lavi; Yon chòk ki menase lavi moun Se yon chòk ki, si li pa trete ap lakòz pèt san grav oswa pasyan an ap choke. Ijans medikal yo kapab se rezulta yon chòk oswa yon pwoblèm medikal pasyan an te genyen deja (sètadi, malkadi, pwoblèm kè, chòk dyabetik, elatriye.)

- **IJANS DLO**

Gen yon ijans metewolojik kèlkeswa lè gen obsèvasyon yon tòn nan zòn lekòl la. Kondisyon sa a egziste tou kèlkeswa lè depatman lapolis lokal fè administrasyon an konnen gen yon gwo possiblité pou gen yon tanpèt sevè oswa si gen avètisman ki afiche pou tanpèt sevè.

- **MENASBONM**

Kisa yon bonm ye? Bonm yo kapab fèt pou sanble avèk prèske anyen. Yo kapab sofistike oswa yo kapab fèt avèk materyèl komen. Konstwiksyon yon bonm limite sèlman nan entèlijans moun k ap fè bonm nan. Moun kapab fè livrezon bonm yo, lage yo oswa plase yo nan anpil fason diferan. Sèl bagay ki sèten konsènan bonm yo sèke yo kapab eksplode. Sonje, lè w ap chèche yon bonm, pran prekosyon ou avèk nenpòt objè ki parèt sispèk oswa ki pa nan plas li. Anvan tout bagay, pa janm manyen ni deplase yon objè ou sispèk.

- **DEPLASMAN RAPID / RECHÈCH**

Si yo bay lòd pou deplasman rapid nan biling lan, sa ta dwe fèt vit epi annòd. Pwofesè yo ak manm pèsonèl la ta dwe egzamine salklas pa yo ak zòn travay yo pou objè yo sispèk oswa ki pa nan plas yo. Chak anplwaye ta dwe konnen kote pou rapòte objè sispèk yo oswa ki pa nan plas yo. PAJANM MANYEN, SEKWE OSWA DEPLASE yon objè ou sispèk. Kite zòn nan imedyatman.

- **LÒT DEPLASMAN RAPID NAN BILDING LAN**

Gen yon varyete lòt rezon (fuit gaz, devèsman sibstans chimik, elatriye.) Yon biling lekòl ta bezwen gen deplasman rapid. Chak lekòl ta dwe devlope yon plan pou egzekite kèlkeswa bezwen inik yo ka genyen. Sonje: Deplase rapid, sipèvize élèv yo, epi mete tout mwen lwen zòn ki gen pwoblèm nan. Konsilte Manyèl Preparasyon po u Ijans ou yo prepare nan Depatman Sekirite a.

Rezime Nòm Sekirite Enpòtan yo Pou Anviwònman Lekòl la

- **Aksè nan done medikal ak done kontwòl**- Chak anplwaye gen dwa nan nenpòt dosye medikal li yo (anvan-anbochaj, konpansasyon travayè, tès dwòg) ak dwa tou pou wè rezulta nenpòt kontwòl amyant, kontwòl lè ak kontwòl radon.
- **Menaj, sifas pou mache/travay**- Patwon yo dwe bay zòn ki pa gen ankonbreman danjere (sètadi bwat ki anpile, debri) ak zòn ki debloke pòt soti yo pou si gen dife. Answit, planche yo ta dwe nan bon kondisyon epi yo pa ta dwe gen danje pou glisad (sètadi planche ki mouye ak planche ki gen grès).
- **Kominikasyon danje oswa "dwa pou konnen"**- Patwon yo dwe bay fich done sou sekirite materyèl (MSDS) pou tout pwodui toksik anplwaye yo gen kontak tankou pwodui netwayaj yo, pestisid yo, penti yo, elatriye. MSDS gen enfòmasyon sou danje pwodui yo pou sante ak itilizasyon kòrèk pwodui yo pou evite efè yo sou sante. Travayè k ap itilize pwodui yo dwe resevwa fòmasyon ak ekipman pwoteksyon kòrèk pou yo pa ekspoze nan danje.
- **Nòm konsènan patojèn ki transmèt nan san**- Patwon yo gen obligasyon pou devlope yon plan kontwòl pou lè anplwaye yo eksposè nan danje, bay fòmasyon, vaksen gratis kont epatit Bak ekipman pwoteksyon pou nenpòt anplwaye ki “yon fason resonab sipoze li eksposè nan san oswa nan lòt materyèl ki ka enfektye”.

ANTRETYEN PELOUZ

“Yon ons prevansyon vo yon liv remèd”

Move zèb yo toujou ap fè konpetisyon avèk gazon pou espas, eleman nitritif dlo, ak limyè. Plant endezirab sa yo ogmante depans yo pou antretyen, epi yo ka aji kòm lòt ebèjè pou ensèk yo ak maladi yo. Move zèb yo se souvan sous polèn ki lakòz alèji, iritan po ak sibstans toksik. Yo lakòz aparans zepin ak bab file. Enpak move zèb ki pi aparan yo nan touf gazon se efè aparans pelouz la.

Anjeneral move zèb yo anvayi zòn ki gen touf yo lè gazon an mens. Awozaj fètilizasyon, koupe gazon nan move fason ak trafik egzajere se kòz prensipal gazon ki mens epi ki pa an sante. Kontwòl ensèk ki pa konvnab, nematòd ak maladi kapab redui wotè ak dansite gazon an byen vit. Gazon an touf yo k pa byen adapte nan yon zòn patikilye oswa kondisyon klima a. Nenpòt nan faktè sa yo kapab lakòz gazon an vin pa an sante epi fasilité envazyon move zèb yo. Menmsi èbisid yo disponib kòm yon zouti siplémentè, yo pa ranplase bon pratik operasyon nan pwodiksyon touf gazon. Yon kwasans rapid ki epè se metòd ki pi efikas pou kontwole move zèb yo.

ANTRETYEN PELOUZ (kontinye)

Sa ki anba la yo se kèk endikasyon senp s SA POU FÈ ak SA POU PA FÈ ki kapab ede lakou lekòl ou avèk yon aparans antretyen pwofesyonèl.

Sa pou fè.....

- Pran prekosyon avèk move zèb manjè ki toutotou pyebwa yo ak ti pyebwa yo.
- Koupe gazon an ase souvan, tankou pou pa retire plis 1/3 lam fèy yo alafwa. Anjeneral yon fwa pa semèn nan sezon lete epi de fwa pa mwa nan sezon livè ap ase.
- Wouze sèlman lè 1/3 pelouz la montre siy sechrès.
- Fètilize pelouz yo, plant yo ak pyebwa yo kòrèkteman omwen de fwa chak ane.
- Siveye zòn sispèk yo (ki mouri oswa k ap mouri)epi mande èd.

Sa pou pa fè.....

- Koupe gazon twò kout. Kenbe pelouz yo koupe a 3 pou ak pi wo. Touf gazon ou pa kapab siviv epi move zèb yo ap parèt si pelouz la gen gazon ki twò kout.
- Sote koupe gazon an. Sa ap estrese gazon an lè li koupe.
- Wouze pelouz la twòp oswa pa wouze li ase. Siveye kondisyon anpil lapli ak sechrès epi kontwole sistèm awozaj ou.
- Bliye bay plant ou yo, pyebwa ou yo ak gazon ou manje. Yo grangou anpil epi yo bezwen manje pou yo grandi kòrèkteman
- Neglige zòn ki mouri yo oswa zòn k ap mouri yo nan pelouz la. Pa bliye ni plant ou yo ak pyebwa ou yo nonplis. Chèche jwenn èd lè ou pa byen konnen.

Toujou manje èd si ou gen yon pwoblèm ak si ou bezwen asistans.

William Swartz, Certified Pest Control Operator @ 754-321-4342

Lis tout sa ki Nesesè pou Operasyon Bilding nan

Lis tout sa ki Nesesè pou Operasyon Bilding nan (kontinye)

Atik	Chak jou	Chak semèn	Chak mwa	Chak semès
F. Dife			X	
1. Sistèm otomatik			X	
2. Pòt koup-dife			X	
3. Ekstenkè yo			X	
4. Hòt kuizin			X	
5. Tiyo awozaj			X	
G. Si ou devlope				X
1. Kontwòl/aparèy sekirite		X		
2. Wobinè/vàn yo	X			
3. Klwazon yo/mobil	X			
4. Sekirite				
5. Estokaj				
a. Responsablite		X		
b. Pwodui ki ka pran dife		X		
6. Tout vestyè yo	X			
7. Konduit deyò yo		X		
H. Lakou				X
1. Blanchisè yo		X		
2. Arebò yo		X		
3. Ekipman yo				
4. Poto drapo	X			
5. Plant yo, pyebwa yo		X		
6. Irigasyon		X		
7. Antretyen peyizaj		X		
8. Koup gazon		X		
9. Lakou rekreyasyon		X		
10. Siveyans	X			
I. Twati yo				
1. Kondisyon jeneral		X		
2. Goutyè yo/tiyo pou dlo lapli desann		X		
3. Ekipman ki monte sou twati		X		
4. Estrikti		X		

OPÒTINITE POU KARYÈ

Enfòmasyon sou Pwogram Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo

Pwogram Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo se pwogram ki deziyen pou bay konesans ak ladrès ki nesesè pou bay pèfòmans nan lekòl yo ak nan depatman Lekòl Konte Broward yo. Pwogram yo egzije patisipan yo pou yo konnen fason pou itilize ekipman yo, netwaye yo kòrèkteman epi antreteni yon bilding sanitè epi sipèvize yon ekip. Pwogram sa yo, ansanm avèk lòt opòtinite pou devlopman pèsonèl, ap bay patisipan yo opòtinite pou aprann fason pou aplike pi bon pratik yo epi egzekite nouvo konesans sa a nan bilding yo. Pou moun ki gen dezi epi k ap chèche vin yon Asistan Alatèt oswa Alatèt FSP, Devlopman Talan ofri pwogram Pwofesyonèl la ak Pwogram Metriz la. **Ou dwe patisipe nan pwogram Pwofesyonèl la ak pwogram Metriz la ki endike anba a, anvan ou vin yon Asistan Alatèt oswa yon Alatèt Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo.**

Pwogram Pwofesyonèl pou Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo (FSP)

Konpetans komite dirijan ak sipèvizon se baz seri a, ki la pou prepare patisipan yo pou wòl Asistan Alatèt ak Alatèt Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo. Ladrès pratik ak teknik sekirite, preparasyon orè, ak jesyon estòk apwovizyonman endike ladan tou. Patisipasyon avèk siksè nan pwogram sa a obligatwa pou tout moun ki Alatèt Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo ak Asistan alatèt pèsonèl (HFSP) anvan yo jwenn nominasyon yo nan pozisyon yo.

Pwogram Metriz pou Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman (FSP)

Seri sa a deziyen pou prepare patisipan yo pou ranpli fonksyon yo kòm Alatèt Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo. Kou Metriz FSP gen ladan ladrès lidèchip avèk yon objektif sou analiz ak solisyon pwoblèm fonksyon administratif. Patisipasyon avèk siksè nan pwogram sa a obligatwa pou tout moun ki Alatèt Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo ak Asistan alatèt pèsonèl (HFSP) anvan yo jwenn nominasyon yo nan pozisyon yo.

FISN

Play
Play

Make Their Day

Be There

Choose Your Attitude

GID EID PWOGGRAM FSP DEBAZ

I. Gid Jeneral pou Sekirite

II. Konnen Gid ak Teknik Sekirite pou Leve Objè Lou

III. Sekirite nan Neschèl

- Fason pou mete nechèl yo anplas
- Nechèl yo ak elektrisite

IV. Kisa Prekosyon Inivèsèl ak CFR ye?

V. Gid konsènan ekipman yo

- Kisa pyès ekipman yo ye?

VI. Konsèy pou Netwayaj avèk Presyon

- Sa pou toujou fè ak sa pou pa janm fè

VII. Definisyon Chimik yo

- Konnen gid konsènan eliminasyon sibstans chimik

VIII. Twalèt Sal Vestyè/Klinik

- Sa gid yo ye
- Sa pou fè ak sa pou pa fè
- Definisyon yo

IX. Sa Retouch Planche avèk Lasi ye

- Sa pou fè ak sa pou pa Fè

X. Ki enpòtans deyò bilding yo?

Ki zòn deyò ou ta dwe tcheke yo?

XI. Konnen Règleman konsènan Gwo Poubèl yo

Tanpri Sonje: Gid etid sa a pa ranplase lekti manyèl(yo) ak / konesans / konpreyansyon materyèl la. Ou dwe toujou mete kantite tan ak efò ki nesesè l ap pran pou pase evalyasyon an. Se pa tout enfòmasyon ki endike nan gid etid sa a ki pral nan evalyasyon an.

GIDPOU ETID PWOGGRAM FSP DEBAZ (kontinye)

XII. Netwayaj Fenèt

Konnen Deyò

Konnen Andedan

XIII. Jesyon ak Gid pou Kontwòl Bèt Nuizib

XIV. Pwosedi pou Rapòtaj Mwazisi ak Imidite

XV. Definisyon Glosè

XVI. Sekirite nan Dife

Itilizasyon ak Kalite ekstenktè

Klasman konbistib

XVII. Fason ou netwaye kapèt yo

XVIII. Responsablitè Pèsonèl Sèvis Antretyen nan Bilding ak Ekipman yo

XIX. Dezenfektan

Lè pou dezenfekte

Fason pou dezenfekte

XX. Gid pou Netwayaj

Chak jou, chak semèn, chak mwa epi chak ane

XXI. Gid pou Netwayaj nan Salklas/Koulwa/Biwo

XXII. Videyo sou Pwason ak Prekosyon inivèsèl

Konprann konsèp yo

XXIII. Gid pou Operasyon Bilding

Tanpri Sonje: Gid etid sa a pa ranplase lekti manyèl(yo) ak / konesans / konpreyansyon materyèl la. Ou dwe toujou mete kantite tan ak efò ki nesesè l ap pran pou pase evalyasyon an. Se pa tout enfòmasyon ki endike nan gid etid sa a ki pral nan evalyasyon an.



Established 1915
BROWARD
County Public Schools

Konsèy Administrasyon Lekòl Konte Broward, Florida

Torey Alston, Chair Prezidan
Lori Alhadeff, Vis-prezidan

Daniel F. Foganholi
Debra Hixon
Sarah Leonardi
Ryan Reiter
Nora Rupert
Manuel A. Serrano
Kevin P. Tynan

Doktè Vickie L. Cartwright
Sipè- Entandan Lekòl yo

Konsèy Administrasyon Lekòl Konte Broward, Florid, entèdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulè po, andikap, idantite seksyèl, espresyon seksyèl, enfòmasyon jennetik, eta sivil, nasyonalite, ras, relijyon, sèks oswa oryantasyon seksyèl. Konsèy Eskolè a bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksè egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka rele Direktè, depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonatè Ekite Distri a/Kodonatè Title IX nan nimewo telefòn 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.

Dapre amannman lwa 2008 lwa anfavè Ameriken Andikape (ADAAA) moun andikape ki bezwen akomodasyon ka rele depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158.

www.browardschools.com

Dat manyèl la enprime 09/06/2022